Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ

## ХIАЖИ ХIАМЗАТОВАС
## ШАМИЛ ИМАМАСУЛ ЦIАР ЦIУНАНА



3/2021
май - июнь






АМИРХАНОВ
ХАБИБУЛЛА
ИБРАГИМОВИЧ
ХАШАЕВ
ХАДЖИ-МУРАД
ОМАРОВИЧ

# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературияб гун художествияб ва жамгIияб гун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана**
**1952 соналда**
**Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**3**

**2021**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул редактор** ХIамзат ГIизудинов

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ТубхIат Зургьалова,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ**

ХIажи ХIамзатовас Шамил имамасул цIар цIунана…...............................................3

**МАГIАРУЛАЛ ЛЪУГIАРАБ МАГIАРУЛ РОСУЛЪ ВУГО –**
**МАГIИЛ ЦIУН БУГО КЕРЕН**

**МухIамад АХIМАДОВ.** НакIкIил гъветI, кьуричIого, кьуртIа эхетун буго: кьер гьелъул хисуларо...........................................................................................… 4

**ГIЕЛМУ – ХАЗИНА**

**Мурад АХIМАДОВ.** ХIажи ХIамзатов – Кавказалъул тарихалъул бищун лъай бугев гIалимчи…...............................................................................................17

**РАКIАЛДЕЩВЕЯЗУЛ ЩЕНОН БАЛЕБ ЦIАД**

**КъурбангIали ПАТАХIОВ.** ПатахIов рекIелъгун хъвараб калима…....................23

**ЦIИЯБ ТIЕХЬ**

**Залму БАТИРОВА.** ТубхIат Зургьаловалъул «Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго» тIехь цIалун хадуса пикраби…...........................................................................26

**ПРОЗА**

**МахсутI ЗАЙНУЛГIАБИДОВ.** АхIмад *(къиса)*....................................................36

**КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ…**
**МАХIМУД-АПАНДИ МУХIАМАДОВАС – 70 СОН**

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.** ШагIирасул ракI бугеб къаламалъ хъвараб къиса….......76

**ХАРБАЛ**

**ХIайдар ХIАЖИЕВ.** ЖужахI. Гургурги тIанчIиги…..............................................89

**МухIамад МУХIАМАДОВ.** МацIалъ цIунула халкъалъул рухIияб бечелъи.......92


---


Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №3 2021 г.**
*май - июнь*
*На аварском языке*

Выход в свет 18.06. 2021 г.
Тираж 557 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 886 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

# Редакторасул калам

## ХIАЖИ ХIАМЗАТОВАС ШАМИЛ ИМАМАСУЛ ЦIАР ЦIУНАНА

***Исана 95 сон тIубана Россиялъул гIелмабазул академиялъул хIакъикъияв академик ХIажи ХIамзатов гьавуралдаса. Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIурматалда Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналда бугеб Федералияб цIех-рехазул централъул аслияб минаялда цебе рагьана ХIажи ХIамзатовасе гьабураб памятник.***



*ХIажи ХIамзатов вукIана унго-унгояв гIалимчи, гьесул тIахьаз Дагъистаналъул рухIияб рахъ цебетIеялъулъ кIудияб бутIа лъуна. БатIи-батIиял хIалтIабазда хIалтIана гьев ва щибаб жив хIалтIараб бакIалда цIилъи чIвазабуна. Гьев вукIана ДАССРалъул Совминалъул радиоялъул ва телевидениеялъул началихъияб комитеталъул нухмалъулевлъун, ДАССРалъул маданияталъул министрлъун, Россиялъул гIелмабазул академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул бетIерлъун, гьебго централъул мацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институталъул нухмалъулевлъун.*

*ХIажи ХIамзатовасул бетIерлъиялда гьоркь рахъана анцI-анцI словарал, гIелмиял тIахьал, цIунана гIемиял диссертациял, гIуна цIиял гIалимзаби. Гьес кIудияб хIалтIи гьабуна Дагъистаналъул халкъияв шагIир ЦIадаса ХIамзатил рухIияб ирс тартибалде ккезабизе ва къватIибе бахъизе, гьесул асаразул академикиял томал басмаялда рахъана.*

*Дагъистаналъул халкъияв шагIир, драматург ва прозаик ГIабасил МухIамадица абулаан авар мацIалъул бечелъи ва тIагIам лъазе ХIажи ХIамзатовас рахьдал мацIалда хъварал макъалаби ва гьесул таржамаби цIализе кколилан, хасго Юлиус Фучикил «Горбода кIичIгун хъвараб репортаж» ва цоги таржамаби.*

*ЦIакъго кIвар цIикIкIараб хIалтIи гьабуна ХIажи ХIамзатовас Шамил имамасул цIар цIуниялъе, Кавказалъул кIудияб рагъул хIакъикъат битIараб куцалда тарихияб гIелмуялда щула гьабиялъе. Гьесул жигаралдалъун 1989-абилеб соналда тIобитIана Шамил имамасул къеркьей миллияб эркенлъиялъе гIоло гьабураб ритIухъаб къеркьей букIанин чIезабураб кIудияб гIелмияб конференция. Гьеб тадбиралъул кIалъаялги рахъана хасаб тIехьалда ХIажи ХIамзатовас. Гьединго ХIамзатил ХIажияв вукIана Шамил имамас 200 сон тIубай Дагъистаналда тIадегIанаб даражаялда кIодо гьабиялъе хIаракат бахъаразул цебесеб кьерда. ЦIадаса ХIамзатил «Шамил» абураб поэма ва КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ хъварал асарал, хасал мажмугIал гьарун, къватIиреги рахъана академикас. ЦIадаса ХIамзатица гIарабалъ хъварал хъвай-хъвагIаязулги гьесул гIелмиял бахIсазулги бицунаан мунагьал чураяс.*

*ХIажи ХIамзатов щвана ЦIоралдеги. Гьес квербакъи гьабулаан началихъияб гIорхъиялъ рикьизарурал миллатцоязул ихтиярал ва мурадал цIунизе. ГIемерал ЦIоралъул магIарулазе Россиялде рачIине, Россиялъул паспортал щвезе кумек гьабуна гьес.*

*Аллагьас алжан насиб гьабеги ХIамзатил ХIажиясе. Гьесул гIумруялъул ва гIелмуялъул дарсаз даим кумек гьабизе буго дагъистаниязе ва Россиялъул тIолго гражданазе. ХIажи ХIамзатовасул цIар буго магIарул халкъалъул бищун тIадегIанал, цересел цIаразда гьоркьоб.*

# МагӀарулал лъугӀараб магӀарул росулъ вуго – магӀил цӀун буго керен

## НакӀкӀил гъветӀ, кьуричӀого, кьуртӀа эхетун буго: кьер гьелъул хисуларо



МухӀамад АХӀМАДОВ

### ЛЪАБГӀИН

*(магӀарул хокку)*

МоцӀ баккана… Гьелъ дида
МацӀ бихьизе гьабуна:
Рахьдал мацӀ кӀочонгейин.

* * *

Зобги гӀодобе бортун,
ГӀурдада руго цӀваби…
Балагье… Гьале Гъуниб.

* * *

МугӀрузул тӀогьиб – гӀазу,
ГӀодоблъи – гӀинтӀи тӀегьан…
БатӀияб бакӀ – Дагъистан.

* * *

ГӀазулъ тӀегьараб дерец
Дица кочӀое кьола,
Гьеб буго шигӀрудул рухӀ.

* * *

АхӀулеб кечӀ къотӀана,
Бакъан гӀенеккун чӀана…
ГьечӀилан ккана дунял.

* * *

МагӀарул ясиццухъа
Лъин гьекъолей йихьула…
Иццул талихӀ буго гьеб.

* * *

МаркӀачӀул сихӀкъотӀиялъ
Асир гьавун вуго дун, –
АскӀов щивниги гьечӀо.

* * *

ГӀадамаца рукъ буго
КъачӀан кагътил тӀугьдуца…
ТӀогьол цӀураб ихдада.

* * *

Хурив хIалтIун свакарав,
РагIдукь вегун вуго дун…
Дун – кивго магIарулав.

* * *

МагIу чвахулеб буго,
Черхалда гъаргъар бала…
Балагьалъ нилъ толаро.

* * *

Лъимерлъиялъул къватIал
Херлъуларо, холаро,
Росулъ чIаго рукIуна.

* * *

Ракьалда гъоркь кьижараз
Кьалбал щула гьарула…
Хабалаз кьола къуват.

* * *

Кини, мали ва зани,
Зикру, пикру ва назму, –
Гьале шагIирасул нух.

* * *

ЛъугIуларо къерханкъо,
КъотIулебго гьечIо цIад,
ЦIалтун биччун буго ракI.

* * *

ГIумруялъул магIарда
МагIарул тIугьдул руго, –
РечIаларо, холаро.

* * *

МагIарухъ магIарулал
ГIурус мацIалъ кIалъала, –
ЛъачIебани гIурус мацI.

* * *

ЧотIахъан чода рекIун
ВукIунаро кидаго, –
Хьвадулеб ракь кIочонге.

* * *

Балеб буго чвахунцIад,
Чвахулел руго иххал, –
ЦIодорлъи гьабе, иццал.

* * *

Булбул гIенеккун чIолеб
КечI ахIулев кочIохъан
ВахъинчIо дунялалда.

* * *

МугIрул дихъ ралагьула,
Гьудуласухъ кинигин, –
Кинилъун руго гьел дий.

* * *

Ракьалда гъоркь кьижарав
Инсул гьаракь рагIула:
– Дир вас, эбел ячIанин.

* * *

ГIагарлъиги дагьлъана,
Гьудулзабиги ана…
Анив дунго хутIана.

* * *

Инсуда хадуй ана
Эбел, рогьалилъ яхъун…
Нахъ тIокIай юссунаро.

* * *

РагIи хварав щинасул
ГIумруги цадахъ хола, –
Хвел гьечIолъи балагье.

* * *

МагIаруллъи хисана,
МагIарулал хисана, –
ХисичIо КьилимегIер.

* * *

Гьардухъанасул гьари
РагIуларев чиясда
Щибниги рагIуларо.

* * *

Хур бекьула, бухъула,
Бухъулаго чIарала, –
Гьебго жо буго гьунар.

* * *

Дунял тараб мехалда
Дунялалда хутIула
Хирияб нилъер ватIан.

* * *

КIиго дандерижилъун, –
ДандчIваларо магIарухъ
Нилъер билараб рокьи.

* * *

БетIералда хъахIаб рас,
РекIелъ гIолохъанаб их, –
Мехал къосунел руго.

* * *

Иццуда киданиги
ХьуцI къулчIизе кIоларо, –
Ицц хьуцIица къулчIула.

* * *

Гарица чIварал тIугьдуз
БутIрул рорхулел руго, –
Берцинлъиялъул хIикмат.

* * *

Цоцоязе талихIаб,
Цогидазе – тамихIаб
ХIикматлъун буго рокьи.

* * *

МагIарулал къарнабаз
Къулун рукIана гъастIе, –
ГъастIа гьанже цIа гьечIо.

* * *

Азбаралда чу гьечIев
Чи вукIинчIо магIарухъ, –
МагIардацин чу гьечIо.

* * *

Рахьдал мацIалъ мацIалда
ГьоцIо хъвала, дарулъун, –
Дун цохIо гьелъ сахлъула.

* * *

Корохъ бежараб чадил
МахI чIвалеб буго дида,
Росулъе вуссунелъул.

* * *

Къадруялда цIунула
ЦIудуца цIар… Хвелги дий
ЦIудул гIадаб бокьула.

* * *

Ролъул хурир хIалтIулел
ГIадамал рокьула дий, –
Ракь чедлъун гьабула гьез.

* * *

Абураб рагIиялъе
РагIизе кумек гьабе, –
КочIохъан, баче бакъан.

* * *

Гьаб дунялалъул боцIи
Дунялалда хутIула, –
Добе босулеб цIуне.

* * *

Бералда бихьулареб
Бихьизе ракI кьун буго, –
Гьелъухъ гIенеккизе лъай.

* * *

Бергьарасе къо кьолеб,
Къурасе сордо кьолеб
Кьун буго гьаб замана.

* * *

Берцинаб тIогьол гIумру
ГIурдада тIегьан буго, –
Амма цIакъ къокъаб буго.

* * *

**Нухде ялагьун хвана**
**Хирияй эбел росулъ, –**
**Вас сапаразда вуго.**

* * *

**МагIардаса магIарде**
**Роржунел руго цIумал, –**
**РагIадгицин къадруял.**

* * *

**Хасел щвана росулъе,**
**Росу тана хIанчIаца, –**
**ХIал хисичIо цIумазул.**

* * *

**Сухъмахъаз – бидурихьаз**
**Рихьула рухьун мугIрул, –**
**МугIрул – цадахъал вацал.**

* * *

**МугIрул тIогьазда гIазу**
**ГIадада гIодуларо, –**
**ГIодоблъи гIурччинлъана.**

* * *

**Эмен хун мех балелде,**
**Хадуй эбелги ана, –**
**Анив дунго хутIана.**

* * *

**ВатIаналъул гъансито,**
**Гъасда цIа, цIетIа лъун хьаг…**
**Огь, дир букIараб улка.**

* * *

**Росулъа шагьаралде**
**Щай арал магIарулал? –**
**МагIаруллъи билана…**

* * *

**Заманалъе сагIатги,**
**СагIтие заманаги, –**
**Заназе ургъел гьечIо.**

* * *

**Эбелалъул гьумерги**
**ВатIаналъул гьумерги¸–**
**Гьел дие цо рукIана.**

* * *

**Вуго гIурул рагIалда,**
**ГIор буго гIедегIунеб…**
**Дагьаб мех буго хутIун.**

* * *

**РитIухълъиялъе гIоло**
**ГIемерав вагъана дун…**
**Рагъда бергьине течIо.**

* * *

**МагIарулал лъугIараб**
**МагIарул росулъ вуго, –**
**МагIил цIун буго керен.**

* * *

**Лъола гIадан хваравго**
**ГIадамаца магIирукъ, –**
**Хвезе ругеблъи лъазе.**

* * *

**Гордухъ къалъун бакъ буго,**
**Рокъоб рогьел рещтIана, –**
**Рецц буго дуй, БетIергьан.**

* * *

**Берал рагьун рукIаго**
**БукIуна гIумру, дунял, –**
**Берал къанщидал, уна.**

* * *

**ЧIегIерал накIкIал руго,**
**РукIкIарал зобал руго, –**
**РоцIцIун балеб буго цIад.**

* * *

**Кверзул гIамал кидаго**
**Килщазда бараб буго:**
**Къараб яги рагьараб.**

* * *
**ШагIирасул рекIее**
**БукIинеб кинан хIалхьи? –**
**ХIалихьалъи хун гьечIо.**

* * *
**ГьитIинаб гIумру гьечIо,**
**КIудияб гIумру гьечIо, –**
**ГIумру – гьеб гIумру буго.**

* * *
**Ихдалил мацIалъ буго**
**Гаргадулеб сверухълъи, –**
**ЧIичIилел руго хIанчIи.**

* * *
**Квешаб ракIи ракIидал**
**ГIинкълъулеб буго лъикIлъи, –**
**Лъица гьеб сах гьабилеб?**

* * *
**Пашманго букIуна ракI**
**Рохалил къоялъгицин, –**
**ГIиллаби гIемер руго.**

* * *
**Зодоса рортун щварал**
**Кьер–кьерал цIваби гIадин**
**Руго ракьалда тIугьдул.**

* * *
**Огь, гIумруялъул гIицIлъи…**
**Дир хъахIаб бетIералда**
**Квер бахъизе чи гьечIо.**

* * *
**Рортун хванщинал тIанхал**
**ТIадруссина гъотIоде…**
**ГъветI чIагого букIаго.**

* * *
**Хъамал ах гьабулезда**
**Ахикь вугев хъаравул…**
**ХъантIарав вугин ккола.**

* * *
**Сапараздаса вуссун**
**Духъ валагьун вуго дун, –**
**Дунял – дир КьилимегIер.**

* * *
**ЦIунцIраялъ хадуб цIалеб**
**Харил сум буго мисал…**
**Сабругун къуваталъул.**

* * *
**Гьулак гьелчолеб буго,**
**КьилимагIарде буссун…**
**Росулъ тана лъимерлъи.**

* * *
**Маргьу бицунеб гьечIо**
**Гьанже хасалил гъастIа, –**
**Гъаримго буго рокъоб.**

* * *
**ТIугьдул батIи-батIиял**
**Кьерал ругел кьун руго, –**
**Миллатал тIугьдул руго.**

* * *
**Ургъун бицунелъеги**
**Борцун къотIулелъеги**
**ГьечIо хутIулеб заман.**

* * *
**ХIанчIица хIинчI ахIула**
**ХIикматаб гьаркьидалъун,**
**Лъай гьеб рокьул кечI букIин.**

* * *
**Нухлулав… Гьеб ракIи дир**
**ГIумрулъун лъугьун буго…**
**Кидаго нухда вуго.**

* * *
**Палестина. Аль-Акса**
**Каранда хутIана дир…**
**Гьениб как балев вуго.**

* * *

**НакIкIил гъветI, кьуричIого,**
**КьуртIа эхетун буго:**
**Кьер гьелъул хисуларо.**

* * *

**Хасел анилан абун,**
**Хасал бакъналги рачун,**
**РачIунел руго хIанчIи.**

* * *

**Сахал ва сахаватал**
**РачIуна гьаб ракьалде…**
**Унтула, къарумлъула.**

* * *

**ШагIирас, херлъанагIан,**
**ГIолохъанаб кечI хъвала…**
**КочIое херлъи гьечIо.**

* * *

**Рокьуда нух къосани,**
**Къосуна тIолго гIумру, –**
**ГIумру рокьилъун гьабе!**

* * *

**Гьудул цадахъ вугони,**
**РекIее хIалхьи буго,**
**Валагье дуца гьудул.**

* * *

**Бортун унеб цIвайица**
**ЦIар жакъа лъил ахIараб? –**
**Ирга буго щивасул.**

* * *

**Къункъарабазул сас буго,**
**Салам кьун, тIадруссунел…**
**Сапаралда сваканин.**

* * *

**Эбел хвараб мехалда**
**Хвана тIолабго дунял, –**
**Дун тIуван бесдаллъана.**

* * *

**Дир цо балъголъи буго,**
**Лъиданиги лъалареб, –**
**Лъала гьеб дир кочIода.**

* * *

**Маххул лъугьуна чаран,**
**Чаран батула маххлъун, –**
**Мехал гьезда релълъуна.**

* * *

**ГIемераб лъананиги,**
**Лъана щибго лъачIеблъи, –**
**Гьеле чиясул къисмат.**

* * *

**Бечелъи бикьулаго**
**Кьалда руго гIадамал, –**
**ГIакълу къваригIун гьечIо.**

* * *

**ЖагьиллъиГи жахIдаги**
**ЖужахI буго чиясе, –**
**Чиярав лъугьуна гьев.**

* * *

**Рахьдал мацIалъулъ бугеб**
**РекIел мацI лъазе ккола, –**
**Мун шагIирлъун ватани.**

* * *

**Аллагьас кьезе бугеб**
**Буго нилъер бечелъи, –**
**Кьураб хехго кIочона.**

* * *

**ЛъугIизе хIадураб халкъ,**
**Хвезе къачIараб ватIан, –**
**БетIергьан, щиб гьабилеб?**

## ЛАХІЗАТАЛ ПИКРАБИ

### РУКЪАЛЪУЛ КЕЧІ

Йокьулей йикІана, рекІел кечІ гІадай,
ГІумруялъул чІчІвабзаз бакъан бачуней:
ЧІужулъун лъугьана… Гьанже гьей дие
Рукъалъул кечІ йиго, лъимал цІунулей.

### ГІАГАРАБ РАКЬ

Кинаб гІажаиблъи? ГІумру анагІан
ГІагараб ракьалде гІагарлъула нилъ.
Гьеб макьилъ бихьула, рокьулъ хутІула,
Ракьалде унеб бакІ рекІеда лъала.

### ШАГІИРЗАБИ

Дие батІи–батІиял шагІирзаби рокьана,
Ракьалъул нухазда гьел дида цадахъ рукІана.
Дунго цохІо вахъунев вуго дун гьанже нухде,
Вокьизе шагІир гьечІо, сапаралъе чи гьечІо.

### ГЬЕРСИХЪАБИ

Гьерсихъабазда аскІоб ана тІолабго гІумру,
ГІемерал гьурал пуна гьурмадегун каранде.
Гьанже дица дидего гІайиб гьабулеб буго:
Гьерсихъабахъ гІенеккун, гІемераб гьоркьоб анин.

### ДУГІА

Бакъ баккулелъулги, тІерхьунелъулги,
ТІаде вахъун, дица дугІа гьабула:
Дуе даимаб рецц, БетІергьан Аллагь,
Гьаб дунял бижарав, гІалам гІуцІарав.

Дие гьаб ракьалда гІумру кьун буго,
Вокьулев БетІергьан, Дуй рецц гьабизе.

### ХЕРАВ ЧИ

Рокъове вачІунев херав чи гІадин,
Дун дирго росулъе вуссунев вуго.
Салам буссинабун, мугІрул кьурабаз
Кьолеб буго суал: – Мун щай кватІарав?

ТIадеги жубала: – Мун кив кватIарав?
Киназго гьикъула: – Мун кин кватIарав? –
Кинан жаваб кьелеб гьел суалазе? –
Росулъе вуссунев вуго херав чи.

## УЛКАЯЛЪУЛ ГIАДАМАЛ

Дир улкаялда ругел улкаялъул гIадамал,
Унго, кидал лъугIилеб ургъун гьабулеб квешлъи?
Учузаб гIумруялъул учучу гьабулаго,
Унел–рачIунел руго улкаялда тIадчагIи.

## АХIУЛГОХI

Цо Дагъистан буго, цо ватIан буго,
БатIияб ватIан дий хIажат букIинчIо.
Уна АхIулгохIтIе, хIежалде гIадин,
ХIежалдаса гIадин, тIадги вуссуна.

## ГЬАБИ

КIиго гьве багъула, рагъда гIадинан,
ГIадамаз гьусула, цоцалъ речIчIула…
Гьаби гIадин руго гьанже гIадамал,
ГIаданлъиги лъугIун, цоцаца чIвалел.

## БАРАКАТ

Хадуб бекерулеб баракатги тун,
Баракат гьечIолъи щайзе босулеб?
Сухъмахъ бокьила дий даим бацIцIадаб,
ЦIогьабаз гьабураб шагьраялдаса.

## БАКЪУЛ ЧIОР

Бакъул чIор киданиги бакъудаса тIоларо,
ВатIан – нилъер бакъ буго, нилъ гьелъул чIорал руго.

## БАГЬА

Инсанас цIакъ учузго
Живго вичулеб мехалъ,
Хал гьабун вуго Аллагь:

– Балагье гIадамасухъ,
Дие цIакъго хирияв,
Жиндиего учузав.

## ИЛБИСАЛ

Гъудуллъиялъ цIунараб
БукIана нилъер гIумру,
ГIемерал гIасрабаца
Цадахъ рукIана ракIал,

Гьанже Дагъистаналда
Рагъарана илбисал,
Жидерго миллат лъачIел,
Цоги миллат какулел.

## РЕКІЕЛ ГЪУДУЛ

Бечедаб мехалда
Мискинго вугев,
Мискинаб мехалда
Бечедго вугев
Бичасул лагъ вуго
Дир рекIел гьудул.

Вакъараб мехалда
ГIорцIун вукIунев,
ГIорцIараб мехалда
Вакъун вукIунев,
РекIел гьудул вуго
Аллагьасул лагъ.

## ГІАДАМАЛ – ИЦЦАЛ

Ракьалда гъоркь кьижараб
Иццул гьаракь рагIулел
ГIадамал рукIунаан
НекIо магIарул росулъ.
ГIинги ракьалда чIван, гьез
Абулаан: – Бухъейин,

Бугин гьаниб иццилан.
Абухъе батулаан.
Батарасул цIар кьурал
Иццал руго ракьалда, –
Жалго гIадамал руго
Гьанир иццаллъун лъугьун.

## КЪАЛАМ

Щиб хъвазе бугебали
Лъалареб къалам буго,
Къисматалъ, щавкъги цIехон,
ШагIирасухъе кьолеб.

Къалмил къадру букIуна,
ШагIирас кодоб ккведал,
ХIурупазда рухIги гьун,
ЯхIги цIарги цIунидал.

## ГЬАРДУХЪАН

КъотIнов вугев гьардухъан
Дихъ валагьун чIун вуго.
Дида гьесул бакIалда
Дунго вихьулев вуго.

Щибниги божи гьечIо
Гьаб нилъер дунялалда,
Божи цого-цо буго
Цо вугев Аллагьасде.

## ТІАРИКЪАТ

ТIарикъаталъул тIалаб –
ТIадабищ муридасул:
Устарасул рекIеде
БукIуна бухьун пикру:

БецIаб рохьосан уна
Устарасул канлъигун,
ГьебгIан камилаб канлъи
Кибго данде чIваларо.

## САЛАМ

Квералъ квер бачиндал,
БачIуна хинлъи,
Хинаб салам кьола
Рокьулелщиназ.

Унго саламалъул
Бугеб берцинлъи…
Саламлъун букIана
Дий магIарул мацI.

## ДУНЯЛАЛЪУЛ РУКЪ

ЯхI бугесе къваридаб,
Къадарасе гIатIидаб,
Дунялалъул рокъор нилъ
Нилъго цохIо хутIула.

Нилъецаго кинабго
Диван гьабулеб мехалъ,
Ахиратги кIочон тун,
Дунял ххалел ратула.

## БИДУРИХЬАЛ

НакIкIукь тIерхьун вуго
НакIкIил рокъов дун, –
Рихьуларо гъутIби,
Батуларо нух.
Нухлул бидурихьлъун
Бугеб сухъмахъалъ
Вачунев вуго дун
Инсул росулъе.

Гьединан букIана
ТIолго гIумруялъ,
НакIкIукь тIерхьун – ватIан,
ТIа-тIала ккун – халкъ.
Черхалъул сухъмахъаз –
Бидурихьаца
Вухьана кидаго
Дагъистаналде.

## ДУГIА

Дагъистан, рогьалилъ берал рагьидал,
Дуе дугIа гьабун, боржуна рагIи.
БетIергьанасухъе гьеб гIедегIуна
ГIумруялъул гьаракь чIаго гьабизе,
Гьаб дуниялалда Дагъистаналъе
Даимаб дугIадул мугIрул хутIизе.

## МУГIРУЗУЛ КАК

МугIруз как ахIулеб рагIула дида:
Цадахъаб как балел ругин ккола гьел.

## РОКЬУЛ КЕЧI

Кьурулъан бахъараб чармил сухъмахъ ккун,
Чанахъан кинигин, чанги вахана.
Вохана, виххана, амма хIинкъичIо,
ХIикматаб дир ватIан букIана сверухъ.

Салам, магІарулал, гІагарал мугІрул,
МагІарул мацІалъул ватІан – мугІрул ракь,
Рокьул кечІ нужее ахІизе гІоло
Дун вахунев вуго борхалъиялде.

## МАГІАРУЛ БАКЪАН

Дир магІарул бакъан, мунгун вуго дун,
Дунялалъул рокъов дунго хутІидал.
ХутІараб кинабго гьадингояб жо,
Жаниб каранда дур кечІ рагІарабго.

## ХОЛЕБ УЛКА

Жидерго гурого ургъел гьечІеца
ЧІвалеб буго ватІан, миллат ва дир халкъ.
Холеб буго улка, хадур гІодизе
ГІадамал хутІичІеб гьелда гурхІула.

## КЬВАГЬИ

Дун ина, эркенаб чодаги рекІун,
КІудияб балъголъи рекІедаги лъан,
Болъода лъалхъила, МахІмуд гІадинан,
МагІарухъ бахъина нахъеги кьвагьи.

## ТІОХАЛ

Михирги тІад бачун, ритІизарурал
ВатІаналъул тІогьал – магІарул тІохал
ТІамула нуж цере… Цебе гІадинаб
ГІумруялъухъ урхъун хъвалеб буго кечІ.

ГьечІо нуж… ТІохдаса тІохдеги кІанцІун,
РукІунаан лъимал, росу сверулел.
ТІохда михир гьечІо, маххул дугъ буго,
Дир лъимерлъиялъул лъалкІ билун буго.

## ВАТІАНАЛДАСА АРАВ

ВатІаналдаса арав
ВатІаналде вуссана,
Свараб гъастІа цІа бакун,
ЦІидасан гІодов чІана…
ГІодана гъанситоги
Гъасде вуссарав чиги.

## САБАБ

**Кьижун гьечIо мугIрул ракь,**
**МугIрул руго къалъ-къалъун…**
**КъватIиса вуссунаго,**
**Валагьун вуго росдахъ.**

**Гьонода росулъ бугеб**
**Сардил сихIкъотIиялъул**
**Сабабги бан, вуго дун**
**Дунялалда сверулев.**

## АЛЛАГЬАСУЛ ЛАХIЗАТАЛ

**Рии рекIелъ кIалъала:**
**– Лъадада цIер чIваларин,**
**ЦIороберал ран, лъарал**
**Ралагьула хасало.**

**Аллагьасул лахIзатал**
**Рикьун руго ракьалда,**
**Дуда дунял бичIчIизе,**
**Дунялалда мун лъазе.**

## КИНИДАХЪ КЕЧI

**Кинидахъ ахIараб эбелалъул кечI –**
**МагIарул мацIалъул зикру букIана,**
**Гьеб нилъеда кIочон тараб мехалда,**
**Рохелги лъугIана, халкъги билана.**

## ГIОМО

**ЛъугIун унеб буго гIумруялъул нух,**
**Эхеде бахиндал, гIодой бортулеб.**
**Тараб нухда буго соназул гIомо,**
**ГIадамаз бичизе кочIоца тараб.**

## КЬО

**РекIелъа рекIелъе рокьул кьо бугин,**
**БукIана некIсияб аби магIарухъ.**
**Рахьдал мацI лъаларел лъимал гIуралго,**
**ГIуруца гIодоре хъамуна кьоял;**
**Кьолеб гьечIо жаваб къояз къоязе,**
**Кьолеб гьечIо жаваб ракIаз ракIазе.**

## ГIИНТIИ

**ВатIаналъул кьалбазда**
**КьуртIа тIегьарал тIугьдул,**
**Кьер берцинал чирахъал**
**Ракун руго нужеца.**
**Розабазул гьайбатлъи**

**Гьаб ракьалда лъикI лъала,**
**Гьезул гьуинал махIаз**
**ХIикмат гьабула дунял.**
**…Дие гIинтIи бокьула,**
**ГIалахалда бижараб,**

**Дие гӀадан вокьула,**
**МугӀрул ракьалда гӀурав.**
**Гьезуль буго батӀияб**

**ВатӀаналъул балъголъи,**
**БетӀергьанас кьун буго,**
**КьуртӀа тӀегь гӀадаб, дунял.**

## ГЬУДУЛ ХВЕДАЛ

**Дун, гьудулги вукъун,**
**Рокъой вуссана,**
**Къваридго буго ракӀ,**
**БакӀлъун буго ракь,**
**Ракьул гьуниялда**
**Гъоркь кьижун тарав**
**Гьесул пикрабаца**
**Унтана керен.**

**Щайзе хвезе кколев**
**Хирияв гьудул,**
**Нилъго хвезе рукӀин**
**РакӀалде щвезе?**
**Гьесде тӀаде хъвараб**
**ВатӀаналъул ракь**
**Нилъедеги хъвазе**
**Бугеблъи лъазе.**

## ХӀИНЧӀ

**ХӀинчӀ билараб хӀанчӀил**
**ХӀикматаб гӀоди,**
**Дида рокьул кечӀлъун**
**Буго рагӀулеб.**
**ХӀинчӀ билараб хӀанчӀил**
**ЧӀалгӀараб гьаракь,**
**Рокьи батиларин,**
**Буго угьдулеб.**

**Дирги гӀумру ана**
**ГӀемерал соназ**
**Гьебго хӀинкъиялда,**
**ХӀанчӀил гӀадинан.**
**…ГӀодоса зодове**
**Валагьун вуго,**
**Бихьула боржунеб**
**ХӀинчӀ билараб хӀинчӀ.**

*2021 сон, апрель-май.*



## ХIАЖИ ХIАМЗАТОВ – КАВКАЗАЛЪУЛ ТАРИХАЛЪУЛ БИЩУН ЛЪАЙ БУГЕВ ГIАЛИМЧИ

ХIажи ХIамзатов ккола, цохIого-цо Дагъистаналда гуревги, тIолабго Кавказалдаго бищун лъай бугев гIалимчи, Россиялъул филологиял гIелмабазул Академиялъул хIакъикъияв член. ЦохIо Дагъистан гуребги, Россияго чIухIараб буго нилъер ракьалда гьединав, лъай цIикIкIарав, вас вижиялдаса. Щивав, магIарул мацI лъикI лъалев магIарулав бахиллъизе бегьилаан гьес рахьдал мацI бицунеб букIараб берцингоги бацIцIадгоги. ХIатта, гIурус мацIалдагицин гьев кIалъалаан бацIцIадаб гIурус мацIги бицун, кинабгIаги магIарул мацIалъул лугъат гъорлъ гьечIого.

ХIажи ккола ЦIадаса ХIамзатил хъизаналъул эбел-эмен чIухIизе бегьулев цогиги вас.

ХIажи ХIамзатов гьавуна 1926-абилеб соналъул 5 маялда Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ магIарулазул цIар рагIарав шагIир ЦIадаса ХIамзатил хъизаналда. ГьитIинаб къоялдаса нахъего гьесда сверухъ рукIана тIахьал…тIахьал. Дагъистаналъул литература цIакъ лъикI лъалев, тIадеги гIараб мацIги лъалев эменги, дунялалдаго цIар рагIарав шагIир, кIудияв вац Расулги – гьединал гьунар тIокIал эменги вацги аскIор ругев ХIажи, узухъда, хутIичIо гьездаса ватIа тIун, гьесдеги щвана гьеб «унти» - магIарул мацIги, магIарул тIахьалги, магIарул культураги, гIакъилав инсул гIумруялъул философиялдехун бугеб балагьиги.

Доб заманалда ЦIадаса ХIамзатихъе гьоболлъухъ щолаан батIи-батIиял, машгьурал гIадамал. Гьел киналго хIайранлъун хутIулаан гIакъилав шагIирасухъ гIенеккун. ГIадада гуро Н.Тихоновас абураб ХIамзат вугин магIарулазул бищун кIудияв гIакъилчиян.

Лъимерлъудасаго байбихьана ХIажица инсуе жиндаса бажарараб кумек гьабизе, хIатта, гьев вукIана инсул секретарлъунцин.

ХI.ХIамзатовас лъугIизабуна доб мехалда С.Стальскиялъул цIаралда букIараб Педагогикияб институт (гьанже гьеб ккола ДГУ). Жиндирго гIумруялъул битIараб нух балагьулаго, ХIажи, цин мединституталда цIалана, цинги ДГУялъул физико-математическияб факультеталда цIалана. Цо заманаялъ гьев хIалтIана корректорлъун, литературияв хIалтIухъанлъун республикаялъулаб «МагIарул большевик» газеталда. Москваялда тIадегIанаб партийнияб школаги лъугIизабун, ХIамзатов хIалтIулев вукIана республикаялъулаб «БагIараб байрахъ» газеталъул редакторасул заместителлъун, телестудиялъул директорлъун, телевидениялъул, радиовещаниялъул директорлъун; вукIана Дагъистаналъул культураялъул Министрлъун.

1972-абилеб соналдаса 2005-абилеб соналде щвезегIан ХI.ХIамзатов хIалтIана, гьанже ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб, ДНЦ РАНалъул директорлъун.

1998-абилеб соналъ гьев лъугьана Россиялъул ГӀелмияб Академиялъул советниклъун, 2006-абилеб соналдайин абуни, гьев тасдикъ гьавуна гьеб Академиялъул геӀлмияв руководителлъун.

Россиялъул ГӀелмабазул Академиялъул академик, филологиял гӀелмабазул доктор, профессор ХӀ.ХӀамзатов вукӀана СССРалъул Хъвадарухъабазул союзалъул членлъунги¸ СССРалъул Журналистазул союзалъул членлъунги, Россиялъул машгьурал гӀадамазда гьоркьовги, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Правлениялъул членлъунги.

ХӀ.ХӀамзатовас хъвалаан магӀарул мацӀалдаги гӀурус мацӀалдаги.

Гьесул творческияб биография байбихьана ХХ-абилеб гӀасруялъул 40-абилел соназда. Гьел соназда басмаялда рахъана гьесул тӀоцересел макъалаби, очеркал, рецензиял. Гьесул 5 томалдалъун данде гьарурал тӀахьал руго батӀи-батӀиял жанразул асарал рахъарал.

ХӀ.ХӀамзатов ккола 250-ялдасаги цӀикӀкӀун гӀелмиял хӀалтӀабазул авторлъун: тарихалъулги, адабияталъулги, фольклоралъулги, искусствоялъулги, маданияталъулги, мацӀазулги, востоковедениялъулги хӀакъалъулъ хъварал. Гьел руссинарун руго къватӀисел пачалихъазул мацӀаздеги. Гьездасан бищун кӀвар бугелллъун ккола «ЦӀ.ХӀамзатги, гьесул гӀумруги, творчествоги» (1973с.), «Инкъилаб бергьиналда цебе букӀараб Дагъистаналъул адабият» (1978с.), «ТӀаде гӀолеб гӀелалъе Дагъистаналъул литератураялъул, адабияталъул ва маданияталъул дарсал», «Дагъистаналъул тарих» (1990с.).

Берлиналда немцазул мацӀалда къватӀире биччана ХӀ.ХӀамзатовас данде гьарурал «Дагъистаналъул халкъиял маргьаби» (1983, 1986 с.).

ХӀ.ХӀамзатовасул хӀаракаталдалъун ахӀун рукӀана гӀемерисел халкъазда гьоркьосел конференцияби. Гьел конференциябазда бицунеб букӀана тарихалъулги, маданияталъулги, политикаялъулги хӀакъалъулъ. ХӀадурулел рукӀана къватӀисел пачалихъазул гӀалимзабазулгун цадахъал проектал. Гьев живгоги докладалгун щвечӀеб пачалихъ хутӀун батиларо: Германия, Франция, Англия, Австрия, Венгрия, Турция, Сирия, Япония, Китай, Америка, Швеция, Индия ва гь.ц.

ХӀ.ХӀамзатов вукӀана цӀакъго къиматал маданияталъул памятниказул Россиялъул Президентасулаб советалъул экспертлъун; гьев вукӀана ЮНЕСКОялъул ишазул Россиялъул рахъалъ комиссиялъул членлъун; гьев вукӀана литературиял отделазул ва мацӀазул ГӀелмияб советалъул членлъун; тӀабигӀияб бечелъиги маданиятги цӀунулев Кавказалъул советалъул рахъалъан Востоковедениялъул Ассоциациялъул президиумалъул членлъун; хадув, 1996-1999-абилел соназда, гьев лъугьана гьеб Ассоциациялъул президентлъунги.

Жеги ХӀ.ХӀамзатов вукӀана «Известия РАН. Серия литературы и языка» журналалъул ва «Известия Северо-Кавказского научного центра высшей школы» журналалъул редколлегиялъул членлъунги; хӀалтӀана «Вестник ДНЦ РАН» журналалъул редакторлъун.

ХӀажи ХӀамзатович ХӀамзатов ккола Дагъистаналъул МустахӀикъав гӀелмияв хӀалтӀухъан (1974с) ва Россиялъул МустахӀикъав гӀелмияв хӀалтӀухъан (1993с).

Гьесие щварал тӀадегӀанал шапакъатазда гьоркьор рикӀкӀине бегьула: «За доблестный труд в ВОВ 1941-1945» медаль (1946с.), «За трудовую

доблесть» медаль (1968с.), «Знак Почета» орден (1971с.), орден Дружбы народов (1981с.), орден Трудового Красного Знамени (1986с.)

ХIажи ХIамзатов ккола цохIого-цо вугев Кавказалъулги Дагъистаналъулги адабияталъул гIалимчи, Россиялъул ГIелмияб Академиялъул хIакъикъияв член (2000с.) Гьесул гIелмиял хIалтIабазе кIудияб къимат кьуна, Россиялда гуребги, къватIисел пачалихъаздаги.

2008-абилеб соналъ басмаялда рахъарал гьесул аналитикиял макъалабазе тIадегIанаб къимат кьуна академик А.П.Деревяненкоца: «ХI.ХIамзатовасул цIар – бищун лъайбугезда ва цIар машгьуразда гьоркьоб хутIила Россиялъул тарихалдаги тIолабго дунялалъул тарихалдаги».

ХI.ХIамзатов ГIелмабазул Академиялъул Олимпалде вахиналъе гIилла букIана: тIолабго гIумруялъго, гIемерав ургъун, гIемерав цIалдон, гIемерав хIалтIун ккараб хIасил, бугеб рухIги жанги кьун, ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIи.

ХХ-абилеб гIасруялда лъалаго деретIуна Кавказалъулги Дагъистаналъулги хъвадарухъабазулги, тарихчагIазулги, маданияталъулги хIалтIухъабазул хIалтIул хIасилал. Гьел киналго рахъазда гьунар-лъай бугев критиклъун лъугьана ХI.ХIамзатов.

Россиялъул ГIелмабазул Академиялда ХIажи ХIамзатович ХIамзатов вукIана бищун машгьуразда ва цIар рагIаразда гьоркьов.

ХIажи ХIамзатовасул макъалаби цIалулаго тамашалъула, хIайранлъула, рохула, гьесул бугеб гIакълуги, лъайги, гьунарги, гIураб ракьалъул тарихги, маданиятги, адабиятги гьесда лъалеб бугеб мухIкангоги, рагIа-ракьанде щунги бихьун. Гьесул гIелмиял хIалтIабалъ гьечIо цониги гъалатI, гьереси, батIи-батIиял миллатаз гIумру гьабулеб Дагъистаналда гьес цоял кIодо, цогидал гIодорегIан гьарун гьечIо. Гьесда щибаб миллаталъул гIадамазулъ батун буго жиде-жидер гьунарги, жиде-жидер тарихги, такрарлъи гьечIеб гугьарги.

ХI.ХIамзатовасе рекIее гIолел рукIинчIо гIагараб ракьалъул маданияталдеги, тарихалдеги, адабияталдеги тIаса-масаго ралагьулел чагIи, гьес гьединал авторал, цIоб тун, къватIир чIвазарулел рукIана.

XVII, XVIII, XIX-абилел гIасрабазда Дагъистаналда рукIана гIакъилал, гьунар бугел гIалимзаби, шагIирал, философал: ГIободаса ШагIбан, Къудукьа МухIамад, ГIаймакиса Абубакар, Кудалиса ХIасан-афанди, МохIоса Дамадан, Инхоса ГIалихIажи, Ярагъиса МухIамад, Хунзахъа Дибиркъади, Ахтыялдаса МирзагIали, ХIасан Алкъадари ва гIемерал цогидалги.

ХIажи ХIамзатовас лъазаруна гьел цере рукIарал машгьурал гIадамал тIаде гIолеб гIелалда, – кинаб гIумру гьезул букIарабалиги, кинал къварилъаби гьез хIехьаралалиги.

ХI.ХIамзатов вукIана Дагъистаналъул гьунар тIокIал классиказул цIарал халкъалда лъазе гьарураздасан цояв: ГIумарил Батырайил, Ирчи Гъазахъил, Етим Эминил, ЧIанкIал, ХъахIабросулъа МахIмудил, ЦIадаса ХIамзатил, Сулейман Стальскиясул ва гь.ц.

ХХ-абилеб гIасруялъул байбихьуда Дагъистаналъул Инкъилаб бергьиналда цебе букIараб адабият букIана бекьичIого тараб хур гIадин, къваригIун букIана рагIа-ракьанде щун гьеб рагьизе, къачIазе ва халкъалъухъе гьеб щвезабизе – гьеб тIаде босана ва магIнаялде ккезабуна ХI.ХIамзатовас.

Дагъистаналъул адабияталъулъ буго тIолабго Востокалъулги, Западалъулги, Азиялъулги, Европаялъулги тарихалъулги заманаялъулги хаслъи. Гьелъ жанибе бачуна дунялалъулго адабияталъул кинабго лъикIабщинаб. Гьел нилъер классиказул асаразулъ бугеб гIакъиллъиги, гьунарги, гьезулъ ругел тIаде гIолеб гIелалъе гIакълу щвеялъе, гьел кантIиялъе мисалалги, щвалде щун рагьун, цIалдолезухъе щвезаруна XI.XIамзатовас.

Дагъистаналъул гIалимчиясда бажарана, сундего жаниве ваккун, цIалун, тIад гIемерав ургъун, хIалтIун, рагIа-ракьанде щун рагьизе нилъер гIемермиллатазулаб адабиятги, маданиятги, нилъер бечедаб тарихги, тарихалъулъ жинди-жиндир заманалда гIахьаллъи гьабурал гIадамазул образалги.

XX-абилеб гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда XI.XIамзатовасда бажарана Дагъистаналъул адабияталъулги, маданияталъулги, тарихалъулги хIакъикъатги, хIасилги, захIматги тIолго дунялалъулаб борхалъиялде бахинабизе, рагIизабизе, бичIчIизабизе. Гьеб гьедин гьабулаго гьес кьураб къуват-жанги, бихьараб захIматги нилъеда жеги нахъе-нахъеги бичIчIила, лъала. ГьабсагIат нилъеда цебе чIараб масъалаги, нилъеда тIадаб ишги буго гьелъул бичIчIи кьезе, тIаде гIолеб гIелалда гьеб лъазабизе.

Жинцаго гьабулеб хIалтIулъги, хIалбихьиязулъги, хъвалел гIелмиял хIалтIабазулъги Дагъистаналъул тарихалъулъги XI.XIамзатовасул букIана жиндирго нух, жиндирго къагIидаби, лъидасаго босичIеб, лъидаго релълъинчIеб жиндирго бербалагьи, жиндирго пикраби ва хIасилал.

XIажи XIамзатов гIелмуялъул нухде лъугьана жиндиего бокьун, кIудияб гьираялда, жиндирго кIудиял анищалгун, шавкъгун. ТIаде босараб кIудияб налъи гьес тIубазабуна тIокIаб гьечIебгIан тIадегIанаб даражаялда. Гьеб нилъеда лъалеб буго, бихьулеб буго. Гьесде абизе бегьула Дагъистаналъул адабияталъул, маданияталъул, тарихалъул Колумбилан. Гьес щулияб кьучI лъуна XXI-абилеб гIасруялъул гIелмуялъеги гьеб жеги гIеме-гIемерал гIасрабазе хутIиялъеги.

Филологиялдехун бухьен бугел пикраби гьесухъе рачIана гIолохъанаб мехалъго, цIар рагIарав инсул секретарлъун хIалтIулаго. Эмен хведал гьес жиндего тIаде босана инсул творчество, букIине кколеб даражаялда, гьеб лъазабизе, гIемерав цIалдана, щибниги гьоркьоб биччачIого, мухIканго цIалана инсул киналго асарал, хадувги живго вукIана гьев инсул магIарул мацIалдаги гIурус мацIалдаги басмаялда рахъулел асаразул редакторлъун.

Араб гIасруялъул 60-70-абилел соназда XIажи XIамзатовас республикаялъулал ва централиял газетал-журналазда гIемерал макъалаби хъвана Дагъистаналъул адабиятги маданиятги цебетIезабизабиялъул хIакъалъулъ. КьучIдасанго байбихьараб гьесул гIелмиябгун культурияб лъаялъ, гьесул гьоркьоса къотIичIеб хIалтIиялъ гьев вахинавуна бищунго тIадегIанаб гIелмуялъул тIогьиве, гьесда бахиллъана, гьесдаса чIухIана, гьесдаса мисал босана гьесул гIадаб нух тIаса бищараз.

Бищун кIвар бугеб лъугьа-бахъин ккана кIиго гIасруялъул гIорхъода, 2000-абилеб соналъ – XIажи XIамзатович вищана Россиялъул ГIелмабазул Академиялъул хIакъикъияв членлъун.

XI.XIамзатовасул цIар машгьурлъана гIелмуялда хурхун гьабураб цIакъго кIудияб хIалтIиялъги, тIаде гIолеб гIелалъе гьес кьураб тарбиялдалъунги.

РекIелъ жахIда-хъублъи гьечIев, ракIги намусги бацIцIадав инсан хIисабалдаги, гьесул ишаздаса, гIелмуялдаса мисал босулеб буго, цохIо Дагъистаналъул, Кавказалъул, Россиялъул гIалимзабаз гуребги, тIолабго дунялалъулго тарихчагIазги гIалимзабазги. Гьесул хIалтIабазда тIасан доклад гьабизе цере рахъунел гIалимзабаз абуна: «Кавказ цебетIеялъе кIудияб бутIа лъуна ХI.ХIамзатовасул адабияталъул школалъ» - илан.

ХI.ХIамзатовасул хIалтIиялъе кIудияб къимат кьолеб буго жидерго кагътазда академик Е.П.Челышевас ва гьединго Ю.Л.Воротниковас: «Нижеда цIакъ лъикI лъала ва тIадегIанаб къимат кьола ХI.ХI.ХIамзатовасе – гьев ккола тIадегIанаб даражаялъул, дунялалдаго цIар рагIарав гIалимчи, гьес жиндирго тIолабго гIумруги, жанги, цо къатIра течIого, кьуна гIелмуялъе, жиндирго ватIаналъе, гьелъул адабияталъе, фольклоралъе».

ХI.ХIамзатовас ДНЦ РАНалъе нухмалъи гьабулеб заманалда гIуцIун рукIана кIиго батIияб мацIалъул словарал: дагъистаниябгун-гIурус ва гIурусгун-дагъистанияб, нормативияб грамматикаялъул 20-гIанасеб тIехь; этнографиябгун-тарихалъул – 20 тIехь; «Дагъистаналъул хъвай-хъвагIаязул памятникал» - кIиго бутIаялъул тIахьал, магIарул ва гIурус мацIазда. Гьелъ киналъго лъуна щулияб кьучI Дагъистаналъулги Кавказалъулги тарих цIунизе, тIаде гIолеб гIелалъухъе гьеб кьезе. Лондоналъул Королевствоялъул Ассоциациялъул  член Роберт Ченсинерица, ХI.ХIамзатовасе тIадегIанаб къиматги кьолаго, гьесухъе хъвалеб букIана: «Нужер институталъ гьабулеб кIвар бугеб иш, къватIире риччалел ругел  пайдаял тIахьал – гьеб данде кквезе бегьула Оксфордалда бугеб Св.Антонил Колледжалде ва цогидалги халкъазда гьоркьосел Академиялъулал институтазде».

ХI.ХIамзатов вукIана, цIар рагIарав гIалимчи гуревги, гьунар тIокIав, бажари цIикIкIарав нухмалъулевги. Гьес щибаб иш гьабулаан гIедегIичIого, гIодове виччан, киналго рахъазда тIад ургъун, цIадирабазда лъун. Жеги гIолохъанав гьев 60-абилел соназда вукIана Дагътелерадиоялъул директорлъун. Гьенир гьесда дандчIвалел рукIарал киналниги захIмалъабазухъ балагьичIого, гьесда бажарулеб букIана букIине кколеб къагIидаялъ хIалтIи нухда бачине, кIвар бугел суалал рагIалде рахъинаризе. Щиб идараялда нухмалъулевлъун вукIаниги, тIоцебесеб иргаялда гьев ургъулев вукIана цогидазда, гьезул гIумру лъикIлъизабиялда тIад, кидаго гIедегIулев вукIана кумек хIажатасе кумекалъе.

Цо-цоязда, балагьараб мехалъ, ракIалде кколеб букIун батила ХI.ХIамзатовасе, жиндаго кIалгьикъичIого, къобихьичIого щолеб бугин бокьарабщинабилан: хъулухъги, шапакъаталги, машгьурлъиги. Амма гьесул бищун гIагаразда лъалебги бихьулебги букIана кин гьев къасиги къадги тIадчIун хIалтIулев вукIаравали, кинаб захIмат бихьун гьесда батулеб букIараб битIараб нух, битIараб хIукму, гьев къуркьулев вукIинчIо киналгIаги къварилъабазе.

Киназдаго гуро лъалеб ХIажи ХIамзатовичасул квербакъиялдалъун рарал рукIин Дагъистаналда культураялъул кIалгIаби, идараби, МахIачхъалаялъул телецентр, Дом радио, мугIрузул районазда радиостанцияби. ХIамзатовас квербакъи гьабун рагьана республикаялда библиотекаби, музыкалиял школал, училищаби, ГIурус драмтеатр, Республикаялъулаб Миллияб библиотека, рана МахIач Дахадаевасеги Уллубий Буйнакскиясеги памятникал ва гIемераб цогидабги.

КIудияв гIалимчи, жамгIияв хIаракатчи, гIадатияв, ракIбацIцIадав инсан ХIажи ХIамзатович ХIамзатовасул халкъалъ гьабулеб адаб-хIурматги гIорхъи гьечIеб букIана. БукIине кколеб, мустахIикъаб къимат кьуна гьесие цIарал машгьуразги гIадатияб халкъалъги. БичIчIана кигIан кIудиябги кIвар бугебги ишалъе гьес жиндирго гIумру кьурабали.

ХI.ХIамзатов вукIана Россиялъул ГIелмабазул Академиялъул член, Петровскиясул ГIелмабазул ва Искусствоялъул Академиялъул член, Адыгеялъул ГIелмабазул Академиялъул член, халкъазда гьоркьосеб ГIелмабазул Америкаялда бугеб Академиялъул хIурматияв членги.

2010-абилеб соналда гьев вищана Гуржиязул Миллияб ГIелмабазул Академиялъул членлъун. ХI.ХIамзатов ккола Литературияб Академиялъул премиялъул лауреат, Дагъистаналъул Пачалихъалъулаб премиялъул лауреат, Гуржиязул С.С.Чикобил цIаралда бугеб ГIелмабазул Академиялъул премиялъул лауреат. Гьесие щвана Венгриялъул ГIелмабазул Академиялъул мемориалияб медаль. ХI.ХIамзатов мустахIикълъана, ТIолгодунялалъул Литературияб институталъ 100 сон тIубаялда бан, гIарцул медалалъе ва гь.ц. гIемерал шапакъатазе. Гуманитарияб гIелму цебетIезабуралъухъ гьев мустахIикълъана тIадегIанаб шапакъаталъе – «За заслуги перед Отечеством» III ва IV даражаялъул орденазе.

Диеги, дун гурел цогидал дагъистаниязеги ХI.ХIамзатович вукIана лъикIав гьалмагълъун, яхI-намус цIикIкIарав магIарулавлъун, цIар рагIарав гIелмияв хIалтIухъанлъун, Дагъистаналъул маданият цебетIеялъе кутакаб жигар бахъарав гIаданлъун.

ХI.ХIамзатов хвана 2011-абилеб соналъул 6 октябралда. Гьеб къоялъ абадиялъего къотIана Дагъистаналъул машгьурав гIалимчиясул рекIел кIутIи. Гъваридаб, кIочонареб лъалкI тана гьес нилъер ракIазулъ. ГIалимчи гуревги, гьев вукIана гIажаибав инсанги: гIакъилав, гIодове виччарав, ургъун гурони, рагIи абуларев. Гьесдаса босулеб букIана сундулъго мисал гьесда сверухъ рукIаразги тIаде гIолеб гIелалъги, гьес абураб гьабулеб букIана, гьесухъ гIенеккулел рукIана. Гьев вукIана чарамул кьуру гIадав, кинабго рахъалъ божи гьабизе бегьулев инсан.

ХI.ХIамзатовасда юбилейги баркулаго, Россиялъул президент В.Путиница абуна: «ГIемеррахъазулаб гIелмияб, творческияб, нухмалъулесулаб ишалъ дуе щвана, Россиялда гуребги, гьеб бахун къватIибги кIодолъиги, цадахъ хIалтIулезул ракI-ракIалъулаб адаб-хIурматги. ГIемермиллатазулаб Дагъистаналъул культура цебетIеялъеги, литература цебетIеялъеги, мацI цебетIеялъеги дуца гьабураб хIалтIиялъги кьураб захIматалъги кьуна цIакъ кIудиял хIасилал».

Нилъ чIухIарал руго нилъер ракьцоясдаса. Гьесдаса чIухIизе руго нилъер лъималги тIолабго Дагъистаналъул халкъги.

*Мурад АХIМАДОВ.*

*Буссинабуна ПатIимат ГIабдурахIмановалъ.*



**КъурбангIали
ПАТАХIОВ**

## ПАТАХIОВ РЕКIЕЛЪГУН ХЪВАРАБ КАЛИМА

**Дунялалъул къоял къокъидго тарав,
Къалам бегIерилан гIеккола керен.
ГIамалги рекъарав, къартIги бергьарав,
Къойил цеве чIола дида МухIамад.**

**Алжаналъул каву квералъ рагьаяв,
Киридай батичIищ гьабурабщинаб?
Гьалмагълъи хирияв, хабар гьуинав,
Хвалил кьогIлъи дуе бигьа гьабичIищ?**

**Доб дунивалалда данде гьавеяв,
Дур ургъалабазул гъонолъ вуго дун.
Мун цевеса араб секунд гьечIого,
Сардал-къоял къокъун къварид вуго дун.**

**Пирдавус алжан щун, вохун ватаяв,
Халалъула сордо дур пикрабаца.
Сапар халатав мун цевеги тIамун,
ТIуркIун ворчIула дун макьилъгицини.**

**Дургун классцоял, цадахъ цIаларал,
Цо-цоял къокъанин къокъидго энир.
Хочбаргиму Юсуп, СайидмухIамад,
Шамалайгун цадахъ рачIинчIищ духъе?**

**Нужер классалъул щуго-анлъгояв,
Щведал къадаралде къокъидасанго.
Къудратав Аллагьас ахираталда
Алжан насибаллъун гьарун ратайги.**

Нужей дарсал кьурал мугӀалимзабаз
МагӀу бацӀцӀунаго цӀарал рехсолин,
ЦӀалул церехъаби, заман щвелалде,
Щай гӀедегӀаралан гӀодун риччалин.

Сивухъ микьго класс – киналъего кьучӀ,
Кьураб дуй тарбия инсул росулъго.
Аниб щвараб лъайги кьочӀое босун,
КьуричӀого арав мун Хъаладухъе.

Эниб районалда интернаталда
Тарал дуца лъалкӀал лъикӀго рихьулел,
Энисан – Культ-просвет, МахӀачил хъала,
Камилал щуйилал щварал сундуйго.

Болъодул хӀокӀазул хӀалалги рихьун,
ХӀинкъичӀого арав мун Москваялде.
Литинститутлда щуябго соналъ
Щулияб лъай босун вуссарав нахъе.

Дур лъаялда рекъон къиматги гьабун,
Къайицадахъазул цеве ккурав мун.
Цадахъ хӀалтӀулезул кумекалдалъун
Кинабго гӀуцӀизе гӀураб дур махщел.

Дур мисал босарал васазгин ясаз
Союзалъул къимат къойил гьабила,
Къойил мунгун цадахъ хъвадаралазги
Хъварал асаразул адаб цӀунила.

Дуй щварал хӀасилал хӀалалал ругин,
ХӀалхьиялда кьижа ракьул чохьонив,
ХӀалалаб гурелде квер бегьичӀев мун,
Кири гӀемераб щун, вохун ватайги.

БухӀараб магӀу тӀун, ниж гӀодунилан,
ГӀамал берцин тӀокӀав нахъ вуссинаро,
Нахъе вуссин гьечӀеб сапаралъ арас
Союзалъул нуцӀил кверкъел кквеларо.

Дуца нуцӀа къараб кабинеталъуб
Киридай гьурщайги гьабурабщинаб.
Мунги ракӀалде щун, цӀар рехсаралги
ЦӀоб гӀатӀидав Бичас кӀодо гьареги.

Дур хасият лъалез херхарал мухъал
Хвел гьечIел рукIина абадиялъго.
Дуца хIадурарал хIакъал рагIаби,
ХIакълъунго, хутIила халкъалда гьоркьор.

Дур «Сабру» поэма сабаблъун чIела
Сабру гIоларезе гIадахъ босизе.
ГIакъилаб каламалъ кумек гьабурал
Кидалго хутIила дудаса рохун.

Аллагьасул хъваял хъвагIан кIвеларо,
Хъван вукIун вуго мун къокъидго ине.
Къадар – Аллагьасул, алхIамдулиллагь,
Алжан насиблъаги ПатахIовасе.

Гьаб назму цIаларал, цIар дур рехсарал
ЦIоб гIатIидав Бичас кIодо гьареги,
КIудияб росулъе къокъидго арал
Къудратав Аллагьас рохизареги.

МухIамадил эмен КъурбангIалица
Къалмиде росарал асарал ругин,
Аллагь БетIергьанас нилъер калима
Кири гьарзаяблъун гьабун батайги.

Аллагьума амин, хирияв Аллагь,
Хирияблъун гьабе гьаб нижер дугIа!
ДугIадулъ нуж рехсон, салам битIулев
Дунги КъурбангIали Сивухъ росулъа.

## ТУБХIАТ ЗУРГЪАЛОВАЛЪУЛ «ДУН АХIУЛГОХIАЛДЕ АХIУЛЕЙ ЙИГО» ТIЕХЬ ЦIАЛУН ХАДУСА ПИКРАБИ

Гьале дида цебе ТубхIатил жеги типографиялъул релъадул махI нахъе инчIеб цIияб тIехь «Дун АхIулгохIалде ахIулей йиго». ТIехьалда руго цере дида лъалел рукIаралги, тIаде цIиял хъваралги асарал. Хъвадарухъабазул асараздасан хъварал макъалабиги, цо-цоязул хIакъалъулъ ракIалдещвеялги, цIиял поэмабиги.

ТубхIат гьунар бугей шагIир хIисабалда, церего кучIдул хъвалел рукIаниги, унго-унголъун загьирлъана «Эбелалъухъ чIвараб чIегIераб дир кIаз» – абураб тIехь къватIибе бачIараб мехалъ. Гьелдаса нахъе сонал ана, дагьабги камиллъана гьелъул махщел. Гьаб жакъа дида цебе бугеб тIехьалъ гьелъие нугIлъи гьабулеб буго.

ТIехьалъул аслияб тема ккола – гIагараб ватIан, Дагъистан ва гьелъул халкъ. Гьеб тема байбихьулеб буго «МагIарулал» абураб кечIалдасан. Гьеб цIалараб мехалъ бичIчIулеб буго магIарулазул образ гIатIидго рагьизехьин букIин, «АхIулгохIда мачуяз цIар хъварай магIарулалъул» гIатIидго бицинехьин букIин.

**Чвантинибе чIерги бан,**
**ЧIелаан АхIулгохIда**
**АхIичIого щваразда**
**Дирги гамачI речIчIизе.**

**АнцIила микьабго мугь**
**МоцIалъ дие гIуниги,**
**Миллат чIаго хутIизе**
**ЧIер щивгундай кванала?**

**Камилаб тарихалъул**
**Халкъ лъавуде бачIине,**
**Гъазаваталъ щив ахIун,**
**АхIулгохIде яхиней?**

РекIел унтиялдаса байбихьулеб буго тIехь, бихьинал намуслъулеб суалги гьезие кьолаго. Гьединал суалал гIицIаб бакIалда рижуларо, ракI унтараб мехалъ гурони, къватIиреги рачIунаро. Дагьабниги пикру гьабулев чиясда гьеб суал жиндие кьолеб бугилан ккезе ккола ва гIенеккизе ккола рекIел хIалалъухъ – гIеладай жакъа жиндир бажари миллат хвасар гьабизе гъазаваталъ вахъине? Рагъ гьечIо. Сундасаха миллат хвасар гьабизе кколеб? ЧIорол мугьалги кун гьабулеб гIумру гьечIо – щайха гьеб хвасарлъиялде ккун бугеб? Гьеб хвасарлъиялде ккун буго, гIадамазулъ хIалихьалъи, хъантIи, жахIта, ришватчилъи гIемерлъун букIиналъ, яц-вацасдаса боцIи хиралъун букIиналъ, гIадамасе къимат чвантихъ балагьун, чинахъ балагьун кьолеб букIиналъ. Вижараб ракьги, мацIги, гIадаталги, адаб-хIурматги кIочон толеб букIиналъ. Цо-цо дагъал чагIи кигIан цIакъ ахIдолел рукIаниги, гьеб хвасар гьабизе рес бугел чиназ гьабулеб гьечIеб хIалтIи бихьараб мехалъ, рихxулел росабиги, рехун тараб мегъги, ракъварал ахалги рихьараб мехалъ… Къунел

иццазухъ берал гІодулеб мехальги бачІеб ахІи кидал балеб? ТІехьалъул автор АхІулгохІде яхуней йиго, гІадамазулъ щолел гьечІел суалазе жавабал, кидаялиго цере бидуца релъарал гамчІазда, биялъ буцараб ракьалда цІехезе. ТІокІаб рес гьечІо, гьелде ккун буго жакъа.

Гьел, ракІ унтун тІехьалъул байбихьуда лъолел ругел суалал гІадинан руго хадур ругел асаралги. Гьел руго гІумруялъ бихьарабщиналъ пикру кІудияб гІезе гьабурай шагІиралъул асарал, гьелъул ахІи балеб гьаракь.

ТубхІат йиго советияб школалда лъайги тарбияги щварай, хадуб ДГУялда гьеб камил гьабурай, лъикІал къиматаздалъун цІалун яхъарай гІадан. Доб мехалъ щолеб лъай букІана кьучІаб. Гьелъ лъугІичІо литературияб институт, гьеб лъугІизе кколаро кучІдул хъвазе ккани. Я МахІмудил, я ХІамзатил гьеб лъугІун букІинчІо, Пушкин гьенив цІаличІо, кочІол гьунар буго Аллагьас кьолеб гьунар, гьелъул камиллъи буго тІадчІун гьелъул гІелму лъазабиялъулъ. Гьеб лъугІарал поэтазул цо хаслъи буго, гьезда лъала гІурус хъвадарухъаби, цадахъ цІалулел рукІараз таржамабазе ва цоги–цогидалги рахъазе кумек гьабула. КІудиял поэтазул семиназул дарсал щола. Гьебги кІудияб лъикІлъи буго. Амма ТубхІат лъаялъул рахъалъ гьеб лъугІараздасаги нахъе кколаро, гьелда литература лъала, чІванкъотІун къимат кьун бажарула. Лъай щвеялъул иш бараб буго щивав чиясда, гьесул цІалиялда, жиндаго тІад хІалтІиялда. Поэтазул хадусеб гІелалда гьоркьор чанги гІолохъаби цІалана гьеб институталда, амма унго-унголъун гьениб лъай щваразда гьоркьов дида цохІо М.АхІмадов рехсезе кІола. Гьунаралда аскІоб лъайги къваригІуна. Тарих лъалеб гьечІони, халкъалъул бахІарчилъиялъул бицун бажаруларо. ТубхІатица лъазабун буго тарих. Гьей щун йиго Генуса Шамилил гІагарав чиясул музеялде. Гьение дун цо чанго соналъ цее щун йикІана, урхъун йикІана гьев чияс бакІарараб материал бихьараб мехалъ. Шамилил хІакъалъулъ Американалда хъварабгицин материл бугоан гьесул гьениб. Ругоха нилъер гьединал къанагІатал, гІадатиял, ахІи-хІур гьечІого миллаталъул милат гьабулел, тарих бакІарулел гІадамал. Гьезие баркала. Гьел гьечІони, бачІунеб гІелалъе цІализе асарал тун бажариларо.

БачІинахъе чІванкъотІараб, пикруялъулаб чвахи кьураб тІехьалда хадусел асаралги руго суалазул цІурал. «Алда лъолеб цІар щиб, цІаларал чагІи» – абураб кечІ халалъун букІаниги, цо-цо пикраби такрарлъулел рукІаниги, балагь халкъалде щвейгун, байрамлъун гьеб лъугьарал политиказда гьелъ цІехолеб буго «нужго кинал жанаваралилан». Гьанже гІадинаб чорокаб, кІалалъ цо бицунеб, ракІалъ цоги гьабулеб, гІорцІулареб, хьантІараб, гІадамасул лъикІал рахъазул къимат гьечІеб замана киданиги букІун батиларо – гьеб кинабго бичІчІарай чара къосарай шагІир «Рахъа, тІаде гъазизаби!» – ян ахІтІелеб даражаялде ккун йиго. Нужецаго хІисаб гьабе гьаб батІияб заманаялъул поэтазулгицин батІалъи бихьизе. Цоял руго къанщун гьелъухъги балагьун, рокьул кучІдул хъвалел, цоял руго ракІ унтун гІумруялъул ургъалица.

Халкъалъул гІарац кун гІорцІичІел, хІукуматалъул чвантиниса кверал нахъе росичІел чиновниказда ТубхІатица гьикъулеб буго: «Нужер цІарал-хъулхъазе хъат сундухъ чІвазе кколеб?» – илан. Дие рокьула поэзиялъулъ хІинкъичІого кьолел суалал, намус борчІизабизе бахъулеб жигар. Умумуздагицин гІагараб мацІ кІочон тей берцин бихьарал гІолохъабазда шагІиралъ цІехолеб буго «ВатІан гьечІеб наслу кибедай ккела?» – ян.

Умумуца кинабго наслабазе цIунана, гьеб тушбабазе кьечIо, амма умумуз хазина гIадин жидехъе кьураб ватIан гьелъул агъаз гьечIезухъе «маян кьурал кьурул рагIалде – щун руго».

ТубхIатица гIемерал соназ редакторлъи гьабуна чанги тIахьазе, гьелъул хъатикьан ана ЧIикIаса КIудиясул (гьесул баракат жиндие щваяй) тIахьал. Гьединаб хIалтIиялъ кочIое кьолеб заман дагь гьабуниги, гьелъ кьолеб баракатги, пайдаги гIемерлъана. КIудиясул щибаб рагIул пикру гьаби букIана гьелъие гIумруялъул дарслъун.

**АскIовгоги вукIун, кIалъалев гIадин,**
**РагIула дур калам тIаде къулидал,**
**Къваридаб магIуялъ рахчаралгицин**
**КIалъала дур мухъал: воре сабруян.**

КIудиясул асараз асар гьабун букIин бихьулеб буго «ЗанатIа зиярат» абулеб кочIолъги:

**Гьамида тIинкIараб магIил горолъун**
**Гурдил квенчIелалде бортана дунял,**
**Бортун бахъиналде тIагIараб гьелъул**
**Ахиралъ кьун тана ахирисеб дарс.**

**Даимаб ахират кинабдай щвела,**
**ШапагIат лъил щундай дун хвасарлъила,**
**Аман-мададилан дун гьардолелъул**
**Дир кинаб гIамалдай хIалай батила?**

ГIатIидго рагьун буго чIужугIаданалъул – эбелалъул образ. Унтиялъги, ургъелалъги, рокьиялъги гъварид гьабун буго гьеб. Жегиги гIолохъанай, гIумру, гъорлъе ккун, жеги лъикIго бичIчIичIей шагIир ТубхIат эбелалъул хвелалъ кIудияй гIезаюна. «Ахирияб ахх» буго унго-унголъун ракI унтун, рекIел хIал цIалулесда кодобе кьолаго, хъвараб кечI. Гьениб буго рокьиги, хIеренлъиги, хинлъиги, цо дагьабго хьулги.

**Балагье, рогьалил хъахIлъи рехана,**
**Дур гIанаби жакъа багIарлъун руго.**
**Бергьана гурищха нилъ унтудаса, –**
**Дур хъизан къедасан гьимулеб буго…**

Эбелалда лъалеб буго жий рагIалде щун йигеблъи, гьелъ ТубхIат егизаюлей йиго, гьелъие бокьун гьечIо ясалда жиндирго рухI бахъулеб бихьизе, гьей хIинкъизе, хIинкъун, гьелъул ракI кьватIизе. Эбелалъ яс кьижизаюлей йиго. Цоцазул тIалаб гьабулеб, рес къотIараб, ахирияб лахIзат.

**Эбел йигеб мехалъ макьу хирияб**
**Доб рогьалилъ гIадин дун кьижун ккечIо.**

Бачана холей йигей эбелалъ хирияй ясалъе ахирияб ахх. Гъаб буго гIаданлъиялъул, рокьиялъул, берцинлъиялъул борхалъи махщалида ТубхIатица рагьараб рухIияб борхалъи.

**Дие ахх бачунел багIарал кIутIби**
**ХъахIиллъулел руго дир эбелалъул,**
**Дун каранде къарал хинал квеpазда**
**Квач хурхунеб буго дир эбелалъул.**

Гъаб кочIолъ буго гIумру. Гьелъул байбихьиги, гьоркьохъеб заманги, ахирги махщалида авторалъ рагьараб.

Цинги… цинги захIматаб, зоб-ракь гIодулеб рекIел хIал. ТIокIав рокъов чи гьечIеб сардилъ хварай эбелалда тIаде къуларай ясалъул хIал. Ахирияб заманаялда гIемерал руго кучIдул эбелалде хъварал, амма гьел данде ккезе кIоларо гьеб асаралде. ТубхIатида рагьизе кIун буго захIматаб рекIел хIал. Гьеб загьир гьабизе кIун буго кIудияб махщалида.

РекIехъ гIенеккун хъварал кучIдул гIадамазе рокьула, гьел ратIа рахъизе лъала. Гьезулъ рекъон букIуна хIеренлъиги гъварилъиги, гьел берцин гьарун рукIуна гIакъиллъиялъ. Гьедин хъварал руго ТубхIатил гIемерисел кучIдулги. Мунагьал чураяв Расулица абулаан кучIдузулъ гьерсал рицине бегьуларилан, гьеб цIодорав цIалдохъанасда цIакъ хекко бичIчIулилан. РакI-ракIалъ хъварал кучIдузулъ цIалдолесда батула цо жиндирго рекIее захIмалъараб жо, жиндаго лъиего рагьизе кIвечIого, рекIелъ хIехьон бугеб жо, бикьизе чи щвечIеб жиндирго ургъел, жиндирго рекIел магIу. Асаразулъ цIалдолез поэтасул рекIел хIал гуро балагьулеб, балагьула жиндирго хIал. Цо-цо кучIдул, рекIелъ бугеб боркьараб хIалалъ, хIалуциналъ дагьал халалъун рукIаниги, пикру гьабун тIад гIадан ургъизе тIамулел лъугьун руго.

Дица ТубхIат битIккарал поэтазда гьоркьой рехсоларо. Поэтессабазул нилъер ФазугIан битIккарай чIужугIадан–хъвадарухъан йикIинчIо. Гьелъул талихI букIана гIадамасулги поэзиялъулги къимат бугеб мехалъ йижи, хъвадаризе рес щолеб хIалтIи букIин, хъвараб жоялъул къимат гьабулел гIадамазда гьоркьой яти, жиндилъго, букъун заргун, гьикъун кIалгун цее ине бажари букIин. ЛъикIаб гонорар, лъикIаб харж доб заманаялъ щолеб букIин¸ гьебги аслияб жо букIана хъизан хьихьизе. Жакъа поэтазе 4 соналдасан цо тIехь бахъаниги, цо–кIиго моцIалъе кваназе, хъизан хьихьизе гIураб жо щоларо. Гьез гIемераб заман кьезе ккола цоги батIияб хIалтIиялъе. ТубхIат кколаро дое кIанцIун, гьание йортун цIар балагьулей гIадан. Гьелъул гьечIо гIурус мацIалде руссинарурал асарал. Гьелда жиндаго кIола бокьани лъикIал «подстрочникал» гьаризе, гьечIо гьелъул батIиял мацIазде буссинабураб щуго-анлъго кечI, амма гьей лъала ва йокьула жиндирго миллаталъе.

Гьаб тIехьалда ТубхIатил цониги кIарчамаб кечI гьечIо. Гьей, гьаб тIехь хъвалаго, кутакалда жание гIенеккун йиго. ТIолабго тIехь буго, жинда лъураб цIаралда рекъараб, ватIан бокьиялъе кьураб. Гьениб бугеб, батIияб темаялъул цого-цо, жиндирго адрес бугев чиясде – росасде хъвараб кочIолъ, цо мачIаб, тIокIаб, цIекIаб рагIи абичIого, бихьизабизе кIун буго жиндирго рокьи. Гьаб тIехьалда бугеб гуреб, цо кечI буго ТубхIатил, цIакъ

дие бокьулеб. Гьеб буго урхъарав, сапаразда вукIунев рос рокъове вуссине кватIидал, шагIиралъ хъвараб. Гьелда, жиндиего хасиятаб махсаро хIалае ккун, ТубхIатица абулеб буго: рос тIаса вищизе изну букIарабани, жиндица мискинав Малла Насрудинго тIаса вищилаанила. Кивего инчIого велъавохун гьевгун, хIамагун жийги рокъой йикIинаанила, росасда хадуй кидаго рахIатхун йикIинегIан. Гьеб буго, рокьул бицинчIого, рагьизе кIвараб рокьи.

Гьебго «ГьацIул иццал» тIехьалдаса «ГьоцIо тIураб иццул лъим» – абураб кечIги буго росасе хъвараб. Гьенирги ратуларо цIекIал, мачIал рагIаби:

**Чакаргун чед гIадинаб**
**Дир умумузул рокьи,**
**Ракьагун гьан угьдулеб**
**Доб заманалъул гIищкъу!**

**ВачIинарищ, дир гьудул,**
**Гьамидаса гIебеде,**
**ГIедерав чотIахъанас**
**Меседол лъим гьекъезе?**

**ГIолилас гьекъолелъул,**
**ГьоцIо гIадаб иццул лъим…**
**Гьесул квералъ борхидал**
**Хадуб гIодараб гIеретI…**

**Абиларищ, гIащикъав,**
**Щиб иццухъ йикIарайин,**
**Унго, гьенибе гьоцIо**
**Лъицадай тIурабилан?**

– гьале доб унго-унгояб поэзия.

Рокьул кучIдузулъ ТубхIатида берцинго кIола жиндирго рекIел дуниял рагьизе. Гьелъ балъго гьабуларо пашманлъи, разигьечIолъи, ургъелал. Гьелъие цIакъ бокьулеб образ буго маржаназул образ.

**Сардил маргьабазул маржаналги ран,**
**СихIкъотIидул къвалакь гъапуллъун йиго,**
**Лъицаго рагьичIеб нуцIаги рахан,**
**РекIел сариназухъ гIин тIамун йиго.**

**ЦIорорал, цIорорал пикрабазул цIад**
**ЦIорол гордуялда кIетIолеб буго,**
**Гъваридаб, гъваридаб дир рекIел тIинде**
**РикIкIалъарав дур цIар бортулеб буго.**

Гьаб микьабго мухъалъулъ ТубхIатида дандекквеязул, метафоразул, эпитетазул кумекалдалъун гIемераб жо рагьизе кIун буго. Нилъеда цее йиго жийго тун батIияв чияс нуцIа рагьизе изну кьечIей магIарул яс, гьей лъихъниги ялагьун чIун гьечIо, гьелъ нуцIа рахан буго. Амма рекIел асарал, пикраби цIорол гордуялда кIетIолел руго, жеги нуцIа рагьун вачIинчIев чиясе цIарги рекIел тIинда «кечIлъун» квалквалеб буго. Гьеб буго берцинаб романтика, гьитIинай мугIрул гIолилалъул пикрабалъ балъго рещтIун бугеб анищ. Гьединал берцинал мухъал «ГьацIул иццал» абураб тIехьалда чанги данде чIвала.

РекIее асар гьабула «Мун тIокIав ватиялъ…» – абураб цоги гьитIинаб кечIалъ. Цониги рокьул кучIдузулъ данде чIвачIеб «тIил» буго гьениб:

**Я, гьудул, гьабищ доб гIищкъудул гIамал,**
**ГIакъилай дидацин дунял кIочараб?**
**Рокьул тIегьгун цадахъ тIил букIиналъдай,**
**Дур квераз гурони, кверде йосичIей?**

Рокьул бицунагоги, захIматаб гIумру бихьизабизе бажарана ТубхIатихъа. Гьаб кечI букIине ккола 90-абилел соназ хъвараб кечI. КочIол буго микьго мухъ. Ахирисеб кIиго мухъ:

**МоцIрое дий щолеб чакрил талонлъун**
**Тун вуго дица мун, – гьебги хIехьела.**

ТубхIатил лирикаялъулъ загьирлъула ракIалдаго гьечIел жал, дандекквеял, кепал махсараби, антитезаби:

**Абизе бокьун буго дуда вокьуларилан,**
**Амма ракIалъ ахIула: гьереси бицунгейин.**
**Гьаризе бокьун буго дир нухда ватугейин,**
**Амма берал кIалъала: ниж кIочон тогейилан.**

Гьаб буго берцинаб поэзия, кочIохъаналъ рарал соналцин, рехсечIого, рихьизаризе кIолел, гIолохъанго хъварал, ракIбацIцIадал.

Кивего инчIого хирияв рос аскIов вукIин кинай чIужугIаданалъеха бокьилареб. Цо-цо махсара гьоркьоб гьечIони, гьей ТубхIат гуро. КигIан рукъ бикьун гIумру гьабизе кканиги, шагIир талихIай йиго. Цо–цо лахIзатал руго гьелъул гьеб талихIалда божуларелги.

**…Маржаназул цIаллъун лъугьараб гIумру**
**Цин цIадлъун, цин бакълъун дийги букIана.**

**…ГIагараб росуги, росасул ракьги**
**Дир кваркьаби рукIин гьезда лъаладай?**
**Дун юссараб мехалъ гьел рохулелдай?**
**Дун тIойитIулелъул пашманлъуладай?**

**…Дур бадире гурони, дир берал ралагьичIо,**
**Дур каранде гурони, бетIерги дир бортичIо.**

ТIехьалда руго цо-цо нилъерго руччабазде – Фазуде, ХIапизатиде (м.ч.), МухIу ГIалиевасде, тарихчи ГIалибегиде ва гь.ц. хъварал кучIдул. Диегицин бакI щун буго гьеб тIехьалда.

Модаялде бачIун буго 3-4 чIужу ячин. Гьелъие шаргIалъ нух кьун бугилан. Росасе инкар гьечIей, инкар гьабуниги, гьес бокьараб гьабичIого толареблъи лъалей лъадуца (нилъераз гьелда цIехолеб батани) гьелъие изну кьолеб батила, амма гьезда лъадул рекIел магIу я бихьулеб, я бичIчIулеб батиларо. РекIелъ бахчун букIунеб бухъардулеб рокьукълъи лъалеб батиларо.

«ФатIиматил квер» абураб кочIолъ чIужугIаданалъул гьеб хIал цIакъ берцинго загьир гьабун буго. ГIали-асхIабас хIеренго гьикъулеб буго лъади ФатIиматида, гъазаватазда россал чIван хутIарал гIемерал къоролзаби ругила, гьезда ракI гурхIулеб бугила, бегьиларищила жиндие дуде тIаде чIужу ячине. Иман камилай Аварагасул ясалъ инкар гьабулеб гьечIо,

амма цIетIа гьалделеб бахъухъ багъарулеб букIараб цIулал гъуд хьагинибе бортулеб буго, бахъухъги, бухIицин лъачIого, квералъ багъарулеб буго.

**Гьалдолеб бугеб бахъухъ**
**Багъарулеб цIулал гъуд,**
**Бортун, гьелде гъорлъе ккей**
**ЛъачIо гьелъул килщазда…**

**…Бихьана гьеб ГIалида –**
**Гьей хирияй росасда,**
**РекIелъе щун бичIчIана**
**Щиб хIал бугеб лъадуда…**

**Жавабалъул бакIалда**
**КIалъана бухIараб квер,**
**Кагъат гIадин хъахIлъараб**
**ФатIиматил гьурмал кьер…**

ЦIакъ бокьилаан гьеб кечI бихьиназги бихьинал толарел руччабазги цIалулебани¸ ГIали-асхIабил мисал босизе. ТIокIаб гьеб суалалде ГIали-асхIаб тIадвуссинчIо.

Цеего гьаб бигъараб заманаялъул тIокIаб бицинарилан гьедун йикIаниги, тIолалго суалазе жаваб хIисабалда, мисал хIисабалда хъвалеб буго ТубхIатица нилъер кIудияб тарихалъул бахIарчилъи рагьараб поэма. Гьаниб гIодоблъуда жаваб щвечIел, жиндирго суалалгун автор яхуней йиго АхIулгохIалде.

Хьвада-чIвади хисарал, адаб-хIурмат, къула-рорхи кIочон тарал руччабазе гьелъ рагьулел руго бахIарчиял руччабазул образал, ВатIаналде гьезул бугеб рокьи, гьеб цIунизе бугеб таваккал, васазде, росасде бугеб рокьи, захIматаб къоялъ гьезул хьолбохъ эхетизе бугеб гьира.

**РекIей хириязул биялъ релъарал**
**РетIунел гужгатал, гурулел къвалал,**
**Гурун дозул тIагъралъ гьалалги рахчун,**
**Гьерезе рорхулел дозул хвалчаби.**

МагIарул руччабазул образазулъ буго нравственнияб, ай инсанасул жанисеб борхалъи, рухIияб гъварилъи. Гьеб кинабго берцин гьабун буго гьезул бажариялъ, бахIарчилъиялъ, къохIехьеялъ.

Кавказалъул рагъул хIакъалъулъ тарихиял тIахьалги регун, ТубхIатихъе щварал бахIарчиял къисабазул тIоцебесеб буго Жавгьаратил хIакъалъулъ. Шамилил лъади йихьизаюлей йиго кIвахI лъаларейлъун, свак лъаларейлъун. Мугъзада гьитIинав СагIидгиваччун, Жавгьарат цогидал руччабазда цадахъ хIалтIулей йиго. Гьелдаги васасдаги – кIияздаго ругъун щолеб буго.

**Жавгьаратида тIадго,**
**ТIепун, керен хахулев**
**Шагьидлъи хъван батана**
**Шамилил СагIидийги.**

КIиабилеб къисаялда бицунеб буго ГIоротIаса СагIадуллагьил чIужу Хутайил. Гьел, цадахъ ясалги рачун, АхIулгохIде рачIана. Цо рагъда СагIадуллагь чIвала. Холев гьесул бераз хвалчаде ишан гьабула. Гьеб бичIчIарай Хутайица росасул ретIел ретIуна, гьесул ярагъги босун, тушбабигун ягъула. Щола хвалил ругъун. Хвалил ругъун щварай Хутай, каранде ясалги къан, гIурулъе кIанцIула.

**ХIинкъуге, бабалилан,**
**Баба гъабсагIат щвелин,**
**ГIорцIизегIан лъабазго**
**ГIурул лъимги гьекъелин,**

**Цинги дадада аскIор**
**Алжаналда рукIинин,**
**КIанцIун ана гIурулъе**
**ГIоротIаса Хутайги…**

Гьединал рукIана нилъер бахIарчиял руччаби. ХIакъирлъи, инжитлъи хIехьезегIан хвел тIаса бищулел. «ТIинчI чIвараб гъалбацI» абураб къисаялъулъ цолъулеб буго ватIаналде рокьиги гьеб цIунулел руччабазул бахIарчилъиги. Кумекалъул квер, хIинкъиялъухъ ралагьичIого, лъукъарав муридасухъе кьезе бугеб таваккалги, чIаго тIадруссиналде божилъи гьечIониги, холесе лъим балагьизе ине гIолеб бажариги – гьеле гъоб гIурусаца абулеб «высокая нравственность». РухIияб борхалъи, гIаданлъи. Гьеб борхалъиялде дандекколеб буго тушманасул вахIшилъи, гIассилъи. Гьеб дандекквеялъулъ кIодолъулел, рорхалъулел руго магIарулал, гьезул ияхI, гьезул гIаданлъи, къохIехьей, бахIарчилъи.

Гьеб хIакъикъаталда солдатас лъимер чIварай эбелалъул я ракI, я кьер тIуркIулеб гьечIо, тIадеги яхъун, солдатасул рекIелъ нус къазабулеб буго.

**ТIинчI чIвараб мугIрул гъалбацI**
**Бахъун нусгун йортана,**
**ТIад хурхун солдатасул**
**РекIелъ тIерхьинабуна.**

Поэма гIуцIун буго анцIго къисаялдасан. ГIемер халатал гьечIел гьезулъ бихьулеб буго щиялъул бахIарчилъи. Бицаде хутIана, гьурмада шалги жемун, гIурулъе кIанцIарай Шамилил яцалъул къисаги.

Вацасул амру хIукмулъун лъугьарай яцги, гьелъул таваккалги. Цебесеб соналъ аманатлъун вас ХIамзат кьун вукIана ПатIиматица, гIурусаз рагъ къотIизе гьабуна, амма гьезул хиянат бергьана, нахъисеб къоялъго рагъ байбихьана, ццим бахъинабуна имамасул.

Чан гIумру араб гьоркьоб? Чан тухум тIубанго лъугIараб? КьичIи бакъвазабуна гьеб рагъалъ магIарулазул. Гьенир рукIарал руччабазул цIарал жеги тIубан кодоре щун гьечIо. «Гъазаваталъул ясал» абураб поэма дица хъвалаго гIешдерилги гIарадерилги чангоязул цIарал дихъе щун рукIана. ГIарадерил гьений йикIарай 12 чIужуялъул цо-цо цIарал дихъе жеги щун рахъинчIо. Гьел цIехезе ккола, ралагьизе ккола, нилъерго бахIарчияб тарих билизе тезе бегьуларо. Дида батичIони, цогидазда батизе ккола.

РакI паналъулеб къиса буго Балахьуниса Мусал яс Эгъелдал. Эбелги хун хутIарай, 8 сон барай яс. Мусал лъади чIвала, яц захIматго йиго, ясалде регIарав чи хутIуларо, Муса рагъулъ вуго. Гьес хIукму гьабула яс кьурса гъоркье рехизе, бокьун гьечIо гьей гIурусазухъе щвезе.

**…Тушманасухъе яс щвей**
**Цебе чIезабурабго**
**Къуват щвана Эгъелда**
**Кьурса гъоркье рехизе.**

**Амма, микьго гурони,**
**Сон гьечIей, рухIги гьечIей**
**Гьелъул квераз къан ккуна**
**Дадал кIиябго хIетIе.**

Мусаца жиндирго бохдузда жемарал ясалъул кверал нахъе цIалаго, цо лъукъарав херав ахIдолев вуго: «Те, гьудул, Муса! Гьей пуланалъе жеги къадар щун гьечIин». Мусаца яс толей йиго.

**«Нохъодаго чIелилан,**
**ЧIаго те, дада, дунин!» –**
**ГIумруялъухъ гIащикъай**
**Гьелда дада гурхIана.**

**Гьеб кьурул рагIалдаго**
**РухI бахъилин гьелъулин,**
**Гьеб бакIалда ясги тун,**
**Сардилъе тIерхьун ана.**

Гьалда жаниб бугебщинаб жо! Таваккалги, къадруги, цIикIкIарав чиясул рагIул гьабулеб бугеб адабги. Гьеб кинабго жубалеб буго ВатIаналде бугеб рокьигун, цIунулеб бугеб къадругун. Амма яс асирлъуде ккола, гьелъул хабар, хвезегIан хадув лъугьаниги, Мусахъе щоларо.

ГIурусал, кьурулъ магIалги чIван, малиги гьабун, рахунел руго АхIулгохIде, гьел чIвалел руго кIиго чIужугIаданалъ. Гьезухъе цIун тункIал раччулел руго лъимал. Гьезул цояй лъукъула, лъукъичIеб квералъ ханжарги ккун, гьей кьурулъе кIанцIула, тIаде рахунел солдатазул кварал мали къотIизе хьулгун. ГIужихъанасул квер цебе ккола, гьей чIвала, эбелалъ гьабичIого хутIараб гьабула жеги балугълъичIев васас, цо, лъукъун, хвалиде гIагарлъарав херав чиясда ханжарги гьарун, гьев кьурулъа гъоркье кIанцIула.

**Эбелалъе рес щвечIел**
**КъотIун рехана кварал,**
**Мали цIурал солдатал**

**Рортана кIкIалал тIинде...**
**ГIайшатил шагьид Шамил**
**Щвана эбелалъухъе…**

Гьале бахIарчилъи. Гьале ВатIаналъе, бер къапичIого, кьолеб рухI. Гьале яхIалъул борхалъи. МагIарулазда цадахъ ягъулей йиго Ахъбердиласул гьудуласул яс чачанай ПатIимат. Инсуца вас гIадин куцарай ясалъул къиса буго цIализе тIаде ракI унеб, бусурбабазул лъималазе кьолеб букIараб тарбия, бахIарчилъиялъул кьучIалда гьел куцалел рукIараб куц бихьизабулеб. Поэмаялъул ахиралда бахIарчиял руччабазул образазе хIасил гьабулеб буго ПатIиматил образалъ, гьединал бахIарчиял лъугьине ккани, гьезие кьолеб букIараб тарбиялъул кIвар рагьиялъ.

Дагъистаналъул руччаби релълъунаро цогидал миллаталъул руччабазда. ТубхIатил тIехь цIалулев чиясда гьеб бихьула, бичIчIула. Дагъистаналде тIаде тушбаби кIанцIарал рагъал гIемерал рукIиналъги, бихьиназул кьерал лъедерлъулеб мехалъ, цадахъ рагъизе гьел рахъунел рукIиналъги батила руччабазулъ къвакIиги, къохIехьейги, бахIарчилъиги, бажариги куцараб. Жегиги росабалъ херал руччабаз гъванша къунцIула. Гьеб къунцIулеб букIун буго гъалал къолденалде гъоркье ккун, руччаби-рагъухъабазе гьез квалквал гьабичIого букIине.

ВатIан – магIаруласе аслияб бечелъи буго. ВатIаналда борцунебги, бицунебги, къимат гьабулебги жо букIана бахIарчилъи. Чорхол къуват гIечIони, гьез жидерго бажариялъги босулаан тIокIлъи. Лъималазул хIакъалъулъ бетIералда гъоркь поэмаялда гьездалъунги бихьизабулеб буго эркенлъиялде халкъалъул бугеб гIищкъу. Гьелъие гIоло лъима-лъималазго рухI кьолеб буго. Лъималазулги улбузулги гьоркьоблъи рагъулаго, поэмаялда бихьула гьезул цоцаде бугеб кIудияб рокьи, амма гьеб цоцада абулел берцинал рагIабаз гуро загьир гьабулеб бугеб, гьеб бихьизабулеб буго ишаз (гуллбузул цIадакь лъимадуе лъим балагьизе ине гIолеб таваккалалъ, руцIцIухIун чIун цоцазул гьабулеб адабалъ, тIалабалъ). Автораль гьеб бетIералъе эпиграфлъун хъван ругел мухъаз гIеккезабула ракI:

**Жеги балугълъичIел лъимал – бахIарзал,**
**Ракъи – бигьаяб жо нужер гIелалъе…**
**ГIун рукIинчIоха нуж, хучдуздаги къан,**
**Зодоре рорхарал улбул рихьизе…**

РекIее хириял чIвараб мехалъ, гьенир рагIуларо гьаракь биччан гIодулел, гьел гIодула ракIалъ, чияда магIуги бихьизе биччачIого, бахIарчиял руччабазул бакIалда гIодула гьезул хвалчадул чапи, гьез кверальги ккун, гIодоре хьуризарулел гIурусазул гIарадабазул гуллби. Гьезул ццидада цадахъ буго сабруги, къохIехьейги – гьеб букIана магIарулазул кIудияб тIокIлъи. Вац магIарул чIужугIаданалъе вукIана инсуда хадусев чи. Гьез бокьараб захIмалъи къулчIула гьесие гIоло. Росасе инчIелги гIарадерилги, гIешдерилги ясал вацалгун цадахъ рагъде ана, гьезул хьолбохъ рукIана. Гьезул тIогърол борхалъи букIана гьез цIунулеб къадруялъул борхалъи. Жакъа, къиматалщинал гIумруялъул рахъал учузлъараб мехалъ, ТубхIат АхIулгохIалъ ахIулей йиго. – Жийго вакил гьаюлей йиго гьелъ гIадамал кантIулеб ахIи базе. Цоцахъа рикъзи бахъулел ругел вацал, яцал кантIизаризе. ВатIангIан кIудияб бечелъи букIунареблъи бичIчIизабизе. Гьадинал асаразул жамагIат цебетIеялъе, гьезул намус борчIизабиялъе гIунги тIокIаб кIвар буго. Ярагъгун ВатIан цIунизе рахъине кколеб заман гьечIониги, умумузул букIараб намусги, къадруги, адабги, рокьиги, гьудуллъи-вацлъиги цIуниялъулъ буго бахIарчилъиги, нилъер рекIел мурадги. Гьелде нилъ ТубхIатицаги ахIулел руго.

Заманаялъул чороклъиялъул, хIалихьалъиялъул бицунел бакIазда тIехьалда данде чIвачIо – хиса-басиялде хьул, кантIиялде божилъи. ГьечIодай гIадамал кантIараб заман бачIине рес? ГьедигIан гIадада хунищха ругел нилъ? Поэтазул ахIи рагIилародай?

Пачалихъалъулги Къуръаналъулги гIадамазде ругел тIалабал тIоцере хвезарулел руго бечедал гIадамаз. Бижулеб буго гIадамазулъ рокьукълъи, рази гьечIолъи. Щибха гьабизе кколеб? – Гьеб суал гIумруялдаги ТубхIатил поэмаялдаги жаниб жаваб гьечIеблъун хутIулеб буго.

**…МацIги цIарги билани,**
**Мунгоги билулилан,**
**АхIулгохIалъул наслу**
**Хвасарлъизе къваригIун,**

**ГIандигIурулъе чанги**
**МагIарулай кIанцIараб**
**АхIулгохIил кьурдасан**
**АхIи балей йиго дун…**

– гьадинаб буго ТубхIат Зургьаловалъул тарихияб поэмаялъул ахир. Гьеб ахIи базе магIарулазул шагIир «яхуней йиго жиндирго миллаталъул ракIал рацIцIад гьарулеб КагIба – магIарулазул аслу, гьезие цолъи кьолеб кьурабазул зар гIадаб АхIулгохIалде». Нилъер тарихалъулги, намусалъулги, ВатIан бокьиялъулги борхалъи гьеб бугелъул, тIокIайги кие яхунха миллаталъухъ ракI унтарай ТубхIат ахIделей?!

Дагьабги гьаракь биччан ахIдани, рагIилародай, ТубхIат, гьеб? Дуца жигар бахъе!

*Залму БАТИРОВА.*

# Проза



**МахсутI
ЗАЙНУЛГIАБИДОВ**

## АХIМАД

*(къиса)*

Къисматалъул сверабазда дунгун цадахъ ккун вукIана подполковник Александр Шумилин. Халатаб маххул нух нахъе тезегIан, жинда Дагъистаналда бихьараб-ккаралъул бицунеб букIана гьес. Гьев херав чи Шумилинил кIалдиса босараблъун рикIкIине бегьула гьаб къиса-хабар.

### 1. Гъудуллъи

Дагъистаналъул мугIрузулаб халкъалъе бакIаб замана букIана 1920-1921 соназул хасало мех. Россиялъулаб тIубангоялде гIагарун ракьалда Советияб власть букIаниги, гьаниб цIияб би гIодобе тIолеб букIана. Англиялъул, Турциялъул, Франциялъул ва Америкаялъул империалистазул жеги хьул къотIун букIинчIо Кавказ большевиказухъе биччачIого чIезабизе кIвеялдаса. 1917-1919-абилел соназ жидерго гьурмада щварал гIужал тIагIиналдего, гьез нахъеги ХIоцоса Нажмудин гIадамал гъазаваталде ахIизе тIамуна. Нажмудиние кумекалъе чIана БагIараб Армиялъухъа тIурун рорчIарал хъахIазул абцарзабиги, жидер ургьимесалъго Советияб власть хIехьолезул рес бугел гIадамалги.

Росабазул дибирзабаз, къадизабаз, кулаказ, ХIоцоса Нажмудинил тIадкъаялда рекъон, халкъалда гьоркьор тIиритIизаруна большевиказул ва БагIараб Армиялъул хIакъалъулъ бищунго чи божуларелгIанги къабихIал харбал.

Интервентаздасан гIарцулабги яргъилабги кумекги щун, Нажмудиница багIарал партизаназул къукъабазде ва БагIараб Армиялъул къуват мукъсанал отрядазде данде кIудияб рагъ байбихьана. Къокъаб заманалда жаниб гьесул боялда кIвана тIубангоялде гIагарун мугIрузулаб Дагъистан бахъизе. ГIасиял рагъаздаса хадуб сверун куна советияллъун рахъарал хъулби – Гъуниб ва Хунзахъ. Веденосан Нажмудинилазе нух щвана Чачаналдеги. Темир-Хан-

Шураялъе, Порт-Петровскиялъе, Грозниялъе, гьавагIан Россиялъе хIажатаб нарт бахъулеб Бакуялъул нухалъе.

ХIоцоса Нажмудинил багъа-бачари гIодоб къазабизе, цогидал рагъулал къуватаздаго цадахъ, Степинил цIаралда бугеб кьвагьдохъабазул анцIила ункъабилеб дивизиялъул часталги рехана.

…1921-абилеб соналъул январалъул ахиралда кьвагьдохъабазул 123 абилеб полк Лавашаса къватIибе бахъана. Разведкаялъул бихьизабиялда рекъон, тушман, кIудиял къуваталгун, Хьаргаби росдада аскIоб бугеб Зуберха мегIералда гъоркь вукIин лъана.

Нажмудинилаз жеги жиндирго бакI кквечIеб полкалде тIаде, ракIалдаго гьечIого, хвалилаб цIа рагьана. ЧIахIиял ганчIазда нахъа кIкIал-хъитIаздаги рахчун, битIахъе бадиб речIчIулеб букIана гьез.

Циндаго тIаде бараб тункIил ва пулеметалъул гуллица солдатал риххизаруна. Амма аскIовго вукIарав полкалъул командир Веревкиница солдатазда гьоркьоб хехго гIадлу чIезабуна. Полк, гIуцIараб къагIидаялда, санагIатал бакIал ккун чIана ва тушманасда жавабалъулаб кьаби щвезабуна. Амма гьезул кьвагьиялъул хIасил дагьаб букIана, тушман церего ургъарал бакIазда вахчун вукIиналъ. Таманав чи лъукъана ва чIвана. БагIарармейцаз жалго рахчине гвендал рухъана ва нахъе–нахъе цIад–гулла щоларел бакIал тIаса рищана.

КватIичIого полкалъул командир лъукъана. Амма гьес команда кьей къотIизе течIо. Гьев рагъул майданалдаса нахъеги инчIо. Гьесда гъоркь букIараб чу чIвайдал, гьев кисаялиго гIунтIизе тIилги бекун, чIегIераб буртинадулъ бакI-бакIалда солдатазда гьоркьов ваккун вачIунаан.

ГIемерал рукIана лъукъарал багIарармейцал. Рихъулел гулбуз пасат гьарун рукIана солдатазул ругънал, гьединал ругънал хасго квеш унтула ва гьездасан гIемераб би чвахула. Гьединаб, ругъналъан бачIунеб би чIезабизе хасаб гьунар, бажари букIине ккола ва гIемераб катангун квасквас хIажалъула. Гьебин абуни санитаразухъ къанагIат букIана. Гьединаб мехалъ би чIезабизе ва ругъун бухьине хIалтIизабула гъоркьанретIел.

КIиго нухалъ хIалбихьана, дандего тIаде кIанцIун, тушман жиндирго аслияб рукIниса нахъе кьабизе. Амма кIвечIо. Лъукъаразул ва чIваразул къадар жеги цIикIкIана. БагIарармейцазул гьединаб хIалги бихьун, Нажмудинилаз байбихьана гьел нахъе кьабизе. Гьезулги жо ккечIо. Гьез такрар гьабуна.

Гьелдаса пайда босана БагIараб Армиялъул солдатаз. Гьез гьел, лъикI аскIореги риччан, гуллбузул «харицелалъ» рецана. Муридал тIуризе байбихьана. Гьел хадур цIазе, нахъехун риччачIого чIезаризе тIаде рахьана гьезул командирзаби. Цо бутIа гьезулги гъурана. ХутIарал ганчIазде нахъе тIерхьана. БагIарармейцал чIаголъана.

ТIаде вахъун, цевехун вортун унев Прокофьевасда лъеберго метроялъ добегIан цо кIудияб, нахъасан кьвагьдезе санагIатаб гьецIо бихьана. ГIодовеги къулун, векерун гьелъухъе щолаго, гьелда нахъа рахчун рихьана гьесда нажмудинилал. Гьез тIаде щолев Прокофьевасде, хъата–масан, кьвагьун биччана. ГьебсагIат Прокофьевасул мачIчIалда бухIун бахъана. Амма гьебго лахIзаталъ цогидаб рахъалъан ганчIиде нахъе щварал багIарармейцаз тушбаби кверде росана.

Прокофьев тIаде вахъана. Амма квешаб унтигун гьев гIодов речIчIана. Хохоралго чакмабазул махIабахъа къватIибе би чвахизе байбихьана. КвегIаб тIаждал гIаг биялъ белъана. Шинелалда гъоркь бугоан кIудияб, бихъараб каратI.

АскIоре рортун рачIарал гьалмагъзабаз чакма бахъизе, тIаждал гIаг чIалхине кумек гьабуна. ТIаде щвана санитарги. Гулла къватIибе араб каратI тIутIун бугоан. ХIалалъ кIвана би чIезабизе.

– Ругъунни буго дур, Прокофьев!.. Чан ругъунха дица бухьараб, гьаб тайпа дандчIван букIинчIо, анцIиде бихъулеб гулла буго дуда гьал хъурумсахъаз речIчIун. НагIана батадал! – ан абуна, мачIчIуги бухьун лъугIизабулаго, санитар ГIабдурахIманица.

ТIаде вачIана цояв, гьес гъова кивали чанго лъукъарав чи вугилан ва гьез кумек гьарулеб бугилан лъазабуна. Прокофьев живго тIаде вахъана. Ругъун бухьаралдаса унти хьадарлъизе лъугьанин ккана. Дагьа-дагьаб бетIер сверизабулеб ва ракI багъарулеб букIана.

– Мун а захIматго унтаразухъе, дица дицаго бахъила нух пункталде. Рокьода хъван гьечIеб гIадин бугин гьаб.

– Лъаларо, Петр Осипович. Мунго ургъун вихье, амма ругъун дуда ракIалде ккараб гIадаб бигьаяб гуроха бугеб. ЗахIматго лъукъаразул къваригIелги тIубан хадув духъе вуссина дун, – ан абулаго, дару-катанги сумкаялъуб лъун, санитар чIахIиял ганчIазде нахъе тIерхьун ана.

Цоцаде кьвагьдолеб ва гранатаби рихъулеб сас рикIкIалъулеб, рохьобе, магIардехун къалеб рагIулеб букIана. Прокофьевасухъе боржун бачIана «Ура!» ахIулеб гьаракь, гранатабазул дваргъи, хьадараб тункIил сас, ва хадуб циндаго киналъулго сас къотIана.

– Дицаги жигар бахъизе ккела, гурони дун полкалдаса нахъа хутIизе вуго, – ян живго жиндаго гаргадана Прокофьев, тункIиде тIаде хIалги биччан, вилълъине хIалги бихьулаго.

Амма цо чанго чIемегIаб галиги тIамун, гьев лъалхъана – лъукъараб мачIчIу синуялъул гьабураб жо гIадин лъугьун бугоан.

Шинелалъул квенчIел нахъе гьабидал, Прокофьевасда бихьана ругънада бухьараб катан хIатIиде щвезегIан гIодобе хьущтIун ун бугеблъи. Ругъун цебе рехун бихьидал гьенисан нахъеги би бачIунеб бугоан.

– Гьале иш! – ан, Прокофьев катан бичизе лъугьана.

– Санитар витIарав вукIун вуго. Досда цадахъ ине кколаан. Ругъун хIакъикъаталдаги «гьадингояб» букIун гьечIо, – ян абуна жиндаго Прокофьевас, цIидасанги ругъунги бухьунаго.

Чап-чапун надалда бараб гIетIги гурдил къвалалъ бацIцIун, Прокофьевас къайи-къоно лъолеб таргьа мугъзаде рехана, тIилил жоги гIунтIун, полк араб рахъалде рохьовехун валагьун вилълъана.

Амма гали бахъарабгIан бох бакIлъулеб букIана. Гьесул гьеб жиндаго гьечIеб жо гIадин лъугьун букIана. «Дица цIакъго къан батизе буго гьаб, – абун хIисаб гьабуна Прокофьевас. – Аслияб жо, гьанже тамахлъизе бегьуларо. Гьалдаса кьогIабги бихьараблъидал. Дуда бичIчIизе ккун буго щивниги гьанже, Прокофьев, дуе мугъчIвазе чи гьечIевлъи ва дуцаго мунго гурони, мун хвасар гьавизе чи гьечIевлъи». Цо лахIзаталъ гьесул пикрабалъ якъинго цебе чIана Хъвартихьуниб росдал магъилъ, Кара-Койсу гIурухъ

ккараб къанагIатаб цIоб гьечIолъиялъул рагъ. Баянго цебе бачIана жиндирго квераз вукъарав гьитIинав вацасул, Алексейил… хабада ракьул гохI ва зоное лъураб гамачI.

Гьесда, рекIеда ватидал, живго вахъун чIун ватана. «Гьугь» абун гьимун, кIиго килищалъ бадиса магIуги бацIцIун, гьев цевехун вилълъана. «Гьаниб цо лъар букIине ккола, къасиялде щиб гьабунниги, гьелъухъе вахъинчIого гIоларо», – ян хIисаб гьабулеб букIана Петр Осиповичас.

ВилълъаравгIан вилълъине захIмалъулеб букIана гьесие. Заманайин абуни къасилъулеб букIана. Гьелъги рахIат хвезабулеб букIана Прокофьевасул.

ЩIакъ къечон вукIана гьев, амма лъим щолелъуб букIинчIо. Гьелъин абуни, ургъел жеги цIикIкIунеб букIана. МугIрузул тIогьал накIкIукь тIерхьун лъугьана, Прокофьевас яхI бахъулеб, хIетIе хехлъизабулеб букIана. Цо гьоркьоб рикIкIадасан тункIил кьвагьи бахьана. «Хъачагъал лъикIалан дорегIан кIатIун руго хIалчIахъадаз!» абун разиго пикру гьабуна гьес гьалмагъзабазул хIакъалъулъ. Жиндирго гьудул Александр Шумилинил гIатIидаб, гIадан хирияб гьумер чIана гьесда цебе. «Щиб гьабулевдай вугев? Дун вугеб бакI лъазабун лъикI дица. Дун валагьулел ратила дол». Гьес туманкI эхеде битIизабуна. Цодагьаб мехалъ лъалхъунги чIун, лъабго нухалъ кьвагьана. Гьединан гьабулеб гIадат букIана полкалда малъкъосараб хIалалде ккарав чияс.

ЩIакъ бокьун букIана папирос цIазе, амма Прокофьевасухъ спичкаби рукIинчIо, патронги босун гьелда цебе бугеб мазгарул гулла тункIил хIараялда цебесан жаниб къазабуна, гьанкIезабуна ва гьеб лъикIго багъаридал, бахъун, хъархъазулъе рехана. ТIухьидул бакIалда квасквасул горо къазабуна гьес. Цогидаб квасквасул горо цо хъархъил чIилалда бухьана. ТуманкI хъвапан бахъана ва хъархъида бараб квасквавул цIа рекIана, аскIобго бухIулеб бугоан гуллида жаниб къазабун букIараб квасквасул гороги. Хъархъидаса цIа гъезабуна Прокофьевас папиросалда. ТIоцебесеб пагьиялъго бетIер сверизабуна гьесул, амма хадуб¸ кидаго гIадин, кинабго нухда ккун ана. Хъалияналдаса хадуб лълъеде хIасрат жеги цIикIкIана.

НакIкIал мугIруздаса гIодоре хъурщун рачIана. ЦIурцIури баккана. «Балагьараб мехалда дун къаси диразухъего щоларо, къаси чIезе бакIалъе санагIат гьабизе ккола дица» абун хIукму гьабуна Прокофьевас. Гьев хъархъалъа тIаде вахъана ва сордо рогьине бегьулеб гIадаб бакI балагьизе лъугьана.

Лъеберго метргIанасеб манзилалъ рикIкIада, цо кIудиябго гуреб гохIда тIад Прокофьевасда бихьана, хъархъаз сверун ккураб, цоцада аскIоб бугеб кIиго гамачI. «Сордо базе дандекколеб бакI бугодай гьадаб? Цин халшал гьабизе ккелаха» – абун ургъулев вукIана Петр Осипович, туманкIги таргьаги кодобе босулаго.

ГIезегIан къоги бихьун, лъалхъарулаго, щвана Прокофьев ганчIазда аскIове. ГанчIал ругоан натIил манзилалъ цоцадаса ричIун, ракьулъ къарал, рахъун чIарал. Халалъиги гьезул метрагин бащдабгIан бугоан. БитIахъе бусурбабазул хабада чIвалел заназда релълъун ругоан къоноккарал гьел. Прокофьев, сверун вилълъун, ганчIазухъ валагьана, амма гьезда кинаб букIаниги хъвай-хъвагIай батичIо.

Гьел ганчIал цо лъилниги хабада чIварал занал ратилин абураб пикруялъ рахIат хвезабун букIана гьесул ва нахъеги якъинго цеве чIана моччлол

ракьулъ хабалъ лъун даимаб макьида тарав хирияв вац. Цодагьав хехав, цIадаве кIанцIизеги хIалакарав вукIана Алексей. «Лъихъе кагъат хъвалеб гьесул хIакъалъулъ? Эбел гьечIо, эмен гьечIо… Вацал-яцал гьечIо. Рагъуца лъиданиги гурхIел гьабуларо. Гьанже дунго хутIана. Хъвартихьуниб кIкIал, дир цохIо вукIарав вацги вахъана дуца. Дагъистан. БатIалъи щиб советияб ракь. Ракълилаб¸ эркенаб замана кидадай бачIина гьанибе… Царицын. Дир шагьар. ЧIвадназде сверараб дир рекIел тахшагьар!.. ЧIаго хутIани вацасул хабаде хьвадила. Гьеб, сверунги къан, къачIала». Нахъеги агълъун, вахъун чIаралъув хутIун ватана Прокофьевасда живго. «ХIалихьалъи бихьуларищ цо… гIисинлъимал гIадин!» абун, ццин бахъун, бетIер хьвагIун, кIаркьабаздаса цояб рахъалдехун роржинарун ана гьес гIарцул букIдул гIадал магIил гарал.

Хьопол бусен гьабуна гьес жиндиего. ГIаркьалабазул «рахалги» лъун, тIаде хьопги бан, тIамах-кIачарги тIупун кIиябго ганчIида «тIохги» бана гьес. «ГIазу бани хIинкъи гьечIо, гьоролги хIал ккеларо» – абун ккана гьесда ракIалде.

Прокофьевасул таргьиниб букIана гIиялъажоялъул гьанал саламатаб кесекги цIоросаролъилги богIолги гIатI жубан гьабураб чадил бащалъиги.

Кваназе бокьун букIинчIо, амма гьес хIукму гьабуна дагьабниги жо кIалдиб лъезе. МахIу кутакалда, цебего гIадин, цIцIунулеб букIана ва бидул къаби рагIулеб букIана, черхалъе квешаб асар гьабулеб букIана.

Дагъистаналъул мугIрузда гьоркьоб сардил бецIлъи, маркIачIумех гьоркьоб тарабгIанги, хех рещтIуна. Кванан вахъиналде къватIиб бакI чIегIерлъун бихьана Прокофьевасда. БатIияб асар рещтIана гьебсагIат Петр Осиповичасул рекIелъ: ялгъузлъи, чиякълъи, кумек гьечIолъи, гьабизе жо тIагIин, ВатIаналъухъ чIалгIин. Цебе Дагъистаналъул мугIрузда гьоркьоб гьединаб асар гьесул чорхолъе киданиги лъугьун букIинчIо. Гьанжеги гьес гьеб нахъе гъезе жигар бахъана.

«ГIалхул жанаварал ратиларо гьанир. Гьел парахатал бакIазде тIурун ун ратила – Грузиялде, жеги рикIкIаде. Амма кин букIаниги, гьелги кIочон тезе бегьуларо. РекIеда букIине ккола ракIалдаго гьечIого хъачагъал тIаде рачIине бегьулеблъиги. Ахираб рагъалъ гьаб сверухълъиялда щущазарурал гьел бакI-бакIазда кьерун ратизеги бегьула».

– Хьаргаби росу аскIобегIан букIиналъул дие зарал гуреб жо гьечIо. Гьеб, кин букIаниги, жеги ХIоцоса Нажмудинихъ бугелъул, – ан, рагIун, пикру гьабуна Прокофьевас.

Халги гьабун, бацIцIадги гьабун, щуго патронги жаниб лъун, туманкI цIуна гьес. Нахъеги кIваркьун сверухъ бакIалъул хал гьабуна.

Кванан вахъарабго хутIараб жо гьес мухIканго бакIарун таргьиниб лъуна ва, рехе хIатIалги риччан, мугъатIаде вегана. Цо лъикIаб асар чорхолъ тIибитIун ана. «Кьижиларо. Дун валагьизе рачIине бегьула гьудулзаби. Хъачагъалги раккизе бегьула…» – абун хIукму гьабуна Прокофьевас.

ТIубанго бецIлъана ва мугIруздаса гъоркье гъункараб накIкI бачIана. Гьоркьо–гьоркьоб гьенибе цIорораб гьогьен кIанцIун бачIунеб букIана. Кидаго гIадин, шинельги тIадго вегичIо Прокофьев. Гьес гьеб, тIасаги бахъун, жиндаго тIад бана. Таргьа къандалъоялда релълъараб лъугьана. КигIанго кьижиларин вукIаниги, ругънадаса араб биялъги, ахирал къояз цин

добе, цин гьанибе полк рехиялъги свакарав Прокофьев, бисил гIадаб щулияб макьугун, кьижун ккана.

Макьидаса ворчIана Прокофьев тIубанго дунял рогьиндал.

РагIичIо гьесда сардилъ кIикъого-кIикъоялда анцIго метраялъ аскIосан арав санитарасулги Шумилинилги сас. РагIичIо гьесда гIезегIанго борхун гьез жиндирго цIар ахIулебги ва, хIатта, лъабго нухалъ кьвагьараб туманкIцин.

Сон, туманкIги гIунтIун, вилълъанхъизе кIолев вукIарав Прокофьевасда жакъа, тIаде вахъун чанго гали тIамурабго, бичIчIана жив гьедин рикIкIаде вахъунареблъи. Бох тIаде-гIодобе гьорон букIана, унтиги цIикIкIун гурони, дагьлъун букIинчIо. Би гъорлъ бессараб катан бакъван букIана ва ругънада къараб маххул гор гIадин лъугьун букIана. Вилълъунаго гьелъ ругъун кIвекIизе байбихьана. Прокофьевас хIала–малалъ катан бичана. Ругънадаса къватIибе кIуркIуриялда баккун бачIана би. «Щибха гьанже гьабизе кколеб, гьалмагъ Прокофьев? Бидулъ чороклъиги ккун ругъун цIакъго квешго бигъиялда хIинкъи бугогури гьанже» – абун пикрабалъ вукIана, ругънал халги гьабулаго, Петр Прокофьев.

Гьанже ракIалде щвана Петр Осиповичасда Кубаналда ккараб цо лъугьа-бахъин. Дова, Азов ральдал рагIалда, генерал Врангелица мугъалде нахъе рещтIинабураб аскаралъул къукъа гъурулаго, кIиго гьасул гьудул лъукъун вукIана. Ругънал кIиясулго пайда гьечIел жал рукIана. Амма нух къосун ккарал гьел, махщалида рухьинчIел ругъналгун, лъабго сордо-къоялъ рилълъана. Эбгиха, гIурул муцIиялъги хьархъазги ккурал рагIаллъаби ккун. ПалхIасил, цояв гьезул гъеж гьечIого хутIана, цогидавин абуни, кIиго операция гьабуниги, хвалдаса хвасар гьавизе кIвечIо. «Щиб гьабуниги, нилъеразухъего нух бахъизе ккола. ГIицIго гьеб буго дие хвасарлъи. Вилълъине кIвечIони, чахьалда хъурщунги ине ккола. Рес бугебщинаб жо гьабун гьаб къорикьа ворчIизе ккола дун. Йохъ, ритIухъаб иш цIунун хвезе хIинкъун гьечIо дун. Амма хвезе виччантеха тушмангун гьумер хIунчун дандречIчIина» – абун кьварараб хIукму гьабуна Прокофьевас.

Гъоркьан гурдил кескал Петр Осиповичас хIалтIизарулел рукIана ункъчIван сукIун ругъназда лъезе. Ругъунги гьес мухIканго, бичун бачIунаредухъ бухьине жигар бахъана.

Ругънал ишги тIубан, таргьаялъул кIал бухьун лъугIулаго гьасда рагIана гIагардаго цо лъилали хIатIил ва хьархъал рагьарулеб сас. Хехго таргьаги гIодобе рехун, хантIан туманкIги кодобе босун, кIваркьун сас рагIараб рахъалде тIинтIамуна ва валагьун чIана. Хъваши такрарлъана. Прокофьевас туманкI тIасиялде цIана ва кIутIун тIаде вахъана. Лъеберго галул манзилалда, росдал рахъалдехун, хьархъазда гьоркьов вахчун чIарав вас вихьана гьесда. Вас хьархъазулъ тIерхьана ва, ганчIазда, гIисинаб заз-хьарахъалда, гъветI-хералда гьоркьов вахчун–ваккун, росулъехун валагьун тIурун ана.

Тирщун тIаде вахъиналъ унтизабураб ругънал кIварги гьабичIого, «ХIинкъуге!» абун гьаракь гьабуна Прокофьевас. Амма гьесда ракIалде ккана жиндирго гьаракь чияр гьаракьилан, гъварараб, гIодоб къараб, васасдацин рагIулареб гIадаб. «Щай гьаниве гьав вачIарав? Гьев Хьаргабиса вачIараблъи ва Хьаргабивего тIадвуссунги араблъи якъинаб буго, дораян абуни, нажмудинилал руго. Дун досда вихьана ва тIоцевесев данде чIварав

муридасда гьес «багІарасул» хІакъалъулъ бицинеблъиги хІакъаб буго. КватІичІого «чанахъаби» рачІине ккола дида хадур. КІванагІан хех гьаб бакІ тезе ккола ва кІванагІан рикІкІаде щвезе ккола» – абун хехал пикраби гьарулев вукІана, гІондокь гІадин, ваккун-тІерхьун, вас тІурун араб рахъалдеги валагьун, Прокофьев: «Йохъ, йохъ! Унев, унев вукІине ккола. ГьабсагІат аслияб жо буго гьеб. Гьал бер кІутІарабго лъалел ганчІаздаса кІванагІан рикІкІалъизе ккола. ХІоцосесулал рачІиналде бищун дагь – лъарахъеги щвезе ккола. Дова цо кив вукІаниги вахчила. Аслияб жо – лъимгІаги буго доба. Лъим гьечІого дида тІокІалъ хІехьезе кІвезехъин гьечІо» – абун жинцаго жиндаго бичІчІизабулеб букІана гьес.

Прокофьев унев вукІана хъархъазда гьоркьов вахчарилаго ва гІемерал бакІазда лъалхъарилаго. КІудияб захІмат бихьун гьев жинцаго сордо бараб бакІалда лъабнусгогІан метраялъ рикІкІалъана. Лъарахъе щвезеги гьедигІанго манзил букІине кколилан хІисаб гьабулеб букІана гьес.

КвегІаб рахъалда цо гохІда нахъасан баккун, гьутІбузда гьоркьосан гІезегІанго рикІкІад Хьаргаби росу бихьизе байбихьана. Прокофьев, тункІиде тІадеги чІван, кІвар кьун гьениве, тІатІала рарал рукъзабазул росулъе, валагьун чІана. «Щибдай гьабсагІат гъоба бугеб? КигІан тушбабидай ругел? Гьезул бутІрул ракІарараб бакІ лъазе лъикІан» абун пикрабазда вукІана Петр Осипович.

Унтараб бох, тІокІалъ бажарулароян чІолеб букІана. БетІер сверизе ва ракІ багъаризе бачІунеб букІана. «ЦІаги батизе буго дида. Щиб гьабилеб!» – абун надалда квералги чІван, жиндиего суал кьуна гьес ва битІахъе чІарбида гІодов чІана. «Дун тІокІалъ вилълъунаро. Гьаб бакІ ккун чІела. Хъачахъазулъ вагъила. Кьвагьдолеб сас нилъераздаго рагІила ва гьез кумек битІила» – абун хІасил гьабуна гьес, таргьаги мугъзадаса бахъулаго. СанагІаталда гІодов чІана. Къого метраялъ тІадегІан заз–хъарахъалъ бахчараб гохІ бугоан. Прокофьев, ахираб рухІ кьун, гьениве вахана ва гІебеде чІвалелдего, гІакълуялдаса ана. КигІан мехалъ гьединан жив хутІаравали Прокофьевасда лъазе кІвечІо.

ГІакълуялде вачІиндал махІуялъе мадар лъугьун батана ва бетІерги унтулеб букІинчІо. ТункІиде тІадеги виччан, гьев накабазда вахъун чІана. Бихьулеб букІана къо къасилъиялде унеб букІин. ХІал бихьана лъарахъе кигІан нух хутІун бугебали хІисаб гьабизе. Гьеб мехалда гьесда вихьана дол жиндирго ганчІазда сверухъ хьвадулев вукІарав вас ва гьесдаса кІудияй ясги. Яс ганчІазда цее щвана. Гьелъ, квер битІун, Прокофьев араб рахъ бихьизабуна. Прокофьевасда гьел лъикІ рихьулел рукІана ва живгоги гьездаса цо хъархъида нахъа вахчун вукІана. Яс, рахъ-рахъалдеги ялагьун, гІодой чІана. Васги гьелда аскІов кІусана.

Прокофьев кІваркьун сверухъе валагьана, амма тІокІав щивниги вихьизе кІвечІо. «Щибха букІине кколеб? Щай гьал доре арал? – ан ургъана Прокофьев. – Дица щиб гьанже гьабизе ккoлеб? Щиб гьабизе гьав вас нахъеги гьаниве вачІарав? Гьесда цадахъ йигей яс щий ккoлей? Дагьаб мехалъги гьезда хадуб хал ккезе ккола».

Гьале яс тІаде яхъана. Цоги нухалъ сверухъеги ялагьун, гьей росулъехун ялагьун ине лъугьана. Васги гьелда хадувго вилълъана, рахъ-рахъалъ ва нахъехун ралагьулаго, цІодорго унел рукІана гьел. Прокофьев гьеб мехалъ

вахчараб бакIалдаса цеве вилълъана. Гьес: «Ле!» – ян гьаракь гьабуна. Ясалда гьесул гьаракь рагIичIо ва гьей чIечIого уней йикIана. Амма хаду-хадув вукIарав васасда гьаракь рагIана, гьев лъалхъана ва гьесда Прокофьев вихьана. Гьес ясалда щибалиго ахIана ва багIарармиялъулав вихьизавуна.

Яс лъалхъана, гьелда Прокофьев вихьана ва васги кверги ккун вачун, таваккалго, лъаларев чиясул рахъалдехун ячIине байбихьана. Прокофьев гьезда данде вилълъине захIмат букIана. АнцIго галул манзилалъ аскIое щведал, ясалъ васасул квер биччана ва жиндирго чIегIераб кIазалъул рагIалалъ, бералги къватIире раккун тун, гьумер бахчана. Гьелда тIад букIана халатаб чIегIер-цIахIилаб гурде, гьеб гьелъул чIурканаб черхалда тIад къарабги бугоан. ХIатIазда гьелъул квасул хIото-хьитал ругоан, цересаги бегIерал. Васасда букIана цIахIилаб, хьон чIвараб, гужгат. ТIажу гьесда букIана багIарчарал квасул щватабазде жанибе бачараб, бецIтIогьилаб. Гьесул ругоан гIисинал, берцинал тIомохьиталги. БетIералда лъун букIана гьес гIиялъажоялъул хъахIаб тIехьалъул гьабураб гъал-гъалараб тIагъур. ТIад балагьун гьесие кьезе бегьулаан анцIила лъабго сон. Гьев, бакьулъ кверaлги чIван, цояб рахъалде бетIерги гьетIизабун, багIарармейцасухъ кIваркьун валагьун вукIана. Ясги цо дагьаб заманаялъ юцIцIун Прокофьевасухъ ялагьун чIана. КIазида гъоркьан рихьулел рукIана гьелъул тIеренал, чIегIерал кьунсрул. Къунщбуздаса дагьалго къватIире раккун ругоан чIегIерал, гIисинал гIертелал. Васасул рукIана цIахIиллъиялдаса хъахIиллъи цIикIкIарал чIахIиял берал ва чIегIераб расги.

Петр Осиповичги лъималазухъ валагьаралъув хутIун вукIана сундасан ва кинаб хабар байбихьилебали лъаларого, – магIарул мацIалъул гьесда лъалаан гIицIго лъабго-ункъго рагIи. Яс гьесдаса цее ккана. Гьелъ, батIияб мацIалда кIалъалеб мехалда чиясул рагIабазул, гьаракьалъул кколеб батIалъигун, хIикмалъизе Прокофьевги гьавун, гIурус мацIалда цIехана:

– Мун щив? ЦIар щиб дуда, багIарармеец?

Прокофьев гъираялда гьимана, амма жаваб кьезе кватIана.

– Мун хIинкъуге, – ян тIаде жубана, дагьабго гьимиги гьурмада кунчIун, гьанжего-гьанже гIолохъанлъи жиндихъ рещтIуней черкесай магIарулалъ, – нижги багIарал, большевикал ккола! Мун хIинкъуге, нижеца дуе лъикIлъи гурони, щибниги зарал гьабизе гьечIо.

– Дунги багIарав вугоха. Гьеб нужеда лъалеб батила, – ян разиго, амма жеги щакдарулаго, жаваб кьуна Прокофьевас.

«Дихъе жасус витIулев щай гъачагъаз? Жалго рачIун кверде восизеги бегьулев чиясухъе… Дун данде чIелин, би гIодобе тIелиланищ… Амма гьай ясалъул гьаракь, рагIул магIна, рокьукълъи гуреб, рокьи гъорлъан бихьулеб буго» – абун пикраби гьарулел рукIана гьес цадахъго.

– Мун лъукъун вихьула…чIая, гьале нижеца дуе кваназе жоги босана, – ян, кIазги гIодобе биччан, цояб кверaлъухъ гIодобе дализе биччан букIараб бухьараб квербацIцIгун Прокофьевасда аскIое ячIана яс.

КIудияй гIаданлъун хIай лъугIана гьелъулъ, бихьулеб букIана лъимадулаб ракIрагьи, таваккалаб жигарбахъи.

Прокофьевас абуна:

– КIваричIо, кIваричIо, дихъ кваназе жо буго, дун вакъун гьечIо. Нужеего кваназе рокъобе босе.

Гьесда лъалаан, тӀолабго Россиялдаго гӀадин, жеги цӀикӀкӀунги, Дагъистанги кваникъго бугеблъи. Гьелдалъун босулеб букӀинчӀо гьес ясалъухъа кваназе жоги. Амма ясалъ цӀакъго гьаридал Петр Прокофьевасда кӀвечӀо гьелъие инкар гьабизе. Гьес, квенги хехго жиндирго таргьинибе чӀехьон, квербацӀцӀ ясалъухъе тӀадбуссинабуна. Гьениб батана чанго кесек гьанал, цӀоросаролъил ханждал хинкӀал ва цо кесек хӀанил.

– Мун щивха? Большевикищ, ХӀоцоса Нажмудинилавищ? – ан цӀехана, аскӀов вахъун чӀун жеги вуцӀцӀун халгьабулев вугев васасул гъажалда кверги лъун, Прокофьевас.

– Большевик вукӀинарищха, ле, большевикасул вас! Дир эменги большевик вукӀана, – ян лебалго жаваб кьуна гьес.

– Лъималгун хӀалаго Темир-Хан-Шураялда, гьев кидаго багӀарармейцазул командир вукӀунаан, – абун тӀаде жубана ясалъги.

Гьей гьесул яц йикӀин бихьулеб букӀаниги Прокофьевас цӀехана:

– Нуж яцги вацги кколел ругоха?

– Уха.

– Темир-Хан-Шураялде ккарал кинанха нуж?

– Гьенир рукӀана ниж, гьениса кӀодо-эбелалъухъе рачӀун руго.

Гаргадилаго, суалал кьолаго Прокофьевас, жиндирго таргьил тӀиналдаги хъирщадун, гьениса гъуд-гӀучӀги, тӀадго бугеб багӀарал тӀагъабазул кӀичӀвалеб нус бахъун бачӀана. Хъатиниб лъун, гьелъухъ лъикӀ мехалъ балагьунги чӀун, цинги цо кӀицӀул эхеде рехунги ккун, Прокофьевас васасда абуна:

– Гьале дуе дир сайгъат, жакъа къо ракӀалде щвеялъе. Гьаб нус букӀана дихъ киналнигиги рагъул соназда, дуцаги цӀуне гьеб дица цӀунараб гӀадин.

Носода берчӀвайдал вас цин хехго ясалъухъ валагьана, хадув Прокофьевасухъ валагьун чӀана. Гьесда божизе кӀолеб букӀинчӀо гьединаб берцинаб нус жиндие кьолеб, гьеб жиндир букӀине бугилан абураб жоялда. Яцалъ, АхӀмадилан цӀарги абун, щибали жо абуна вацасда магӀарул мацӀалъ. Вас, вихьулаго, пашманлъана, амма гьес таваккалго абуна:

– Йохъ, дица гьеб босиларо, гьеб дуе къваригӀуна диеялдаса. Баркала!

– Дие къваригӀунаро гьеб гьанже тӀокӀалъ. Рагъ лъугӀулеб буго. Гьале кватӀичӀого ХӀоцоса Нажмудин кверде восила. Цинги киса–кибего эркенаб, ракълилаб гӀумру букӀина.

– Кидаха ХӀоцосев кверде восизе вугев? – ан цӀехана васас.

Ясалъеги рагӀизе бокьана гьелъие жаваб.

– Цо-кӀиго моцӀидасан восилин кколаха. Ма, босе дуца дир сайгъат. Дица дуе ракӀ-ракӀалъго кьолеб буго гьаб.

Яцалъ нахъеги цо жо абуна вацасда ва гьев вохана. АхӀмадица хӀеренго нус босана ва гьаругьинан гьелъул хал гьабуна, катида гӀадин тӀад квер бахъана ва, хӀайранго Прокофьевасул бадивеги валагьун, гӀурус мацӀалъ абуна:

– Спасибо! – ян.

– Гьанже бегьанаха. ХӀалчӀахъад! АхӀмад гурищха дуда цӀар? – ан цӀехана Прокофьевас, тӀагъуралда кверги лъун, гӀодове къулун, гьесул бадивеги валагьулаго.

– Агьа, кинабго битӀун буго, гьалмагъ красноармеец! – ракӀалдаго

гьечIого чесги ккун, витIун чIана АхIмад. Петр Осиповичги чIана гьесда витIун, махIалда бахъараб хIунсиялъ цо тIуркIизеги гьавун.

– Дида цIар буго Петр Осипович Прокофьев. Дур яцалда? – ан цIехана гьес.

– Зайнаб ХIажиева, – ан абуна ясалъ.

– Гьанже нилъ цоцада лъанаха. Гьанже нилъее лъим киса щолеб?

– Гьаб бакIалда гъоркьехун буго ицц. Дун ина гьениве, – ян разилъана АхIмад.

Зайнабица изну кьедал гьев, Петр Прокофьевас къватIибе бахъараб манакIоги босун, лълъеде ана.

Прокофьевас мухIканго Зайнабида цIехана росдал хIакъалъулъ, гьелда рихьарал тушманасул щулалъабазул, гъоркьчIелазул, хандакъазул, къадазул. Гьесие бокьун букIана кIванагIан дурусал баяналги ракIарун, росдал ва росу сверун бакIалъулги карта бахъизе. Гьес цIехана постал кир-кир рихьарал, кире ракIарулел муридал, мажгит киб бугеб, асирал рехулел гвендал кир ругел, рагъ киб букIараб, багIармейцал щиб рахъалдехун ругилан абулеб бугеб? Прокофьев цIакъ разилъана унго-унгояй разведчицаялъ гIадин цIодорай, бегIерай Зайнабица кьурал жавабаздаса.

Зайнабица абуна Прокофьевасда гьев кIванагIан хехго гьаб бакълъудаса нахъе ине кколилан, щибаб минуталъ гьесда тIаде ХIоцоса Нажмудинилал рачIине бегьулилан.

– Гьанир гьабсагIат я багIарал гьечIо, я хъахIал гьечIо. ГIурусал гьаб магIарда руго. Муридал гьез росу бугеб рахъалде тIуризаруна, амма росдада тIаде кIанцIизе гьезда кIвечIо, – ян абуна Зайнабица, аскаралъул кинабго ахIвал–хIал лъалей гIаданалъ гIадин.

– Киса дуда гьебгощинаб жо лъалеб? – ан цIехана гьелда Прокофьевас.

– Дир гьезде щцин буго. Дирги эмен чIвана Темир-Хан-Шураялда гьез. Дунги, вацги, кIодоэбелги хутIана. Нижеца гьездаса рецIел босизе буго, – ян гьаракь сорон кIалъана яс. Гьелъул бадиб магIу кунчIана, амма гьелда кIвана, гьеб тIинкIизе биччачIого, жанибго хIебтIизе.

Прокофьевасе кIудияб асар гьабуна гьелъул хабаралъ.

– Гьаниса рикIкIад гьечIеб бакIалда буго мун жанив вахчизе бегьулеб нохъо. ЛъалхъичIого, гьабсагIатго рилълъине ккола гьенире, – ян хабар цогидаб рахъалде сверизабуна гIакъилай магIарулалъ. – Дунги АхIмадги кватIизе бегьуларо, щайгурелъул, къасиялде хъачагъазул охранаги гIемерлъула, постазул бала-гъалагьиги цIикIкIуна. Хъархъалги рикьизарун, ваккун вачIана, хIалакун вилълъиналъ хIухьел хехлъарав АхIмадги. Прокофьевасе лъикIлъи гьабизе щвеялдаса вохарав гьес, хъата-масан манаркоги гьесухъе кьолаго, абуна:

– ТIадкъай тIубазабуна, гьалмагъ Петр Осипович!

– Баркала, баркала, – янги абун, гьес манарко таргьинибе рехана ва хехго рилълъаян абуна.

Къечон холев вукIарав гьесда лъим гьекъезецин кIочон тана, гьев вукIана Зайнабил хабаралъул асаралда гъоркь. Гьесда бичIчIана ясалъе пашманаб хабар цIи гьабизе захIмат букIинеблъи ва гьев вуцIцIун чIана тIокIаб суалги кьечIого. Гьес гIицIго цо-кIиго нухалъ бетIер кIобокIана, вахIиланги щурулаго. Гьесул кутакалда ракI рекъана магIарул лъималазда.

Хасго Зайнабида. «Гъавги бихьинчияв жо вуго» – абун ургъулаго гьимана гьев яцалъухъе кквезе кверги кьолаго, гьелда цадахъ цеве-цеве вилълъунев АхIмадил гъаларааб тIагъуралъухъги валагьун. «БахIарчиял чагIи рукIуна магIарулал. Пайда щибха, ХIоцоса Нажмудиница мекъияб нухде тIамулел ругоха гьезул гIемерал гIадатиял гIадамал, амма большевикалги гIемерал руго гьезул. БагIарал партизанал. Маргъабазулъ гIадаб бицен буго гьезул таваккалалъулги бахIарчилъиялъулги. Дидаго дагьалищ гьел рихьарал Темир-Хан-Шураялда, Жунгуталда, Лавашир. Гьав багIарасулги лъугьине вуго цо цIум» абун нахъеги валагьана гьев АхIмадил хIатIил тIадагьлъиялъухъ.

Лъимал нахъехун ралагьана ва гьезда бичIчIана Прокофьевасул хIатIил иш лъикI гьечIеблъи. Гьев, туманкIгун гIунтIун, кигIанго яхIалда вилълъунев вукIаниги, гьездаса нахъа хутIулев вукIана. Лъималаз, хехго рачIун, кIиябго рахъалдаса Петр Осиповичасул гъажаби ккуна. Амма Прокофьевас кквезе биччачIо.

– Гьединан гогьдаризабизе бегьуларо къаркъала, – ян абуна гьес, – гIицIго нуж цодагьал гьаругьинан рилълъа.

– Нижеца бачIинахъего кумек гьабичIогоян барщунищ мун? Нижеда лъан букIинчIо дур бох гьедин цIакъ унтун бугеблъи, – ян абуна гIайиб бичIчIун, гъоркьан тIаде Прокофьевасул бадивеги валагьун АхIмадица.

Прокофьевасе кеп щвана лъимадулаб гIадатлъиялдаса. Гьев лъалхъана.

– Гуро, гIолохъанчи, щиб дуца бицунеб?! Бихьинал барщулелищ? Дида гьеб жо ракIалдецин ккечIо. Дида бачIинахъего бичIчIана нуж унго–унгоял магIарулал, лъикIал, цIодорал лъимал рукIин.

АхIмадие хиралъун ккана гьев ворхатав, гъункарав, кIкIвачIолъиялъ михъ-мегеж чIегIерлъарав гIурусав. Халатккараб гьумер, хъахIилал берал, бегIераб мегIер, борхатаб нодо – кинабго лъикI бихьулеб букIана васасда. ГIезегIанго къоги бихьун гьел гIурухъе щвана.

– Гьаб лъарищ? – ан цIехана Прокофьевас.

– Гьаб гIор буго. Гьалда цIарги Гьазигъумек-гIор буго. ГIор тIокIкIун ва тIеренлъун букIуна хасало. Кинаб лъар дуца цIехолеб? – ан гьикъана Зайнабица.

– Хьаргаби росдада аскIоб цо лъарги буго. Гьенире рахине ккола ан нижер солдатал.

– Агьа. ГIаймакилъар буго дуца абулеб, – ан гъорлъе жувана АхIмад.

– Доре щвечIо нуж ва магIардехун рохьоре ана нужерал, – ан иш лъан жаваб кьуна Зайнабица.

Прокофьев гIурул рагIалда гIодов чIана ва дангъураялъ босун лъим гьекъезехъин вукIана.

– Гьеб гьекъоге, гьеб цIакъго цIорораб буго. Доб манаркIоялъуса гьекъе, долъул бугьи батизе буго. Кинниги иццул лъим гIурул лъимгIан цIорорабги букIунаро хасало, – ян абуна Зайнабица. – Хехго нохъоде жанире рилълъине ккола, гIадач-чиясда рихьилалде.

Петр Осипович гьелъухъ гIенеккана. Нохъоде жанибе нух къваридаб бугоан. АхIмадицаги Петр Осиповичасги гьениб цебе бараб къедаса чанго гамачI нахъе босана. Гьелдаса хадув, захIматго букIаниги, Прокофьев нохъоде жаниве лъугьана. Жанив киса-кивго валагьидал, Петр Осипович хIикмалъун хутIана нохъоялъул квегIенлъиялда. Лъабго метр – халалъи, кIиго метр – гIеблъи. Рахъун чIезе бегьулел рукIинчIо гьенир.

Прокофьевас жиндихъго букIарабги Зайнабица бачIарабги квен къватIибе бахъана.

– Ниж ракъунги гьечIо, кватIизеги бегьуларо, – ян гIодой чIолей йикIинчIо яс.

Амма Петр Осиповичас гIемер гьаридал, цин АхIмад мукIурлъана, хадуй, АхIмадги тIаделъидал, Зайнабги мукIурлъана кваназе.

– Росулъ йиго нижер кIодо-эбел, тохтир. Долъухъа нижеца дуе хурдузул дараби росила, – ян абуна Зайнабица. – РачIинеги, метер санагIат ккарабго рачIина нижер цоял, дун яги АхIмад, рачIине рес ккечIогоги букIине бегьула. Лъим гьанже дудаго босизе кIола гIурухъа. Амма къаси яги къад накIкI бугеб мехалда гурони къватIиве вахъине бегьулароха мун. Хъаравуллъи гIемераб буго.

Прокофьев ракI-ракIалъ вохун вукIана лебалай ясалдаса.

– АхIмадги Зайнабги, нуж цIакъ цIодорго чIа. Амма киб-щиб цIияб жо бихьаниги дида бицине бокьилаан. Нилъер мурадал цого рукIин бичIчIана дида. Постал, заставаби кир ругел, чан ругел лъани лъикI букIинаан. Росдал суратги бахъун гьенир тIад рихьизарила нилъеца гьел. БагIаразе гьелъул кIудияб кумек букIина. Нижеразе ва нижгун цадахъ ругел нужерго багIаразе. Цо нухалъ как базе мажгиталде жаниве чам Нажмудинилав унищали рикIкIе. Муридал рагъухъабиха. Нужеда лъалагури дол ратIа рахъизе?

– Лъала! – ян кIвар кьун гIенеккун абуна лъималаз.

Гьезул гъира бахъана багIарармейцасул тIадкъаял тIуразаризе. Гьалги ккелагури гьеб мехалъ большевикал. Эмен гIадал. Гьав гIурус солдат гIадал. Прокофьевасда бихьана гьезул гъира.

– Вореха, цIодорго рукIа. Дие щибниги лъачIониги ургъел гьечIебха нужер бетIералдаса цо рас гIодобе бортизегIан. БичIчIарабищ?

– Так точно, товарищ красноармеец! – АхIмадица чес ккуна. «Пайда щиб дунги багIаразда цадахъ гьечIого» – абун, пикруги гьабуна васас.

– Къо–мех лъикI! – ан абуна лъималаз нохъодаса къватIире унаго.

ГъутIбузда, заз-хъарахъалда гъоркьан рилълъунаго гьез росулъехун нух босана. Петр Осипович живго хутIана, амма гьесул рекIелъ кIудияб рохел букIана ракIалдаго гьечIого дандчIварал большевикасул лъималаздаса.

Къаси макъу Прокофьевасул рахIат гьечIеб букIана. Якъинго рагIулеб букIана гIор бахун доб рахъалъ рехе-эхеде унел-рачIунел ХIоцосесулазул гара-чIвариги сасги. Рогьалилъ Петр Осиповичас лълъел рател гьабуна ва тIубараб къоялъ жиндирго «рокъов» хIалтIулев вукIана. Гьесул таргьиниса киданиги камичIо кагъат-къалам. Гьесие бокьулаан бихьараб, лъугьараб жо къалмикье босизе, батIи-батIиял бакIазул картаби рахъизе. Гьесул зарраялъулъго букIана тIабигIаталде, географиялде рокьи. Гьесие бокьулаан живго щварал бакIазул цIарал ракIалда чIезаризе. Гьале гьанжеги гьев вуго Хьаргаби росдал ва гьелъул сверухълъиялъул карта къалмица бахъулев.

Египеталъул си гIадаб росу, росулъа къватIире нухал, сверухъ ругел мугIрузул кIкIалал, кьоял, живго вачIараб авлахъ. Зайнабица бицараб хабаралда рекъон, Нажмудинилазул рагъулал щулалъаби.

Гьесул гьудул Александр Андреевич Шумилиница махсароде гьесда абулаан: полкалъул командирлъун тIамизе кколин мунилан. Полкалъул командир Веревкинидаги лъалаан Прокофьев. Гьанже Прокофьевасе къваригIун буго гьаб карта жеги мухIканго гьабун Лавашаб

командованиялъухъе ккезабизе. Йохъ, реццалъе гIоло, цIаруе гIоло гьабулеб хIалтIи гуро гьаб. Гьединаб буго красноармеец Петр Осипович Прокофьевасул гIамал.

Нахъисеб къоялъул сордоги парахатаб бачIана. Амма рекIеда парахалъи букIинчIо. АхIмадиеги Зайнабиеги щибниги къварилъи кканадайилан ургъел букIана гьесда. Гьанже гьесул ракI бухIизе байбихьана жинцаго гьезие дол тIадкъаял кьурал щайилан.

Лъабабилеб къоялъ, хъахIлъи лъалелдего, АхIмад ваккана. Гьес бачIана кIодоэбелалъ ругъун чуризе гьабураб хурдузул дарудал лълъел шиша, хIан, гьан, бакараби ва гIанкIудал ханал. АхIмадица бицана балъгояб гъоркьчIелалде тIаде ккун гIемераб мехалъ цIорораб ракьалда вегун чIезе кканилан. Прокофьевас хантIан карта цебе бахъана ва гьеб гъорчIел гьелде босана.

АхIмадие цIакъ бокьана карта-сурат. КIудияв чи гIадин тIаде къулун чIун, гIемерал гIунгутIаби ритIизаруна гьес Прокофьевасул картаялда. Карта дагьабги дурусльана. АхIмадица бицана гъоркьчIелалда рукIаразул гара-чIвариялъулги. ГIемераб жо лъана гьесда гьеб сордоялъ. Лъана Нажмудинилал киса-кирго нахъе кьабулел рукIин ва кватIичIого Хьаргаби бакIги бахъизе бегьулеблъи. ХIоцосесул муридал рекьарухъаб-багIарал партизаназул рахъалде тIурулел рукIинги. Кванил рахъги гьезул лъикI гьечIеблъи.

АхIмад ун хадув гьес бачIараб даруялъ  Прокофьевас ругъун чурана. ХIакъикъаталдаги саламатго мадар лъугьана. Прокофьевас АхIмадихъе кьуна росдал картаги живго вугеб малъкъосараб хIалалъул хIакъалъулъ кагъатги. Гьес гьарана кIодоэбелалда абеян гьеб Лавашибе, штабалде щвезабизе кIолев чи валагьеян, жиндаги жиндир гьудулзабаздаги гьеб лъикIлъи киданиги кIочене гьечIиланги абеян.

Радалалде къалаго нохъоялъул кIалтIа хъваши бахъана ва Зайнаб яккун ячIана. Гьелъул рахIат хун бугоан. Гьелъ бицана кIодоэбелалъ божел гьабизе бегьулев ГIумарчил МухIамад абулев чи валагьун вукIанилан, амма тIадкъай тIубазабизе живго АхIмад нолъго рокъоса тIурун ун ватанилан.

– АхIмад ун вугоя? – ян виххун ккана Прокофьев. – Дида, я кIодоэбелалда цIарцин бахъичIого. Кваназе жоги цIакъ дагьаб гурони босун гьечIо цадахъ, – ан бицана гьелъ, ургъалилъе ккун.

Прокофьевасдаги ургъел чIвана, амма гьес. хIал лъазе биччачIого, Зайнабил ракI батизабуна:

– АхIмад гIадал лъималазде цIакъго кIвар буссинабуларо, гьев гьумерхъахIго, хъал бацIцIадго тIадвуссине вуго. АхIмад цIодорав васги вуго, гьев тохлъулев чиги гуро.

Зайнаб дагьай парахалъун ана рокъое. Парахалъизаюна гьелъ кIодоэбелги.

## 2. АхIмадил сапар

Къаси рокъове щвейгун, АхIмадица карта тIомохьитида жаниб лъуна, кагъат тIагъуралъул багьараб бакIалдаса жанибе къазабуна. Гьесул хIисаб букIана нагагьлъун тIад ккуни, чIухь бани, цояб батун, цоябгIаги нахъе хутIилилан. Гьев свакараБ ххвелалда хехго вегана ва кьижаравлъун чIана.

Яцги кIодоэбелги кьижун ккедал, АхIмад катихъего тIаде вахъана. Гужгат ретIана. Нолъ хутIараб кванилжо босизеги рекIеда ватана гьев. ХIохь къотIун АхIмад нуцIихъан къватIиве лъугьана.

ГIемераб мехалъ ургъана гьев босиладай босиладородай Петр Осиповичас сайгъат гьабураб нус цадахъилан. Ахирги гьес хIукму гьабуна гьеб босичIого тезе. Цадахъ босана гьес жеги кIудияв инсулго росдал къебедас харицелалъул гьабун букIараб рокьол тIагъабиги ругеб нус. КъватIиб бугоан тIад тIупун лъураб чIегIернакIкI. Балеб букIана гIазугун жубараб гIисинаб цIад. Гьеб тIабигIаталъ АхIмад цин виххизавуна. Гьев лахIзаталъ щакдаризе байбихьана: инадай-инородаян? Амма Прокофьевги, гьесул бохалъул ккезе бегьулеб жоги, картаги цебе бачIана гьесда гьебсагIаталда. Гьев таваккалго болъабаздаса гIодове рагъидаса азбаралде вилълъана.

– Гье, гьаб тIадеги лъикIин бугеб. Гьадинаб сордоялъ жинцаго дие кумек гьабула лъидаго вихьичIого росулъа къватIиве ворчIизе. Гьебин абуни тIоцебесеб кIвар бугеб масъала ккола, – ян разиго хIисаб гьабуна АхIмадица. Киса бачIараб лъачIого бачIун цебе чIана Санкур – гьве. Гьеб букIана кIодоэбелалъул гьве. КъокъитIаго гьеб АхIмадиде ругьунлъана. ГьабсагIатилан абуни, гьеб гIисинккун цIи–цIидилаго, лъурлъудулеб буго.

– Йохъ, Санкур! Къаси мун дида цадахъ бегьуларо, – ян щурун абуна АхIмадица, жиндасаго добегIан гьвеги цулаго. – Ма дуе гьанги, нахъе а.

Санкур кIусун букIана АхIмадица таргьинибе квер бегьулаго. Гьес гьанги тIад бугеб ракьа цебе ккведал, мухIканго гьесул хьатиниса гьебги босун, гьве, цояб рахъалдехунги ун, бецIлъиялъукь тIерхьана. АхIмадица каву рагьана, гIинтIамун чIана. КъотIноб сихIкъоти букIана. Кавудухъа къватIиве лъугьаравго, гьев цо къваридаб къотIновехун сверана ва росдада нахъе ворчIулеб рахъалдехун валагьун ана.

РосурагIалде щолаго гьесда рагIана чуязул тIваркъи. АскIор, къотIнор къадал ракьанда лъун ругоан, маркIачIумехалъ гIодор чIун, чIумалги рехулаго, дунялалъул боцIи-панзалъул бицун хараби гIодор чIолел, чIахIиял чIалаби. АхIмад гьезда нахъа вахчана. Гаргадилаго гьесда цересан ана буртинаби ретIарал хIоцосезул чодулал – кIиго мурид. Гьел тIерхьаралго, АхIмад, рахъ-рахъалдеги валагьун, жиндирго нухда хьетана. НакIкIул кумекалдалъун росдада нахъа бугеб байданалдасаги ворчIун, АхIмад, цин заз-хъарахъалъуве, хадув лъедерабго рохьове жаниве тIерхьун ана. Сордо рогьиналде бищунго хIинкъараб, хIоцосесулал дандчIвазе бегьулеб, бакI тезе хIалакун вукIана гьев.

Чан нухалъ АхIмадица гьединал хIинкъарал бакIал къотIарал. Амма киданиги гьев гьанже гIадин я свакан вукIинчIо, я гьалаглъун вукIинчIо. Гьесда щаялиго, гIумруялда жаниб тIоцебе, жиндирго ракI кьабулеб сас рагIана. «Щайдай гьаб гьадин хIалтIулеб бугеб? – абун ургъана гьев. – Агьа, чIезе буго гьабсагIат!» Гьев хадубккун живго ине кколеб нухалъул хIисаб гьабизе лъугьана. «Кинандай хехго ва нухда квалквал ккечIого Лавашие ворчIилев?» ЦIакъго бокьун букIана гьесие даци Петр Осиповичасухъе щвезе ва жив дур тIадкъай тIубазабизе унев вугилан лъазабизе. Амма гьесда бичIчIулаан Прокофьевас жив бигьаго къватIиве вахъине виччаларевлъи. Гьелде тIадеги, чияразда гьев нохъоде унев вихьизеги бегьула. АхIмадица хукму гьабуна кьурул ракьанккун эхеде ине. «Гьеб бищунго хIинкъи гьечIеб нух бугин ккола». АхIмадида ракIалде щвана инсуца, гурараб кагъатги босун, маххул нухазул цо лъалев гIурус хIалтIухьанасухъе живго витIараб куц. Гьесухъе цIан витIун ине АхIмадие цIакъ къокъаб нух букIана, амма инсуца гьесда малъана свера-кIичIал ккун ине.

«Гъединан мун гьесухъе ракIчIун щола» – ян абуна, жиндирго гIисинал, берцинал, хъахIал цабиги цере раккун, гьимулаго, АхIмадил гъажалда кверги лъун, инсуца. АхIмадица инсуца абураб хIалалда гьабуна, кIиго нухалъ халатаб нух тезе кканиги. Замана, гьанжеги гIадин, хIинкъараб букIана доб мехалъги. Инсухъе цо-цо мехалъ гьесул лъалел-хъвалел чагIи ракIарулаан. Гьединаб мехалъ инсуца АхIмадида, ахIун аскIовегун, гъажабиги ккун, цевеги кIусун, хIеренго, амма кIвар бугеб хIалалда, бадивеги валагьун, абулаан: «Нижеде тIаде къватIисан кIулал рай, АхIмад, мунгоги гьоросан нухде валагьун чIа нилъехъехун щал рачIунищали халккун».

Инсуца цо-цо мехалда тIадкъай кьолаан Зайнабиеги. Амма – къанагIатго. ГIемерисеб мехалъин абуни тIадкъай кьезе вищулаан инсуца АхIмад. АхIмадида ракIалде щвана цо нухалда инсул тIадкъай тIубазабизе Петровскиялде Зайнаб арай куц. Гьей ана жийго цохIо ва кIиго къо бана гьениб. Маххул нухдасан поездалда гьей тIоцебесеб нухалъ ун йикIана. Инсул тIадкъайги гьелъ лъикIго тIубазабуна. Зайнаб тIадюссун ячIиндал инсуца гьей цIакъ еццана ва гIурус мацIалда «молодец» йигиланцин абуна. АхIмадил гьудулзабазда гьорлъ Шурагьир гьесул гIелалъул таманал гIурус васалги рукIана, гьездасан гIурус мацI АхIмадидаги лъана, магIарул мацIалде АхIмадица гьелги ругьун гьаруна.

Гьеб кинабго ракIалде щвана АхIмадида гьабсагIат, гьаниб, къаси сардилъ, рохьоб жаниб ва гьел гьудулзабигун цо дагьабго мехалъгIаги васандизе вугевани гьанжейилан ракIалде ккана гьасда. Эмен хведал, чедги гIарацги гьечIого хутIарал гьал, рукъалда кIулалги ран, ретIел-хьитги хутIарал кванил нигIматалги росун, Хьаргабире инсул эбелалъухъе рилълъана. Гьей жийго кколаан Хъвартихьуниса, гьитIинаб мехалъго Хьаргабиве, магIишат гьабизе бигьаяб гIадаб росулъе, вачIун чIарав инсул яс.

ГIор бахун добаб рахъалда кьвагьдолеб сас бахъана. БатIа гьабуна АхIмадица «Максим» пулеметалъул гъварараб гьаракь. АхIмадида гьанже лъикI лъала максимкаялъул хатI. «Гьадаб «Максим» багIарал буго. БагIарал партизаназул батизеги бегьула. ХIоцосесул «кIкIараялъул» накIкIал рещтIиналде Хьаргабир багIар партизаназухъги рихьун рукIана дида «максимкаби» – ян пикру гьабуна васас.

Кьвагьдей цIикIкIана ва АхIмад, лъалхъизеги лъалхъун, гьеб сасалъухъ гIинтIамун чIана.

– БагIаризабе, багIарал! Дир инсухъги ва дун гIадин хутIарал лъималазул эбул-инсухъги рецIел босе! Дун кIудияв гIедал дихъеги щвелел ратилин гьел кIал гьикъизе, – ян щурун абуна АхIмадица, заралги рукъун, кьвагьи рагIулеб рахъалдаса бералги нахъе росичIого.

Къаси рохьосан вилълъине захIмат букIана, нухда ратулел рукIана гвендал, хъитIал, рахъал, регарал гъутIби. БецIлъиялде берал ругьунлъун рукIаниги, цIодорго вилълъине кколев вукIана. Цо бегараб гъотIода тIад гIодовги чIун АхIмадица хIанги бакаридал цо кесекги кванана. Амма гьебсагIатго лъим гьекъезе бокьана. Лъим букIинчIо. ГIодов чIараб мехалда бичIчIана гьесда жив квешго свакан вукIин. Гьес хIукму гьабуна цо дагьаб мехалъ кьижизе. Кьижизе АхIмадица тIаса бищана сверун гIисинаб гъветIхъарахъги бугеб гомоглъи. ГIаркьалабазул бусен гьабуна гьес. Киданиги рохьов кьижизе ккечIоан АхIмад, хасго цохIо живго. Гьединлъидал,

рекIее цо кинабалиго рахIатхвейцин букIана гьесул. Щибаб хъващиялъухъ гIенеккулев вукIана гьев, кигIанго бахIарчиго чIезеян къеркьаниги, хIинкъи рекIелъе лъугьинчIого чIолеб букIинчIо. Петр Осиповичасдасан гьесда лъан букIана рагъал ругел бакIазда гIалхул хIайванал, жанаварал чIолареблъи. Амма АхIмад гьелда тIуванго божун вукIинчIо, щайгурелъул, гьесда росдада нахъа цо нухалъ церги бихьун букIиндалха, бацIил лъалкIалги ратун рукIиндалха. РетIелги хасало къватIив кьижизегIан хинаб букIинчIо гьесда тIад. Кин букIаниги, гьев, вегун мехго балелде, кьижун ккана. Гьев квачазе байбихьана, расукI гIадин вукIкIун чIаниги, квачалдаса бергьунев вукIинчIо АхIмад. Квач гьесухъе щолеб букIана тIасанги гъоркьанги. КигIан санагIат ургъаниги гьесда берцинго кьижизе кIвечIо. Гьеб мехалда гьес, тIадеги вахъун, бусеналда сверун хьвадизе лъугьана. Гомоглъиялда тIадеги гIодовеги векерана. Хинлъана, амма свакана. Ахирги свакарав, тату хварав АхIмад рогьалиде гIагарлъулеб мехалда, щулияб, лъимадулаб макьида кьижун ккана. Макьилъ гьес мех-мехалда тIагъуралда квер хъвалеб букIана кагътил ахIвал-хIал кинан бугищали хал-шал гьабулеб гIадин. Карта жаниб бугеб хIетIеги букIунаа гьес, цIикIкIун карандегIан къан, макьилъги цIунун.

Рогьаралдаса гIезегIан заман ун букIана АхIмад макьидаса ворчIидал. КигIан мехалъ кьижаравали гьесда лъазе кIвечIо къо кьерхараб букIиналъ. АхIмадил фуфайкаялъул цояб хьибил букIана биччун. Гьелдалъун гьесда ракIалде ккана цIагIагидай бакилаян. Хадув, ургъидал, гьесда бичIчIана гьеб пикруялъул гIадаллъи. Гьес цо чIараб бакIалда эхе-эхеде кIанцIезе байбихьана хинлъизелъун, кигIан сваканиги лъалхъинчIого. Хинлъана ва гьес радал кваназе хIукму гьабуна: чадил кесек, хIан, ражипорол гожо, цо хоно. ЦIамул иш хун батана нисдада аскIобе ккун, нисудаян абуни цIам хисизе кIвелаан кигIан лъикI бокьаниги.

Кванан вахъиндал къеч цIикIкIана. АхIмадида ракIалде щвана лъималгун цадахъ араб риидал гьанив свердилаго, гьазда гьаниб цо, риидал цIорораб, хасало хинаб ицц батун букIараблъи. Гьебги бихьуларищали, жиндирго хадубккунисеб нухалъги планги гьабизе АхIмад вахана, рикIкIадаго гьечIеб, борхатаб кьурул гIусалде тIаде. НакIкI бикьун ун лъугIулеб букIана, хъахIазул тIутIурал байрахъал гIадин гьелъул кескал рукIана дандритIарал мугIрузул бегIерлъабазда ран хутIун. АхIмадида ракIалде щвана жинцаго гIака кваназабурал ва лъималгун васандарал авлахъал, кIкIалал, хьитIал. Лавашивехун ине кколеб мухъалъул хIисабги гьабун, гьев цо хьитIнисан эхеде иццухъе вилълъана. Гьесда борхалъудасан бихьана гьеб букIине кколеб талалъи. АхIмад ахирги векерана иццухъе. Амма ицц къун батана. Гомогккун эхеде вилълъана. Малъкъосарав АхIмад кьурул ракьанде щвана ва ракIалдаго гьечIого гьесда бихьана цоги ицц. Чвантиниб лъолеб матIу гIадин бугоан гьеб, сверун цIорол горги къан, бакьулъа тIокIкIинеги тIокIкIун. АхIмадида куркьби рижана. Гьев, багьа гьавун, гIодов къулана ва гьаругьинан дангъура цIун лъим кIалдибе босана. Гьеб гьекъезе кIвеларебгIан цIорон гьечIоан. «Унго-унголъунги хасало гьедигIан цIорон букIунеб гьечIо ицц!» – ан пикру гьабуна васас. Гьекъана гьес дагь-дагьккун къеч буссинегIан.

Цо дагьаб мехалъ иццухъ гIодов чIунги вукIун, тIаса бахъун тIагъургун «рисалаталъул» халги гьабун, гIодоб тунк-тункун хIетIегун, картаялъул хIисабги гьабун, АхIмад жиндирго нухде вахъана. Гьесул хIисабалда гьев жакъа Лавашиве щвезе кколаан.

КIиго километр гIанасеб нух тедал, квегIаб рахъалдасан, рохьоса жанисан, магIарул мацIалда ахIулеб рагIана:

– Ле, мун щив кколев? – абун.

АскIоб букIараб гъотIодаса чIегIергъедо, къвакъвадилаго, боржун ана.

АхIмад, гьабизе жоги лъаларого, ракьулъ къарав чи гIадин, вахъун чIаралъувго хутIана.

– Гьаниве вачIа, щай мун гьенив вахъун чIарав?

АхIмадил мукъулукъ бакъвана, гьесие хIухьел цIазе захIмалъана. Цо горо букIана щокъроб къан, кинго къулчIизе кIоларого. Гьесие хIухьел гIолеб букIинчIо. Макьилъ гIадин гьесда рихьулел рукIана парахатго жиндаго аскIоре рачIунел магIарул кIигояв. Гьесие бокьун букIана тIагъур бахъун, лъороб къазабизе, амма гьесда бичIчIиана гьебмехалда, «щай гьаб бахчулебанги» абун, гьез гьелъул хал гьабизе букIин. Хьитил гьесие гьедигIанго ургъел букIинчIо, аслияб документ гьениб букIаниги.

«Щибха гьабулеб?» – гьесул рекIекьа рикьана, нагагь тIад ккунани, кьезе рукIарал жавабал. АскIоре щолел муридазухъ тункIал рихьулел рукIана АхIмадида. Къохьол хъабарчабазда тIаса патирабазул цIурал рачелал къан рукIана, бакьулъ далун рукIана залимал хунжрул. БутIрузда ругоан керчал, тIогьилал къохьол тIагърал. Габуралда жемун рукIана гIурччинал башлихъал. Цоясул тIагъуралда къан букIана гIурччинаб чалмаги.

«ТIуре, тIуре!» – абун бижун бачIана АхIмадил ботIролъ цо пикру. «Дида хадур гъезе гьечIо гьал». АхIмад щиб гьабилебали ургъун вахъиналде магIарулал гьасда аскIоре щвана. Цояв, чалма къарав, хIисаб тун релълъарав вукIана ГIусманида – хьаргабисесда, ХIоцоса Нажмудинил балъгояв жасусасда, АхIмадил эмен чIваялъулъ гIахьаллъи гьабурав хъурумсахъида. Довго гIадав, гьведулаб куцалъул, рас багIар, хасго ГIусманилалда берал рукIана гьесул релълъарал. Гьел АхIмадида бачIинахъего рихьана: цIахIилал, ццидалал, тIаде-гIодоре халатал ясберал ругел. Лага гьесул ГIусманилалдаса дагьаб халатаб букIана ва ГIусманидаса хIалакъккарав вугоан. АхIмадилъ гьесдехун рокьукълъи бижана, гьелъ гьев дагьав гIодове виччазавуна, хIинкъи лъугIизабуна гьесулъа. Гьесулъ ццин ва беркъангутIи гьалдезе лъугьана. Цогидав магIарулав вукIана къокъав, гьацIул кьерал, лъикIал бералги ругев. Кьунсрулги рукIана гьесул тIеренал. Амма магIарзукъалал рукIана, гьесул гурел¸ чияр росун гьесда лъурал гIадал, гьесда рекъечIел, халатал, гьод барал. «Гьав расбагIар… пайда щиб цо. Ццидал къвачIа! Гьав цояв лъикIав вуго» – абун пикру гьабулеб букIана АхIмадица.

– Кивехун мун унев вугев? – ан цIехана аскIове щвараввго расбагIарица.

АхIмад, тIаса гъоркьеги, гъоркьан тIадеги валагьун вуцIцIухIун чIун, гьесул хал гьабулев вукIана жавабги кьечIого. АхIмадица гьесие гьаризе батIи-батIиял жал ургъулел рукIана.

– Гьа, щайха мун вуцIцIухIун чIарав? – ан ццидахунаго ва рокьукъго цIехана чалмачияс нахъеги, гъветI къотIараб хIохьода гIодовги чIолаго.

– Рокъове унев вуго, – ян абуна АхIмадица, ццидаца соролеб гьаракьалъ, кьож гIадин расбагIарал щайтIабазулал беразде жаниве валагьун.

«Дун гьасухъ валагьизейищ вачIун вукIарав. Дица гьадин тIадкъай тIубазабуларо. Дагьав тамахлъизе ккела дун, – абураб пикру бачIана АхIмадил ботIролъе. – Дида мухIканго лъалев гьечIелъул гьав дир эмен

чIваразул къайицадахъавищ яги гуревищали. Ватаниги, гьабсагIат дун гьесулъ вагъизе бегьуларо. Дида аслияб тIадкъай кIочене бегьилищ? Амма дица гьасул куц-бегI ракIалда чIезабила. Хадувги дихъе щвелев гьав…» – абун жив гьазда цеве гурев, гьал жинда цере рахъун чIарал гIадин ва жив гьал гIадин яргъид гIуцIун, гьал – живго гIадин цохIо нусгун ругел гIадин, ахираб нухалъ расбагIарихъги валагьун, АхIмад жиндирго къиматаб тIомохьитазда цеве, гIодове валагьун чIана. «Гьадин чIаниги, дида гIайиб бугилан ккелагури азда» – абун тIадего пикру бачIана АхIмадихъе ва гьес хIукму гьабуна лъикIав магIаруласухъ валагьун чIезе, гьес гьасулъ лъикIал пикраби рижизарулел рукIана.

– Мун хIинкъуге, нижеца дуе щибниги квешлъи гьабизе гьечIо, – ян абуна лъикIав магIарулас, АхIмадил мугъзада хъатги кIутIун, гьесул пикраби жинда рагIараб куцалда.

– Мун кисан вачIунев вугев? Щиб росулъа?

– Шурагьаса вуго дун, Темир-Хан-Шураялдаса, – ян жаваб кьуна АхIмадица кIваркьун гьезул тункIазул хIисабги гьабулаго. «Циндаго тIадги речIчIун гьав расбагIарихъа туманкIги бахъун, гьесдего битIизабун чIани, гьав лъикIав магIарулас, дида «хIалчIахъадилан» абун гурони, дие батIияб жо гьабиладай?» – абун ургъана гьев. Гьеб гьунаралъе гIураб къуват бугищ жиндихъ, гьечIищ абун хIисаб гьабулеб букIинчIо гьес.

МагIарулал цоцахъ ралагьана ва расбагIарица, хъалиянги пагьулаго, цIехана:

– Кинанха мун гьаниве ккарав?

– Дун гIурусаз гьезул тункIалгун патронал раччун вачана, хIамида хадув. ХIамаги гьокоги гьезиеги тун дун гьездаса тIурана. Гьедин гьабеян малъун букIана дида инсуца, – ян жаваб кьуна АхIмадица, тIуванго лъавудеги вачIун, жиндирго планалда рекъон ургъараб хIалалда.

– Кибха дуца хIамаги гьокоги рехун тараб? – ан викIардизе жувана расбагIар.

– БитIахъе нух бакьулъ. Цо кинабалиго росдада аскIоб. Дида гьеб росдада цIар лъаларо, – ян жаваб кьуна жиндирго жавабалдасаги бахIарчилъиялдасаги чIухIизе байбихьулаго, АхIмадица.

– Мун гьаб бакIалде ккарав кинанха? – ян тIаса вичIулев вукIинчIо расбагIар.

– Дун мугIрузде тIурана, нухккун тIурун вукIаравани, яги нахъеги нухде вахун вукIаравани, доз кквезеги ккун, кивего кьуризе виччачIого цадахъ вачине вукIана дун. Инсуцаян абуни малъун букIана: «Мун гьез цIакъго рикIкIаде цадахъ вачунев вукIани, хIамаги гьокоги рехун те ва тIурун тIадвуссун вачIа» – ян. Дица гьединан гьабизеги гьабуна, – ян жаваб кьуна разиго АхIмадица.

– Кив вугев дур эмен? – ан цIехана жеги расбагIарица.

– Шурагьав рокъов вуго. Гьев маххул нухалъул хIалтIухъан ккола, – ян жаваб кьуна АхIмадица, нахъеги ццидал цIурал бераз тIагъуралда гъоркьан расбагIарихъги валагьун.

– Эбел йигищ дур? – ан цIехана кIиабилес.

– ГьечIо… Эбел дир гьечIо… Гьей хвана дун гьитIинаб мехалъго. Чахоткаялъ… – АхIмадил ракI къварилъун бачIана эбел ракIалде щведал.

– Щиб гьасда гьабилеб? – ан цIехана гьалмагъасда расбагIарица, гъажалда туманкIги дализабулаго, зодове валагьун гьава-бакъалъул халги гьабулаго.

– Щибха гьасда гьабилеб, рокъове ине виччай нух лъалеб батани, – ян жаваб кьуна лъикIав магIарулас. «Нухде вачинегIаги вугевани гьав, нахъеги заставаялде тIаде ккечIого вукIине» – ян пикруги гьабулаго.

– Князасухъе вачине вугевани гьав, щив ккуниги, ккурав чи алхинчIого, жиндихъе вачеян абун бугелъул гьес. Ав виччан тани, нилъеца князасда щибилан абилеб? – ян гаргадана расбагIар-чалмадулав.

– Агь, щибниги абиларо нилъеца гьесда, щивниги кквечIо –вассалам, вакалам. Лъималазул хIакъалъулъ гьес щибго абун букIинчIелъул, – ан жаваб кьуна цогидав магIарулас.

– Нух батилищ дуда, къосун ккеладай?

– Ккеларо, къосун ккеларо. Нух бахъила дица рокъобе, – ян жаваб кьуна, расбагIарил гьведул гIадал баракат гьечIел берaзде жанивеги валагьун, васас.

– Гьедин батани а, Аллагьас цIунаги мун, – ан абуна расбагIарица, гьас васасдасан цо кинабали бичIчIулареб хIинкъиги чорхолъе лъугьун ва хIеренаб ххвелалда, амма гIезегIанго хъачIго АхIмадил бетIералда тIад хъатги кьабун.

РасбагIарил гьумер хисана – гьесул кверда гъоркье ккана кагъат. Гьес, хантIан, АхIмадидаса тIагъур бахъана ва багьараб бакIалдаса къватIибе кагъат босана. Дагьавги хъирщадана тIагъуралъув, бегуниса гьабуна гьеб. Бегуниса гьабухъе васасул ботIрода къазабуна. АхIмад цин квешго хIинкъана. Йохъ, гьаб гьойца вухизе гурилан гуро гьев хIинкъарав, гьев хIинкъана гьес киса-кибего халги гьабун, хьитиниб бугеб картаги батизе гурилан. «Гьеб мехалъ багIаразе Хьаргаби росу бахъизе захIмат букIина» – ян паркъана гьесул ботIролъ лъимадулаб, амма унго-унгояв патриотасулаб пикру.

– Ворея, ворея, щиб аниб хъван бугеб? – ан, хъантIун, гьеб цIализе лъугьана расбагIар, амма гьеб гIажамалъ гуреб, гIурус мацIалда хъван батун, гьесда цIализе лъачIо.

– Агьа, гьале мун щив чи вукIаравали! – ян цIабагIарлъун вахъарав расбагIар, кьегIералде тIаде цIахIилаб, эбелаб бацI гIадин, АхIмадида тIаде къавукъун вачIана.

– Бице, лъица гьаб кагъат хъвараб, лъихъе мун витIун унев вугев? Кир ругел багIарал, багIаразул таращ! – ян ахIдана гьев АхIмадил кIалалда кагъатги тенкезабулаго.

АхIмадилги бахъана гIассияб ццин. Гьесги гIисинал зарал рукIана рукъун. Кьер тIун букIана. ХIатта дагьа-дагьаб бетIерцин унтулеб букIана гьесул. Амма гьес жигар бахъулеб букIана хIаллъазе биччачIого чIезе. Къварилъараб мукъулукъалдаса къватIибе захIматго бачIана гьасул гьаракь. Гьес цоги нухалъ, хIацIуги къулчIун, сабурго кIалъазе хIалбихьана. Гьев расбагIарихъ валагьун вукIинчIо. Гьесда кколеб букIана гьесухъ валагьанани, гьесда тIад речIчIичIого чIезе кIвезе гьечIин жиндаян.

– Дида гьеб гIурус нухда батана… Дица гьеб инсуе хьалиялъе босараб жо буго. Дидаги гьеб цIализе лъаларо, дудаго гIадин.

РасбагIарида тункана «дудаго гIадин» абураб рагIи. «Дун жагьилчилъунищ гьав гважул тIинчIалъ гьавулев вугев» – ан ццин бухъардана гьесул рекIелъ.

– Дие гIурусалги гIурусалъ хъвараб жоги хIажат гьечIо, къватIулъажо! Дица бицинабила дуда гьаб духъе кьурав чи вугеб бакIги, щиб гьалда хъван бугебалиги, киве витIун мун унев вугевалиги, гIурус разведчик, – ан абун, вас вухизехъин вукIарав расбагIар, лъикIав магIарулас гьоркьов вахъун чIун, нахъегIан чIезавуна.

– Гьаб гьадингояб жо гуро. ГьабсагIат гьав князасухъе вачине ккола. Гьав гIурусазул унго-унгояв разведчик вуго! Дида лъала, дозул гьадинал рукIуна разведчикал, – ан хехдарилев вукIана расбагIар.

– Я гьарин, виччанте вас. Щай рекIун чIун вугев гьесда хадув. Гьадинав «разведчикги» вачун рачIани гьванща бухила нилъер князас, – ан АхIмадил рахъ ккуна лъикIав, мегIер кIудияв магIарулас.

– Йохъ, йохъ! Гьанже дун рази гьечIо гьев виччан тезе. Воре, бахъея дурго таргьа мугъзадаса, щиб дуца гьаниб жаниб бахчун бугебали балагьилин, – анги абун, гьотIодехун базабун туманкIги лъун, туркIун АхIмадил мугъзадаса таргьа бахъана гьес. Жаниверги ваккун, гьениса босун бакари кIибащад бекана. Гьесда разведчикасда живго гьабсагIат кIудияб къагIидаялъ гаргалев вукIараблъиги кIочон тун букIана. АхIмад гьотIодаги базабун лъураб туманкIалде тIад речIчIун ине дагьалъ хутIана, амма гьесул нигат кIиабилев магIаруласда бихьана. Гьес, цебе хьатги ккун, гьеб гьабизе бегьуларилан бичIчIизабуна. «Агьа, гьанир бакI-бакIалда цогидал гьачагъал ратила, кьвагьулеб сас рагIидал гьел роpтун рачIине бегьула, – ян пикру гьабуна АхIмадица. – Гьав магIарулав дир рахъалъ вуго. гьес дие кумек гьабила. Гьалеха, гьадинал муридалха дол багIаразул рахъалде унел ругилан бандаз бицунеб рагIун букIараб дида». ЛъикIав магIарулас расбагIарида кIалгьикъулеб букIана гьес вас талавур гьавулев вугилан, гьесухъе ахираб чадил мочIу бахъулеб бугилан.

– Аллагьасги баркала кьеларо дуе гьелъухъ! – ан абуна гьес хъантIарав хIалихьатида.

Амма расбагIарица тIубараб бакариги хIанги цо лахIзаталда жаниб хIарун лъугIизабуна, кIварцин гьалмагъасулги гьабичIого. Таргьиниб букIараб ражипер гьес жиндирго чвантиниб лъуна. АхIмадил таргьинибилан абуни тIехги картошкаги хутIана.

– Вилълъая, цеве-цеве вилълъая! – абун кверапъ вилълъине кколеб рахъ бихьизабуна гьес АхIмадида.

КIиабилев магIарулас цоги нухалъ хIалбихьана АхIмад виччан тезавизе, амма расбагIар карабиххун лъугьана, жинца дур хасияталъул хIакъалъулъги бицинин князасдаян абуна гьес гьалмагъасда.

АхIмадица кодоб бугеб жо цIакъ дагьаб кванан букIана. Гьесие бокьун букIана Лавашаса тIадвуссунелъул кIалдиб лъезе жоги хутIизе. РасбагIарие АхIмадил ургъел щибха... ракI регьун букIана АхIмадил гьесда. «Цо хIалихьатасул кинабго хIалихьатаб букIунаян абула кIодоэбелалъ. Гьесулъ хIалихьатаб гуреб жого батиларо. КIваричIин. Разведчиклъидал дун! РагIанищ? БагIаразул разведчик – гьеб рагIухъали баркала буго дуе, багIараб хъабан. Унго-унголъунги бегьуладай дун багIаразул разведчиклъун вукIине? Петр Осиповичас малъила дида разведчиказ гьабизе кколебщинаб жоги. Пигь, гьанже лъалаха бегьулищ мун разведчиклъун восизеяли. Азул князас щибдай дие гьабила? Вухилаха. Амма дица кIутIби хIанчIизе

руго гIодичIого вукIине…» АхIмадида ракIалде щвана инсуца Хунзахъа ХIажимурадил хIакъалъулъ бицараб хабар. Дос абулеб букIун буго «жинца рагъулъ дагьабго мехалъ яхI гьабулин яхI гьабизе кIвеялдаса араб мехалъги, гьеб «цодагьаб мехалъ» хIехьезе кIвечIого тушман тIурулин, жив гьесда хадув вортулин».

– Хехго, хехго, хIетIе босе, багIарав партизан! Князасухъе щведал дос малъила дуда гIурус мацIалда хъвараб жо цIализе, – ян тункIил хъундахъ тункана расбагIарица АхIмадил мугъзалъ, пикрабазда вугев гьев дагьав гIодове виччан ине лъугьиндал. «Огь, бихьулищ дуда, багIарав партизанила. Молодец, гьедин абе!» – ян вохун, хехго вилълъана АхIмад. Амма кватIичIого гьесухъе, тIадагьлъиги хисун бачIана цIодорлъи. «Карта, карта? Кагъатни тIокIаб дихъе щвеларин. Лаваши? ВаахI, щибдай гьабила? Дун щиб гьабуниги тIуризе ккола. Кинан? ГьабсагIат канлъи буго. Къаси лъикIав магIарулас кумек гьабилародай? Гьабизе буго, метер чара гьечIого дун Лавашаве щвезе ккола. Хьаргаби росу бахъизе гьедигIан бигьаяб жо гуро карта гьечIого… ЧIая, чIая, дица замана инабизе ккола гьанибго, нухдаго. Рохьобго бецIлъуледухъ. Гьеб мехалъ тIуризе бигьа букIина…» – ян цоялда хадур цоял рачIунел рукIана гьесухъе пикраби. АхIмадица хIетIе хьадар гьабуна, хадув, танкан, восун цо гъотIол хIохьода гIодов чIана гьев, жив сваканиланги абун.

РасбагIар тIаде вахъаян ахIтIана гьесде. АхIмад вуцIцIун чIана. Гьебмехалъ, нахъеги биччан, гIадалъ хъат кьабуна АхIмадил. Васасул гIадатIаса тIаде цIа ана, беразда цере цIадул хIенхIал, чIегIерал горал роржанхъилел рукIана. ГIундузда жаниб квешаб сас бахъана. Амма гьев синал гьавурав жо гIадин, хьваризеги хьварун, хIохьодаса вичIичIого чIана. Гьес бетIер кIобокIана, жаниб бугеб унти гIодобе гьинабулеб гIадин. «Байбихьана, хIехье! ХIехьезе ккола!.. Вилълъинеги ккола. Гурони гьас дун Лавашиве ине кIолареб куцалъ мерхьун рехила», – ян рачIана тIоцересел пикраби, щцинги къезабулаго, АхIмадихъе.

РасбагIарица гъванщა ккун, туркIун, тIадеги вахъинавун, АхIмад тункун цеве-цеве рехана. АхIмад гIодов ккезе чIечIо ва бетIерги кIобокIун, сас тун вилълъана. «Пайда щибха цо мун дихъе щоларого, – ян ракIалде ккана кIудияв чиясда гIадин АхIмадида. – Дица мукъулукъ ккквелаан дур, дуца дир бакари кванараб гIадин, хъантIун».

КIиабилев магIарулав квешго семана гьесде, гIаданлъи гьечIолъи ва хIалихьалъи щибан. Амма расбагIарица гIинцин тIамичIо гьесул рагIабазухъ ва дагьавги цIакъ тунк-тункун вачана АхIмад.

КIиго–лъабго километр гIанасеб нух тедал, кисан вачIарав лъачIого, ваккун аскIове щвана къохьол тIагъуралда гIурччинаб чалма къарав магIарулав ва лъазабуна цонигиял чIараб бакIалдаса кьуругейилан, хIажалъи батани, цояв аскIове вачIаян. Балагьараб мехалда, гьев вугоан посталда чIарав хъаравул. РасбагIар, алхинчIого, гьесда аскIове ана ва щибалиго щурун гьесда бицана. Хъаравулас, разилъи лъазабун, бетIер гьанкIана ва кверaлъ рохьоб жаниб бугеб гьитIинабго рацIцIалъи бихьизабуна. Гьенир ругоан кьалал чIварал чуял ва бакун бугоан цIа. КIиабилев магIаруласда аскIов АхIмадги тун, расбагIар талалъи къотIун ана ва рохьове жаниве тIерхьана. РасбагIар цевеса тIерхьаравго лъкиIав магIарулав АхIмадида аскIове вачIана ва, гьалмагъ тIерхьараб рахъалде бералги лъун, хьочIонго цIехана:

– Щиб дуда цIар? Амма дуца битIараб бицеха. Дун дур гьудул вуго ва дуе кумек гьабизе бокьун буго.

АхIмад щаялиго гьав магIаруласда тIуванго божана ва, сундаго щаклъичIого, ракIбацIцIадго, жиндирго цIар бицана.

– ЛъикI буго, АхIмад. Дихъ кIваркьун гIинтIаме, гьабсагIат суалалги кьоге дие. Нилъер цIакъ дагь гурони заман гьечIо. Гьанже дуда цIех-рех гьабизе буго. Кьабилинги ккола гьез дуда. Мун бихьинав жо вихьула дида, къвакIун чIа, битIарабги бицунге. Дида бичIчIулеб буго мун лъил рукъалъул чияли. Гьелъул хIакъалъулъ гара-чIвари нилъеца хадуб гьабила. Къасиян абуни, нилъ тIоцебесеб рес ккарабго тIуризе руго. Дидаги тIокIалъ гьезда гьоркьов чIезе кIоларо… Гьикъ-бакъалдаса хадув, кив доз вахчаниги, дица мун валагьизе вуго. Мун хIинкъуге ва битIун дир гьаракь бугеб рахъалде вачIа. Хадуб гьабулеб жо нилъеца цадахъ ургъила. БичIчIанищ дуда дица бицунеб жо?

– БичIчIана, – ян хехго жаваб кьуна АхIмадица.

Ваккана расбагIарги. Гара-чIвари гьоркьоб къотIана, амма аслияб жо абун лъугIун букIана. РасбагIар хехго АхIмадида аскIове щвана ва хапун ккун квергун гьединго хехго гьевги жиндаго хадув цIан ана. Рохьил жаниблъиялда, зодикь, гIукIдузул цIураб хIубиялда сверун ругоан тIаде буртинабиги рехарал рекIунел чуял. Дагьаб рикIкIада бихьулеб букIана хас гьабун рагъухъабазе биччалеб хIебтил кIудияб чадир. Гьединаб чадир ХIоцосесулазул АхIмадида бихьана росульги. Гьеб букIана санитаразул, тохтурзабазул чадир. Гьеле гьеб кIудияб чадиралъухъе вачана расбагIарица АхIмад ва нуцIалъун кколеб «кьватIелалъуве» тункун рехана.

– Гьале гъов, бетIерчIахъад капитан, нижер асир, – ан доклад гьабуна расбагIарица жеги цевегIан АхIмадги тункулаго.

АхIмадида цин щивго вихьулев вукIинчIо, хадуб битIахъе цеве чIун ватана гьоркьохъел соназул ворхатав офицер. АхIмадица тIоцебе кIвар буссинабуна кьегIлъун ккураб меседил кьералъул чалуги бугеб исхъалидул галифа тIажуялде ва меседил погонал рараб гIурччинаб кьералъул кителалде. БетIералда букIана гIарцулкьераб тахтаялъул тIуцабго бухари-тIагъур. Мегеж букIана бацIцIадго кIкIван. Гьев вахьун чIун вукIана дагьавго къулун ва жиндирго хIабургъарал береаз кIваркьун АхIмадил хIисабги гьабулаго. Чакмаял ругоан гьесул цIвак-цIвакарал, кваранаб чакмаялъуб къазабун бугоан цIал…

– Гьа, саламгIалайкум, хIалчIахъад! Бицея цо нижее, щиб дуда цIар, киса мун? – ан цIехана гьес магIарул мацIалда.

«Гьавищха дов князь» абун хIисаб гьабуна АхIмадица ва гьодилъа гурараб, хIулараб, цо кьурул рагIалда рещтIун риидал жиндаго бихьун букIараб чудукалда данде ккуна гьев.

– Гьале гьасда бицана дица кинабго, гьанже гьас бицине те дуда, – ян жаваб кьуна гIезегIан лебалго АхIмадица, хвалсазарун beралгун, бетIералъ расбагIарги вихьизавулаго.

– Ва, мун унго-унгояв молодец гIадав вуго! – ян чIаголъун вачIана капитан. – Цо нухалъ дуца гъосие бицун бугоха, гьанже диеги бицеха. Гьесда къосине бегьула дуца бицараб жо, щиб букIаниги кIочон тун гьоркьоб биччазе бегьула, дуца абичIеб жо тIаде жубазе бегьула, – ян абуна,

гьаракь борхизабичIого, офицерас. – Гьелдалъун, дуцаго бице дида иргадал, тартибалда, щибниги бахчичIого. Амма кинабго битIараб бице, – янги абун скамейкаялда гIодов чIана офицер «ф» хIарп гIадин.

– Дида цIар буго ГIумар, – ан байбихьана АхIмадица, чIарбидеги балагьун, карта жаниб бугеб тIомохьиталде тохлъукье гурони валагьизеги кIоларого. Гьесда кколеб букIана жив гьеб хIетIеялъухъ валагьани, гьав сихIирав командирасда гьениб жаниб карта бихьилилан. Гьелдалъун гьес гьелдехун тохаб бер гурони ккезабулеб букIинчIо. Амма гьеб берцин абуни, рокьул, хIеренлъиялъул цIураб букIана. Унго, гьаб кваранаб хIетIеялъул къадру борхараб куц квегIалде данде! КвегIалъухъ гьав валагьулевцин вукIинчIо. Гьеб бугищалицин лъалеб букIинчIо гьасда. Гьелдаго цадахъ вилълъун унев вугевин живинцин кколеб букIинчIо. Гьес хIисаб гьабулеб букIинчIо гьелъги кваранаалда бащад жиндие кумек гьабулеб букIиналъул.

– Дун ккола Темир-Хан-Шураялдаса. Дир инсул букIана цо хIамаги гьокоги. ГIурусаз хIамаги гьокоги бахъана нижехъа. Жидерго туманкIазул патирабазул цIезабуна гьоко. Инсуда абуна гьакида цадахъ вилълъаян. Амма эмен хIалтIуде ине кколаан, гьединлъидал, хIамагун цадахъ инсуца дун витIана, – ян мухIканго бицана АхIмадица, тIубанго жиндирго ролалдеги ругьунлъун. – Цо къоялъ рилълъана, кIиго къоялъ рилълъана, рилълъунго рахъунаро. РикIкIадаса рикIкIаде. Инсуцайин абуни бальго дида абун букIана, цIакъго эхеде, мугIрузде вачунев вукIани, рехун тун хIамагун, тIурун рокъове тIадвуссун вачIаян. Гьедин гьабунаха дица. Къаси тохлъукье нухдаса тIадехун лъутана ва рохьове вахана, гьенисан парахатго Шурагьаве дирго рокъове унев вукIана. Гьелеха ккарабщинаб жо. Рохьов гьав расбагIарица ккуна. Дихъ букIараб бакариги нисуги нахъе бахъана ва кинабго жинцаго бугIана.

АхIмадида нахъа вахъун чIун вукIарав расбагIарица, бугеб рухIалъ, АхIмадил хьолболъ буртIинкилищ тункана. РакIалдаго гьечIого гьабураб тункиялъ АхIмад сукIизавуна ва къан хьибилги ккун, хIухьел цIазе кIоларого хутIана. Гьев цин гIодизехьин вукIана, хадуб хIехьезе кIолареб ццин бахъана гьесда. «КигIан мехалъ дица гьав цIукIаясул тIадвелъанхъи хIехьезе бугеб?» – абун пикруги гьабун, унти къотIун лъугIилалдего, кIусараб бакIалдасанго, кьурун тIадги вуссун, эхедеги кIанцIун, расбагIарил магIарзукъалазда зар бана гьес.

– Гьой! – анги ахIун, гордухъе кIанцIана, къватIиве тIуризе, амма капитанас цо параялъ къан ккуна гьев. РасбагIарил магIарзукъалахъан, чвалхан, би кIанцIун бачIана. Гьес цояб квералъ, гIодовеги къулун, магIарзукъалал ккуна, цояб квер хIалакун чвантиниб квербацIцI балагьулеб букIана. Ахирги гьесда квербацIцI батана ва хехго гьеб къватIибе бахъулаго, гьениса гIодобе бортун бачIана кIиго ражипорол бетIер.

– Гьа-гьа-гьа! Гьалмагъ капитан, гьеле дир ражипер. Гьебги дир таргьиниса бикъун букIана гьес, – ан, ракIалдаго гьечIого, кутакаб релъи бачIун, велъанхъана АхIмад.

РасбагIар гьесда кьабизе тIаде вачIунев вукIана.

– Яре гьаниса! Дуда кIочана мун лъида цеве вугевали. Дур иш щиб дир ихтияр гьечIого васасда килищ хъвазе дир рокъоб… Чадиралда! КъватIиве а гьаниса! БитIараб гьабуна дуе ГIумарица. КигIан малъаниги малъараб

босулел хIамузул бутIрул гуро нуж! А! – ян къватIиве къотIана капитанас расбагIар. КъватIиве иналде АхIмадие хIинкъи кьуна гьес килищги хьвагIун. АхIмадицайин абуни гьесда, капитанасда бихьулаpедухъ, хьолбохъан, гъокьанго цо зар бихьизабуна ва хадуб ахIана:

– Ражипер босе, дуца квер хъвараб гъоб дица кванаро! – ян.

– ТIадвусса, босе гъоб! – ан капитанас унго-унголъунги босизабуна муридасда ражипер. АскIове вачIун, АхIмадил габуралдаса бахъун, таргьаги гIодоб лъун, цевего гIадин сабурго гаргадизе лъугьана капитан.

– ЛъикIни щвезабуна дуца досда. БецIана. Молодец. РакIбацIцIадав, гьереси бокьуларев чи ватизе вуго мун. Гьанив дида аскIов скамейкаялда гIодов чIа. ВачIа.

– У-у! Дие вахъун чIун вукIине бокьула. Рокъовги гIемерисеб мехалда вахъун чIун вукIуна дун.

«Валлагь гьав чияс битIараб жавабгIаги кьуниха дие», – ян пикруги гьабун, капитанас васасда цIехана:

– Гьалеха дур кагъат.

– Гуро, гуро! Дица хъвараб кагъат гуро гьеб. Дида гIурус мацIалда хъвазеги лъаларо, – ян щибго бичIчIулареб ххвелалда гаргадана АхIмад. ГIурус мацIалда хъвазе АхIмадида лъикI лъалаан, щайгурелъул, гьесул инсуца гьев гIажам школалдеги витIун, гIурус школалдеги витIун вукIун Темир-Хан-Шураялда.

– Дуца хъварабилан гуро дица абулеб бугеб. Духъ букIараб гурищилан цIехолеб буго, – ян абуна капитанас, рагIул магIна сверизабизе АхIмадил бугеб гьунаралда ццинги бахъун.

АхIмад, гIодове виччан, капитанасда аскIове вачIана ва кIваркьураб ххвелалда кагътиде валагьана.

– У, гьаб буго дихъ букIараб кагъат, – ан абуна гьес хIинкъичIого, гьесда хадур халккурал капитанасул беразда жаниведи валагьун.

– Дуда лъалищ гьелда щиб хъван бугебали? – ан цIехана капитанас.

– Йохъ, лъаларо! – ян абуна, бералги цIа-цIан, АхIмадица.

– Гьедин батани, гIинтIамеха, – ян кагъат жиндирго накалда битIа–бищизабуна капитанас.

Гьес гьеб цIалана, магIарул мацIалдеги буссинабулаго.

АхIмад погоназухъ валагьун вукIана. Гьесие рокьулел тайпаялъул орденалги гьечIо капитанасул каранда, погоналги рукIине кколел гIадал гьечIо. РетIелги резиналъул жо гIадин, черхалда тIад цIан буго.

– Гьа, гьанже бичIчIанищ дуда кинаб кагъат духъ букIарабали? – ян, жиндирго бетIералда тIад кагъатги кIобокIулаго, гьаракьги борхизабун, цIехана капитанас.

– Дихъ цоги-цоги руго гьединал кагътал, балагье! – ян абуна АхIмадица чвантиниса, лъороса цо кинабали лъаларел, къам–къамарал кагъталги рахъун, офицерасухъе кьолаго. – Дица гьел рищана гIурус солдатал сордо базе рещтIараб цо рокъоса, инсуе хъалияналъе. Гьелеха кинабго жо. Эниб гьединабщинаб жо хъван батилилан дида ракIалдецин ккечIо. Дие гьеб хIажатги гьечIоха, – АхIмад, рахIатхун, валагьун вукIана капитанасул цин багIарлъун, цин хъахIлъун кьер-кьер хисулеб гьумералъухъ. Гьесда лъалеб букIана гьабсагIат гьесде тIури бачIине бугеблъи. «Бихьинчи гIадин чIа.

ЧIвазейищ гьес мун чIвалев. ЧIваниги бицинароанха дица гьесда битIараб. Петр Осипович – дир гьудул вуго, гьав – дир тушман вуго. ЧIая цо, багIараз гьасдаса сурав босулеб къоги букIинин. Дун ятим гьавурал гьаби!» АхIмадилъ рохьил катилаб ццим гьалаглъана нахъеги ва хIинкъи тIагIана гьесул рекIелъа. Офицер, гъоркьан тIаде цо жо хIунсараб гIадин, хехго тIаде вахъана ва, циндаго, цо-кIиго кIудияб галиги тIамун, горда цеве тIадвуссун арав АхIмадида аскIове щвана, гьештIеялде сверулеб куцалъ гьаракьги борхун, ахIтIана:

– Лъица мун, нацIик, гьедин гьереси бицине ругьун гьавурав! Бице! Лъица кьураб духъе гьаб кагъат? Киб бахчун бугеб гьаб багIараб болъон? Бице хех гьабун!

Офицерас, бугеб хIалалъ, кьабун биччана АхIмадил гIадалъ хъат. Васасда вахъун чIезе кIвечIо. Гьев квешго гIодов речIчIана. Капитан, чакмаялъуса къватIибе цIалги бахъун, вахIшиго АхIмад вухизе жувана. Байбихьуда АхIмад вуцIцIун чIун вукIана хъатаз гьумерги бахчун, цIалакье мугъги ккезабулаго. Офицерасилан абуни, кIванагIан ботIрода, гьурмалъ, гьумер бахчарал квераздa щвезабулеб букIана. Черхалда щвараб, фуфайкаялда гъорлъан, гьедигIан унтулеб букIинчIо. Амма цоги бакIалда щваралъ бухIизабулеб букIана. АхIмад угьдизе байбихьана, хадув ахIдана, вахъун тIадегун, къватIиве тIуризе нуцIихъе, гордухъе вортана, амма щибаб нухалъ офицерас гьванщидаса гужгаталъулги фуфайкадулги габур кколеб букIана гьесул. Ахир заруцаги куц бухана капитанас васасул. АхIмад чадиралъул бокIнилъ гIодов речIчIана ва гьесул хъатикье ккана капитанасул гIадамал рухулеб рахас. Гьесулъ, кисан бачIараб лъачIого, гIадалаб рухI бижана ва гьев, гьитIинаб бугъаялъ гIадин гьаракьги гьабун, капитанасде тIаде вортун ана. Васас хьвагIун араб рахас капитанасул гIинда ва кIаркьеналда щвана. Капитанасул гIакдал гIадаб гьаракь борчIана. Жаниве кIанцIун вачIана капитан цIунарав кIиго чи. Гьезул цояс нахъасан мал бан, АхIмад, гьумер хIунчун, гIодов речIчIизавуна ва гьев лъавудаса ана.

– ГIирпиталъул тIинчI! – ан, бухIилеб кIаркьен лъухьулаго, васасде тIаде къулана капитан ва гьенив ракIалда ватана гьев гьал кьищничагIазда лъачIого борчIараб жиндирго гьаракь рагIараблъиялде. – ТIагIа гьаниса, хIанкъвараби! Лъица нуж ахIарал?!

Офицерас АхIмадил берал гьакIкIазаруна. «Хвезейищ гьав хварав? ГIоларо, гIоларо, сабру гIоларо кинго. Чан нухалъ дицаго дидаго бадибчIвай гьабулеб. Дицаго малъула гъоркь ругезда риххичIого, яхI гьабун, сабуралда босе суравилан, цIакъго малъкъосараб мехалъ гурони кьабугеян», – абун пикру гьабулеб букIана гьес. Гьеб мехалъ бихьана гьесда рукъ бакьулъ маххул рахас. Нахъеги гIассиго ццинги бахъун, тIад речIчIун ун гьес гьеб, вахъун къватIивегун, хьуризабун ана. Рахас дагьав довегIан чода кьили чIвалев вукIарав цо чиясул мугъзалъ щвана. Бер гьесухъги тIамичIого, капитан жаниве ана ва хадур рачIаян дов кIиясдаго буюрана…

– Ваче нахъе! Метерго князасухъе валагьизаве. Дица досухъе кагъат хъвазе буго, – ян абуна гьес чадиралда жанив хьвадулаго ва тIатIалаго хъалияналъул кIкIуйги жанибе туркIулаго.

Чадиралъул нуцIихъ цIан витIун чIарав кIиявго муридас, цояс кверал, цояс бохдул ккун, АхIмад къватIиве ваччун ана. Капитанас къватIире хьвагIун ана рокъор жанир рукIарал АхIмадил тIагъургин таргьа.

Кьурул ракьанда гьабун бугоан, гъутIбузул гIаркьелал тIадги ран, тIокъо. ГIаркьелалги, бакъвараб тIамхихъ балагьун, хасалихъе къотIарал ругоан. Гьенив гъоркь лъуна АхIмад. АхIмадги гIодов лъун, муридал хIалакун нахъе ана. Гьел къаси кваниде кватIулел рукIана.

ГьитIинав чиясул черх, бацIцIадаб цIорораб гьаваялда, цудунго лъавуде бачIана. АхIмадица хехго кваранаб хIатIида бугеб хьит къакъана. Гьеб тIаса бахъун гьечIоан ва карта букIаралъубго батана. АхIмадил разилъиялъе гIорхъи букIинчIо. Хехаб вагъа-вачариялъ тIолабго черхалда ток кьабанин ккана. Амма гьелъул гьесие ургъел букIинчIо. Черхин абуни, кутакалда цIунулеб букIана. Гьев, цин квегIаб, цинги кваранаб кверги нахъехун гIодоб чIван, тIаде цIан гIодов чIана. БетIералда жаниб букIана мугIрул гIурул гIадаб хъуй, цояб бер гьорон, тIубанго бахчун бугоан ва гьелда щибго бихьулеб букIинчIо. ТIолабго куц цIалал гIужаз цIун ва бидул макъар къан букIана, цаби унтулел рукIана. МацI багъаризе кIолеб букIинчIо.

АхIмад хIалалъ нахъе-нахъе хъурщана ва кьурдехун чIвана. Сверухъа цо тIаса битIараб гамачIги балагьун, берда ва гъванщида цузабуна. Рагъун хадуб гьедин гьабулаан киналго лъималазги. Кибали кьурда нахъа моцI букIана ва гьелъул бицатаб халатаб рагIад рикIкIаде, рохьаз бацараб кIкIалахъе щун бугоан. Амма квачалев вукIана. Хасго гIицIаб бетIер. Гьев кверал данд лълъулълъаризе, гьел кIвекIизе лъугьана. Гьеб гьес гьабугьинан гьабизе кколеб букIана, щайгурелъул, щибаб килищ багъаранщинахъе квешго унтулеб букIун. Лъавуде вачIаралдаса нахъе гьесул бетIер цо лахIзаталъ чIечIого, унтиялъухъ гIенеккичIого ургъулеб, батIи-батIиял планал рахъулеб букIана. Гьес хIисабцин гьабулеб букIинчIо хадубккун гьаз жиндие гьабизе бегьулеб жоялъул. Гьесул ишкал букIинчIо тIуризе щвезе букIиналда. ВачIана ракIалде лъикIав магIарулавги. «Досда цIаргIаги цIехечIо. ЦIехезе заманги букIинчIо. Дов рагIи холев чи ватизе гьечIо. Бихьинчи вуго. ВачIина дов. ВачIинчIони, дунгоги тIурила. Дир хал ккурав чи ватилаха гьанив. ГьечIого дунго телищха гьадав гурхIелгьечIица». Капитанас цIоб тун живго вухараб куцги цебечIун АхIмадица: «ВахI!» – илан бетIер кIобокIана. – Унго-унголъунги гьададигIан гIассиялгийищха гIадамал рукIунел. ХIалихьат! Гьаракь бихьанищ досул борчIараб. Доб рахасгIаги щиб гьабулеб жо. Чуязул хIатIихьин гIадаб жо бугоан. Маххул рахсалги рукIунелъул хIатIихьин, къохьол, рухьеналъул гуребги. Амма рагIаллъабазда горал рукIинчIо долъул. АллагьасхIа букIун батила добги гIадамал рухулеб жо! Огь, жанаварал! Гьудув нахъасанги вачIун дида мал барав чи щивдай? Дида тIокIалъ ккараб жо бихьичIоха доба… Агь, гьаб аслияб жо гуро, гьел – гьал пикраби. Дуе гьабсагIат тIури буго аслияб жо. Лаваша! Хьаргаби бакI бахъи хехлъизабизе ккола…». Цо лахIзаталъ гьесда цебе чIана Хьаргаби росулъе жанибе бачIунеб багIаразул аскар. Гьелъул цевехъанлъун вуго, борхун ккун багIараб байрахъгун, ХIажиев АхIмад. Росдал лъималаз «Салам, АхIмад! БагIарав разведчик!» – ан ахIулеб буго гьесде. Петр Осиповичги вуго гьесда хадув цун. Нухлул рагIалдасан ахIулеб буго: «Дида лъалаан, дир вас, мун инсуе мустахIикъав вахъине вугеблъи!» – ан… АхIмадил нахъеги берал риччана. «Гьаб щиб, гIисинлъимал гIадин вугев дун. Дун реццалъе гIолойищ гьадинан къеркьолев вугев. МахIач Дахадаевасулги Уллубий Буйнакскиясулги нухдасан унев вуго дунги.

Хваниги кIваричIо, эмен хвараб мехалъ дун хвезе бегьулаਰевищ. Рецц бокьи лъикIаб жо гурилан абулаан учительницаялъ». – Учительницаялъул гIолохъанаб, гIадан хирияб, гIакъилаб гьумер цебе чIедал АхIмад гьимана. «Амма щайха дагьа–дагьаб рецц бокьулеб? Гьеб гIунгутIи батилаха дир? Уйищ? Дие гуребги бокьулагури рецц… Йохъ, кин букIаниги, гьеб лъикIаб жо гуро. Дица инкар гьабизе ккола гьелдаса. Гьанжеялдаса нахъе дицаго «хIалчIахъадилан» абизе биччаларо дида. Агь… нахъеги дирго хIакъалъулъ ургъулев вуго… Дир гьудулин абуни дова нохъода, ругьунги бигъун, дица тIадкъай тIубалеб батилилан хьулалда вуго».

АхIмад, кьурда мугъги цузабун, тIаде вахъана. Гьесул черх букIана хъурараб цIоролъ къазабураб жо гIадин. Гьев сверухъе валагьана. Гьесда хIатIил хъваши рагIана. Гьев угьдичIого нахъеги гIодов чIана. КватIичIого шагIил гъадарогун вачIана ригь арав цо магIарулав.

– Ворея, цо дагьаб хинаб жо кваная, гурони дуда цIер чIвалебин гьаниб. Бакараби лъугIун ратана. Гьаб гьанил гьагIо квешаб гьечIо. – АхIмадие цин кванидаса инкар гьабизе бокьун букIана, амма гьес хIисаб гьабуна тIуризе рухI букIине ккани, гьалъги кинаб букIаниги кумек гьабилилан. ГьагIдалъ гьан букIинчIо, амма гьелдаса лъикIаб гьанал махI букIана. Гъуд АхIмадихъе бачIинчIо, гьес гьагIо гъадаро кIалдибги бан, гьекъана. ГьагIдалъ цIам дагьаб гурони гьечIоан. ГьагIо босун вачIарав магIарулав аскIоса гъадаро нахъе босизе гIодов чIун вукIана. АхIмадица, магIарул гIадаталда рекъон, дагьаб гьагIо гъоркь тана. Гьеб бихьарав муридас абуна:

– Дуца гьеб лъугIизабе, тIокIаб щвелеб лъаларо, щвелареб лъаларо!

АхIмад рокьукъго валагьана гьесухъ. «Гьасиеги къваригIунха гъазаваталъ вахъине, жиндирго кIодогун гьанситоялда цеве гIодов чIун вукIинчIого, рохьдолъе бежизе картошкаги бан», – абун гьимана АхIмад – ригь арав иришхатав магIаруласда хадув.

КигIанго захIмат букIаниги, АхIмад нахъеги тIаде вахъана, сверухъе гIинтIамуна, рохьил сас гуреб жо рагIулеб букIинчIо. Гьев гIодовиччан дове-гьаниве вилълъине лъугьана, соборал, цIунцIрахарал, гьанае рихharал махIаби-хIатIал ритIизаруна, цIоролел, унтулел гIундул, тIад хьатал чIван, хинлъизаруна. Ругънал ккараб бакI бухIулеб букIана. Мугъзада мал бараб бакI кьуризе кIоларого букIана.

Гьесда Зайнабги кIодоэбелги ракIалде щвана. Цебе чIана хинаб рукъ, маххул печалда нахъа гьал лъабалго гIодор чIун рукIараб мех, кIодоэбелалъул рахьхъахIаб бетIерги, хIеренаб, хераб гьумерги. «ВачIинчIо лъикIав магIарулав. Дунго тIуризе ккола. ЧIая цо, бальгояв хъаравул вугищали хал гьабилин!» АхIмадица тIокъоялдаса къватIибе гали тIамуна… Гьенив ракьулъан тIаде ваккун вачIарав гIадин цеве чIана расбагIар. АхIмадида гьев лъачIо, бецIго букIана.

– Гьа, бигьарабищ, гIанкъра? – ян абулеб сас гIинда чIвайдал, АхIмадил рухI тIуна. Гьев жиндир хъаравуллъиялда тун ватилин киданиги ккелароан гьасда. АхIмад хIинкъана цIакъго гьумер хIунчун цеве ваккиялъги, гьедигIанго ракIалда гьечIого жиндир тушманасул гьаракь рагIиялъги. АхIмад нахъе къана. Амма, кIиго галиги нахъехун тIамун, гьев чIана. Гьес берал къанщун рукIана, амма расбагIарил гьвел гIадаб куц цебе тIамун букIана.

– Кванаравищ? Гьанже, нижер гІадаталда рекъон, кьижизе ккола. Кинаб макьида кьижизе дуе бокьилеб? Радал вахъунеб макьидайищ, вахъунареб макьидайищ? Гьи-гьи-гьи!

Гьеб велъанхъиялъ АхІмадида рухІ бижизабуна ва гьесул чорхолъа хІинкъи нахъе ине байбихьана. «Гьас, рецІел босизелъун вухани гурони, цІияб питнаялде дица багьана кьезе бегьуларо гьасие, вуцІцІухІун чІела!» – ян жиндиего кьварараб къотІи гьабуна АхІмадица.

– Ворея, дица дурго кверал рухьине. ТІуричІого вукІине, речІчІулеб борохь. Метер князасухъе дунин мунги вачун вилълъине вугев. Налъи бецІизе. Дир жеги замана буго. Къаси сордоялъул гІодобиччай хвезабиларин! – АхІмад вахъун чІун вукІана гьесул амруги тІубазабичІого. «ВахІ, князь гуревищ дов вукІарав? Досдаса хІалихьатавищха князь ватизе кколев? ТІадегІан ругелгІан инжитал ругел куц гьал», – ан пикру гьабуна васас.

– Вегуларев щай мун?! Дица гьаризейищ кколеб дуда? – ан ахІтІана расбагІар ва тІадги речІчІун, гІодовги тІамун, мугъзада накуги цун, АхІмадил кверал нахъехун рухьине лъугьана гьев. АхІмадил угьди бахъана. РасбагІарица наку цун букІана чалмачияс мал бараб бакІалда тІад. Амма, хадубккун, гІодоб кІаркьен цурав АхІмадил цабзазул къирщи гуреб жо рагІулеб букІинчІо. РасбагІарица цо-кІиго нухалъ кІиябго гъеж квешго туркІидал, гьесда вуцІцІун чІезе кІвечІо:

– Гьве! – ян ахІана гьес.

РасбагІар лъавудаса ун, щцин бахъун лъугьана. Гьес АхІмад, тІаде цІан, гІодов тункун гьавуна чанго нухалъ. АхІмадил магІарзукъалал чурхъана, квешго би бачІана. Купайкаги гъоркьан гордеги букІиналъ, кигІанго унтаниги, каранзул хІал ккечІо. Чурхъана гьединго АхІмадил накабиги. Цо ганчІилъ АхІмадил кваранаб хІатІил килищ кьабана. ГьебсагІат АхІмадида карта ракІалде щвана ва гьев хварав чи гІадин, вуцІцІун чІана. РасбагІарица квералги махІабиги батІа–батІаго рухьарал гІечІого, цоцадаги рухьана.

– Гьеле гьединан кьижа, багІараб заз! Метер дица мацІ бахъилин дур кІалдиса! – расбагІар бецІлъукье тІерхьун ана. АхІмадил кІаркьеналда гъоркьан бехе хинаб би унеб букІана. Гьес хІукму гьабуна би бетизегІан вагъаричІого чІезе. «Гьеб мехалъ къотІизе буго гьаб. Гурони квер гурев, бох гурев дица кинан гьеб чІезабилеб? Цебего бетІералда жаниб тванк-тванкилан сас рагІулеб букІана гьеса. «Цо нухалъ гурони тункичІо дир бетІер. Хадуб дица керенги тункизе биччан, бетІер тІаде борхун ккун букІана. ГІадалнах гьарун батизе гьечІо… Нилъуги буго унтилеб. Огь, багІараб щайтІан! Киналго щайтІаби руго гьал. КІодоэбелалъул маргьабазул щайтІаби гьале – гьал щайтІаби ратизе руго дол».

Унго-унголъунги бидул чвахи къотІана, амма магІарзукъалазухъа къватІире гьелъул гІертелал рукІин лъалеб букІана. Гьев, гьавугьинан, мугъалдехун щапана. Бидул мащаби, кІаркьеналдасаги хъущтІун, магІарзукъалазухъа гІодоре роргун ана. АхІмад нахъеги би бачІине гурилан хІинкъана. Амма би тІокІалъ бачІинчІо. АхІмад цІакъ квешаб, санагІат гьечІеб хІалалда вукІана, хІехь гІадин вухьун рехун вугелъул. Черх букІана гьесул цІадулъ лъураб гІадин бухІулеб, гъажабазул рищаби рукІана хІехьезе кІоларедухъ унтулел. РасбагІарица къан рухьиялъ кверазул килщал соболел рукІана. АхІмадица хІалбихьи гьабуна кверал рухьараб квар ганчІидаги лъулъазабун, къунцІизе.

Амма гьесухъа гьеб бажаричIо. «РасбагIарида жиндирго иш лъикI лъалеб батила. Цо нухалъ ккун батиларо ХIоцоса Нажмудиние хъулухъ гьабулаго гьас гьаб гьведулаб иш гьабизе».

Циндаго хъваши бахъана, АхIмад кIваркьун гIенеккана. «ЛъикIав магIарулав гуродай?» – абун паркъана ботIролъ пикру. АхIмадида аскIове вачIана кIиго мурид. Гьел АхIмадида дандритIун гIодорги чIун, гьесда «Дур цIар щиб, мун киса?» абун цIехолдизе лъугьана. АхIмад вуцIцIухIун чIун вукIана. Гьесие жаваб кьезе бокьун букIинчIо. Хадусала жаваб кьуна гьадин:

– Нужее гьеб къваригIун батани, нужерго капитанасда цIехезе а!

МагIарулаз сабурго гьесда бичIчIизабулеб букIана гьезие гIицIго гьесие лъикIлъи бокьун букIин. Гьеб мехалъ васас гьезда бицана капитанасда бицараб жо.

– Дур рокъобе битIизе ругьел батани, гьеб нижеца тIубазабила. ТIокIаб лъиданиги гьеб лъазе гьечIо, – ян абуна гьезул цояс. АхIмадида бихьулеб букIана авалалдасаго гьесул хьергебдерил мацI букIин. Амма кигIан ургъаниги, гьев гьесда ракIалде щвечIо. Киналго хьергеб, узухъда, АхIмадида лъазе рес букIинчIо. МацIилан абуни живго АхIмадицаги гIаммаб бицунаан. Гьелдеги инсуца ругьун гьавуна гьев. Темир-Хан-Шураялда гIурав гьесулъ кингоги хьергебдерил мацIалъул хасиятги букIинчIо. Гьелдалъун, гьев Хьаргабиса ватиялда щивниги щаклъулев вукIинчIо. Гьав цояв магIаруласда лъана АхIмад, ракIалде щвана гьесул яцги кIодоэбелги. Лъалаан гьединго гьесда АхIмадил бахIарчияв инсул къисматги. Гьев хIинкъана цадахъ вугесда гьеб лъазе гурилан. Гьединлъидал, васасе гьес тIокIаб суалги кьечIо.

АхIмад вуцIцIухIун чIун вукIана. Гьес хIукму гьабуна гьол расбагIарица яги капитанас ритIарал чагIи ратизеги бегьулилан. Гьеб мехалъ АхIмадица абуна:

– Дие лъикIлъи нужее бокьун батани, дир кверал риче, – ян.

Муридаз жаваб кьуна гьеб жидеда кIоларилан. Нахъе унаго, хьаргибисев нахъ валагьана, АхIмадида ккана гьес жинде ишара гьабунилан.

### 3. Эркенлъи

КигIан унтун черх букIаниги, кигIан санагIат гьечIеб хIалалда живго вукIанаги, кигIан кьижичIого чIезе жигар бахъаниги, макьуялъе АхIмад къуркьана.

Макьидаса ворчIизавуна АхIмад дов лъикIав магIарулас:

– АхIмад! АхIмад! – ан вагьаризавулев вукIана гьес вас. – ВорчIа, заман щун буго рилълъине, – ян щурун гаргадилев вукIана магIарулав, гьесул квералги бохдулги ричулаго.

«РасбагIараб хIамица гьабураб жо бихьулищ цо малъгIанасеб лъимералъе», – ян жиндирго «гьалмагъасде» хьанделевги вукIана гьев.

Ахирги АхIмад макьидаса ворчIана ва гьаракь рагIилалдего, гьесул ракIчIун букIана гьев чи жиндир цIияв гьудул ватиялда. АхIмад, гIодоб хьибил цун, тIаде вахъана. Амма, «агь-агь!» илан гьаракьги борчIун, кIусун ана. Гьудулас гьев ккуна.

– ЯхI гьабе! Хехго тIуризе ккола! – ян абуна, кIиябго кIигъежги къуватал квераз ккун АхIмадги цадахъ вачунаго, лъикIав магIарулас.

– Дов нагIана батад киве арав? – ян цIехана АхIмадица.

– Дов, дос мун гIадин, дица вухьун рехун гьадаб кIкIалахъ жанив, кIалдиб жиндирго хIатIазда букIараб портянкаги къазабун вуго, – ян жаваб кьуна лъикIав магIарулас жиндирго тIагъурги АхIмадил бетIералда лъолаго.

– Огь лазат! КигIан лъикIха дуца гьабураб! – ан АхIмад цо эхеде кIанцIана.

– ВухичIищ? – ан цIехана гьес, циндаго парахалъун.

– ВухичIо. Дуца вухун рагIулагури дов, – ан гьимана лъикIав магIарулав, расбагIарил магIарзукъалазеги капитанасул кIаркьеналъеги АхIмадица гьабураб жоялъул бицун, муридал релъанхъулел рукIараб куцги ракIалде щун. – Капитанасеги гIезабун бугогури дуца. ХIалчIахъад!

– Абуге дида гьедин.

– Кинан?

– ХIалчIахъадилан.

– Щай?

– Рецц бокьизе бегьуларо чиясе. Рихьдае гурелъул гIадамаца гIумру гьабулеб!

– Огьо-гьой! Мун унго-унгояв философ вихьула, АхIмад.

– Вецциларогури дуца дун тIокIалъ?

– Вецциларо, вецциларо! Амма реццалъе мустахIикъав чи веццизеги кколевха, АхIмад. Реццалъе мустахIикъал чагIазе кьезе кколел шапакъаталги руго. Гьеб битIунги буго, мустахIикъаб бакIалда рецц гьабиги рихьдае хIалтIиги – цого жо кколаро. Рихьдае хIалтIулев чияс къо хIехьечIого букIине бегьула. Мун – рихьдае хIалтIулев чи гуро. Мун унго-унгояв бихьинчи вуго. Дида бицана дур бахIарчилъиялъулги къохIехьеялъулги.

– ЛъикIав магIарулав, дуца дун ккоге. Дидаго кIвезе ккола вилълъине. Дир цо гьудул вуго… Ай, бох унтарав чицин живго вилълъунелъул. Дир бекараб, лъукъараб… бакIцин гьечIо. Виччай, – абун гьарана АхIмадица. ЛъикIав магIарулас гьев виччана ва АхIмад сас бахъинчIого, угьдичIого гьесда хадув вилълъана. Хабарги цоги рахъалде буссинабуна АхIмадица. ЛъикI манзилалъ рилълъиндал, гьел чIана. Гьудулас лъабго–ункъо нухалъ къулчIизе гурони биччачIо АхIмадида манаркIоялда жаниса лъим. АхIмадие цебего бокьун букIана лъим гьекъезе, амма гьев яхI гьабун вуцIцIухIун чIун вукIана. Гьале гьанже гьес хIасраталда гьекъолеб буго гьеб, рухI кьолеб лъим, щибаб нухалъ цIикIкIун-цIикIкIун кIалдибеги босун.

– РачIа гьанже нилъеца щулияб лъай-хъвай гьабизе. Хадубккун гьеб нилъее хIажалъизе буго. Дида лъалаха мун Темир-Хан-Шураялдаса вугеблъи ва дуда цIарги АхIмад бугеблъи. Дие дур хIакъалъулъ тIокIаб лъазе жо хIажат гьечIо гьабсагIат. Дунги, дурго эменго гIадин, хIалтIухъан вуго. ХIалтIулев вукIана дун Петровскиялъул порталда, ваччарухъанлъун. Дица цIолаан ва чIехьолаан батIи-батIиял гуми. Кинан дун хIалтIулев вукIарав ва кинан ХIоцоса Нажмудинихъе ккаравали гьабсагIат дуда лъазе кколаро. ЧIаго хутIани, рагъ лъугIун хадур, нилъ дандчIвала ва нилъеца ракIалде щвезабила къаси сордо, – гьеб хабар ккана таманал рилълъун, свакан гIодор чIараб бакIалда.

Гьеб ракIбащадаб, вацасда гIадин бицараб хабаралъ АхIмад кутакалда Ибрагьимидехун цIана. Амма жиндир бальголъи гьесда бицине бегьиладаян щаклъунги вукIана. «Гьавгун цадахъищ дун Лавашаве инев, дунгойищ?

Ама хехго, кIванагIан хехго щвезе ккола дун Лавашаве» – абун ургъулев вукIана гьев кваранаб хIатIилкилщида тIад цун, чIартилъ карта букIинги гьанада лъалаго. «Хунцин бугодай нухда?» – абун хIинкъана гьев циндаго. ГьебсагIат, щибниги сас-махIги бабахъинчIого, Ибрагьимил мугъзада туманкIги цузабун, ракьулъан ваккун вачIарав гIадин, нахъа чIана цояв.

– Кьуруге! – ян абуна гьес щурун, амма рагIизабун. ЛахIзаталда кIиябго рахъалъ рахъун чIана цогиункъгоявги. АхIмад кIутIун тIаде вахъана, амма гьев нахъасан цо кверalъ вукIаралъувго гIодов чIезавуна.

– Хал гьабе!

Хал гьабидал, Ибрагьимихъ туманкI гуребги, таманчаги батана. Кьурда речIчIараб моцIрол канлъиялъ лъикIаланго цере рехизаруна киналго. Ибрагьимица щибниги хIинкъичIого абуна:

– Дун полкалъул командирасухъе ваче. Гьав васги нилъерав вуго. гьабсагIат хIоцосесул жаллатазухъа хвасар гьавуна дица гьев. Дуе ургъел ккоге, АхIмад, гьазда дурго кинабго балъголъи бицине бегьула. Дида бицине кIвечIебцин, – Ибрагьим, гьимулаго, тIаде вахъана.

– Ибрагьим-даци, – ян, гьесда тIад хурхун, гIодизе жувана АхIмад. Ибрагьим-дацица, гьесул ботIрода тIад кверги бахъун, жиндиргоги ракIги пашманлъун, абуна:

– Добгощинаб гIазаб кьуниги гIодичIев бихьинчи, щай мун тамахлъулев. Махх гIадин чIа. Къо-мех лъикI, – ан Ибрагьим живго вилълъана цеве.

– Ибрагьим-даци, тIагъур босе, дур бетIер квачала, – ян, вортун ана АхIмад гьесда хадув. Гьел тушбаби гурелльи бичIчIарал багIарармейцаз гьев виччан тана.

– Дуца капитанасе таралъухъ дуе шапакъат гьабула дица гьеб.

Цо офицерги Ибрагьимги лъикI мехалъ гара-чIварулел рукIана дагьал дорегIан. Хадуб офицерас хIеренго абуна солдатазда:

– Штабалде щвезаве! – ян. Гьев тIерхьинегIан хадув валагьун тана багIарармейцалъулаз АхIмад.

– Хех гьабун дунги нужер цо командирасухъе ваче! – ян буюрана АхIмадицаги.

– КIудиясухъейищ, гьитIинасухъейищ? – ан релъанхъана гIолохъаби.

– Лебаласухъе! – ян абуна АхIмадица. Солдатал, цоцахъ ралагьун, гьимана.

– ГьабсагIат гьанив дидаса кIудияв командир гьечIоха, магIарул Гаврош! – ан абуна дов Ибрагьимида кIалъалев вукIарав офицерас. Гьанже кIваркьун валагьана АхIмад. ВакIа-вахари, гIебаб рачел, бакьулъ таманча. Кепкаялда цIва – киналъулго хIисаб гьабуна васас.

– Сергеев.

– АхIмад, – АхIмадие рекIее гIуна командирас бачIинахъего жиндирго цIар бицин ва дуда цIар щибилан цIехечIолъи.

Сергеевас, хIеренго гъежги ккун, гьев, гьури хьвараб гонгинивеги вачун, гIодов чIезавуна.

– Гьалмагъ Сергеев, дун хIалакун вуго. Дун щвезе ккола Лавашиве, полкалъул штабалда. Амма дун цоги жоялдаги хIинкъун вуго… Дица кинабго жо ракIбацIцIадго бицине бегьиладай дуда?..

– Бегьила, АхIмад, бегьила. Дун вуго разведчиказул командир. Нижер мурад буго Хьаргаби росдаде тIаде кIанцIилалде гьеб мухъалда разведка гьаби. Бихьулищ, дица бицана дуда нижерго балъголъи.

– Гъалмагъ Сергеев, доле дова вуго нужер цо солдат. Дагъаб цебе букIараб рагъулъ лъукъун, гъоркь хутIун ватун дицаги дир яц Зайнабицаги вачун нохъода вахчарав.

Сергеев хIикмалъун хутIана.

– Досул махIу буго борлъун. Квешаб ругъун буго. Дов къваригIун вуго кIванагIан хехго азарханаялде вачине.

– Так, так! Бицея, бицея, вац АхIмад, – анги абулаго, командир гьесда аскIовегIан къана.

– Цоги дихъ букIана дос жиндирго хIакъалъулъ хъвараб кагъат, тIагъуралда жаниб, муридазда гьеб батана.

– Бицарабищха дуца? – ян цIехана Сергеевас, гьеб хIужаялъул Ибрагьимица бицун букIаниги.

– БицинчIо. Бицинищха ле. Дозул капитанас квешго вухана дун. ГIакълу инабуна. Амма дица гIодобе рехун батараб жо босун букIанин абуна досда, доб кагъат. Метер радал дун кназасухъе вачине вукIана доз. Ибрагьимица хвасар гьавуна.

– Молодец! – АхIмадида ракIалде ккана: «Абизе биччанте, дун гьелъие мустахIикъав ватизеги бегьула».

– Гъалмагъ командир, дихъ буго карта…

– Кинаб карта?

– Дицаги, Петр Осиповичасги, Зайнабицаги бахъараб. Гьенир рихьизарун руго нижеда лъалелщинал Хьаргаби росулъ ва росдада сверухъ ругел щулалъаби, заставаби, кьоял, гъоркьчIелал, хъитIал, гохIал, гIорал, лъарал – кинабго.

– Бихьея, бихьея, АхIмад! Мун меседил чи вукIун вугогури, лъазего лъачIого. АхIмадица тIомохьит цIан, тIаса бахъана ва халатаб портянкаялда гьоркьоса къватIибе чанго нухалъ кIичIвараб кагъат босун бачIана.

– Ахрана, щулалъаби! – ян буюрухъги кьун АхIмадгин цадахъ командир цо нохъоде жаниве ана. Гьес фонаралъул канлъиги речIчIизабун, биххун цебеги лъун, лъикI мехалъ картаялъул халгьабуна.

– Огь, хIалчIахъадал я! Унго-унгоял героял руго нуж. Дица лъабалго шапакъаталъе рихьизарила нуж! – ян кутакалда разилъана командир. – АхIмад, гьанже нижее хIажатаб жо лъалищ дуда? Нижее къваригIун вуго цо муридазул чи. Дур картаялда тIадеги журазе хIужаби жинда лъалев. Доб мун ккураб бакIалдаса щвелародай нилъее гьединаб давла?

– Валлагь щолаха! Дова Ибрагьимица вухьун, кIкIалахъе рехун вуго цо дун цIунун тун вукIарав ахран – расбагIар.

– Агьа. Офицер щвелародай нилъехъе?

– Пайда щибха, дов капитан кквезе гьечIого! – ян нахъеги ццин гьалаглъун бачIана АхIмадил.

– Дуда лъалищ добе нух?

– Лъала. Рилълъа! – ян АхIмад тIаде вахъана, амма мугъзалъ мал бараб бакIалъ нахъеги гIодов чIезавуна. Сергеевасда гьеб бичIчIана.

– КIваричIин, АхIмад, кватIичIого ХIоцоса Нажмудинил габунибе кIичI ккезабила Дагъистаналъул халкъалъ! – анги абун, гьес АхIмад тIаде вахъине кумек гьабуна. АхIмадие командирасда жиндирго загIиплъи лъай захIмалъана.

– Агь, гьаб бигьаяб жо! – ян абуна гьес.

– Петр Осиповичасеги гьабилеб нилъеца кумек, – ан абуна командирас.

Сергеевас киналго цойиде ракIарана. Рохьго цIун бугилан ккана АхIмадида красноармейцазул. Гьев чIухIун вукIана гьездаса. Солдатазеян абуни цIакъ лъазе бокьун букIана гьитIинав магIаруласулгун командирасул букIараб, саламатго халат бахъараб, балъгояб хабар. Сергеевас къокъго бицана кинав бахIарчи АхIмад вугевали. Гьесги яцалъги лъукъарав солдат хвасар гьавиялъул бициндал, солдатазда гьоркьосан вахъун цеве кIанцIун вачIана цояв ва, сундаяли ван, гIодов ккана.

– Щиб дуе, Шумилин? ГIадаллъунищ мун? – ан цIехана гьесда тамашалъарав командирас.

– ТIасалъугьа, гьалмагъ командир, гьев дир гьудул ватизе бегьула. Изну кье васасда лъукъарав солдатасул цIар цIехезе. – АхIмадги тамашалъана.

– Петр Осипович Прокофьев! – ан жаваб гьабуна АхIмадица.

– Вай, дир вац! У, вуго! Гьалмагъ командир!.. Нижер взводалда вукIарав, кигIанго валагьаниги ватичIев солдат вуго гьев. Унго–унгояв чи вуго. – Кидаго сабурав, гIакълу бугев Шумилин Александр Ануфриевич, гьедин, живго кIочон, кIалъалев тIоцеве рагIулеб букIана командирасда. Разведчиказда гьоркьове гьев чанго къоялъ цеве вачIана ва бажари бугев разведчик хIисабалда вихьизавуна гьес живго. Командирасда ракI-ракIалъ бичIчIана гьесул разилъи.

– Александр Ануфриевич, тушманасул балъголъаби лъазаризе асир ккун хадув, мунги къимат тIокIав нилъер гьитIинав вац, бахIарчи АхIмадги Прокофьевасда хадур ритIила.

– Баркала, гьалмагъ командир. Дида аскIове вачине бегьилищ АхIмад?

– ВахI, Шумилинищ мун кколев? Дур гIемераб бицунаан Петр Осиповичас. «Дунялалда хутIана цохIо цевесев чи» – гьедин абуна дос дур хIакъалъулъ, – ан, тIаде вахъун, Александр Ануфриевичасда аскIове ана АхIмад. Солдатас вас каранде къана. Гьесул бадисан рохалил магIу тIинкIун бачIана. Шумилин щибго абизе кIоларого хутIун вукIана. Разведчиказе кIудияб асар гьабуна гьеб дандчIваялъ. Гьезул щивасда ракIалде щвана рагъулъ хварал, кире арал лъачIого тIагIарал гьудул-гьалмагъзаби. Командирги ккана пикрабалъе. Гьев рекIеда ватана АхIмадица абураб рагIиялъ.

– Дидаги доз «багIарав разведчикилан» абуна.

– БитIараб буго! МустахIикъав вуго мун гьеб цIаралъе, – ян абуна командирас. – Заман щвана, гьалмагъзаби, рилълъа.

АхIмад вукIана цеве-цеве. Гьесда цадахъ вукIана командир Сергеев. АнцIго галиялъул манзилги гьоркьоб тун рачIунел рукIана цогидал разведчикал. Унел рукIана сас бахъизе биччаларого ва руцIцIухIун. АхIмадида бихьана биццатаб, гIажизаб гъветI. Гьеб ракIалде щвана гьесда, гьанирехун рачIунаго нухда батун букIараб. АхIмад лъалхъана. Гьес командирасда абуна нух мекъи кколеб бугищали балагьизе жив цевегIан инилан.

БагIарармейцал цо-цоккун аскIоре щвана. Цо-цоял рахъун чIаралъур рукIана гъутIбузул хIубазда аскIор, цо-цоял гIодор чIана хIухь бахъизе.

– Дунги вачIина дуда цадахъ. АхIмад, – ан абуна Сергеевас, ургъизеги ургъун.

АхIмадил ботIролъ пикру паркъана Сергеев жинда божулев гьечIилан, амма щибго абичIо. Цо дагьалъ ургъизеги ургъун, кIалъана гьев:

– Агъа, кIигоял рукIани, хIинкъиги дагь букIина, ракIгъейги букIина. БитIараб гьечIищха, Сергеев-даци?

– БитIараб буго, АхIмад, битIараб буго.

– Бице, Сергеев-даци, магIарул командирал ругищ нужеда цадахъ армиялда?

– ГIемерал! ЧIахIиялги руго гIисиналги руго. Дуда рагIун батила МахIач Дахадаевасул хIакъалъулъ?

– Дида вихьана гьев Шурагьав. Дида инсуца вихьизавуна гьев. Доб мехалъ досда тIад я хвалчен, я таманча букIинчIо. Хадуб лъана нижеда гьев ХIоцоса Нажмудиница чIваравлъи.

– ГIодовиччан кIалъай, АхIмад. Разведкаялда кIалъазе бегьуларелъул, нилъин абуни, гьабсагIат цIакъго хIинкъараб разведкаялда руго. Гьелдалъун, цебе чIараб масъала мухIканго тIубазе ккани, нилъ цIодорго рукIине ккола. КIочон тоге! МахIач Дахадаев чIванаха, битIараб буго. ЧIвазеги чIвана, гьесда кодоб кинабгIаги ярагъги гьечIеб мехалъ. ХIоцоса Нажмудиница гурев, гьесги Тарковскиясги гIарцухъ вичун восарав хIалихьатица чIвана гьев. Гьа, гьанже руцIцIун чIезин, АхIмад. Нилъ битIун унел ругищали сверухъе балагье. Нух къосун ккечIищ нилъер?

– Йохъ, Сергеев-даци, ккечIо! Гьаб бакIалда нахъа буго иххица бахъараб рахъ, гьелдаса рикIкIад гьечIо гьезул руккел, – ан щурун жаваб кьуна АхIмадица.

ХIакъикъаталдаги кIикъоялда анцIго-лъабкъого гали тIамун хадур, гьев кIиявго кутакал чвахунцIадаз ва гIазу биараб лълъеца лъугьинабураб, гъваридаб кIкIалахъе – хьитIнире жанире ккана. Гьениб, кIиго-лъабго галул манзилалъ аскIов вугев чиясулги гIуж лъаларедухъ бецIго бугоан.

Сергеевги АхIмадги, гIезегIан къоги бихьун, гьеб кIкIалахъан тIаде рахана. Гьезда бихьана рохьоб жаниб кIиго-лъабго цIа бакараб бакI.

– Гьалеха нилъ битIун тIаде ккана, – ян абуна АхIмадица Сергеевасул кверги ккун.

– Гьанже мун гьаб бакIалда чIа, АхIмад. Вореха, кьижун ккезе гурин. Дица гьиштIидал, диралда релълъинабун гьиштIизе жигар бахъе дуца. Дун разведка гьабизе ина, балагьила щиб доба бугебали. – КIваркьун гIенеккун чIана АхIмад. – Нахъеги абулеб буго – кьижизе гурин мун. ГьиштIизе лъалебищ?

– Лъаларищха ле! Бокьараб къагIидаялда! – АхIмадица Сергеевасда буртIинкилищ цебе ккуна, – гьалъцин лъала!

– ЛъикI буго. Ана дун, – Сергеев бецIлъиялъукь тIерхьана.

Живго хутIидал АхIмад сверухъ валагьана ва живго вахъун чIараб бакI рекIее гIечIо гьесие. Бокьараб мехалъ ХIоцосесул муридал тIаде рачIине бегьула. Нахъеги добго сурав, нахъеги гIазаб, вухи. АскIоб бугоан цо гъветI. АхIмад гьелде тIаде харун ана.

ГIодоре даларал хIатIал цIунцIраххине ва цIорозе байбихьана. КвегIаб хIатIил цо тIанкI бухIулебги букIана. Гьес хьит тIаса бахъана ва бухIулеб бакIалда квер хъвана. Гьениб лълъулълъан ккараб пинкь бихъун бугоан. АхIмадица чIартил бакъвараб бакIги ругъназе ккезабун, битIа-бищизабун, берцинго жемана портянка ва гIаркьалидаса цевехун вортиларедухъ, гьабугьинан ретIана хьит. Нахъехун гьесул габур цулеб цо гIаркьел букIана.

Гьанже унго-унголъунги макьу рекIана АхIмадида. Гьес берал цIацIана, кIал ургъунго, кIванагIан гьакIкIан чIезабулеб букIана макьу тIуризе гIоло. Малъкъосарав чи АхIмад гъотIодаса гъоркье рещтIана ва довегьаниве хьвадизе лъугьана. Макьу ана. КIиго сагIат гIанасеб заман ана АхIмадица Сергеевасухъ валагьун. Халатаб хасалил сардилилан абуни, сагIталго лъугIулел рукIинчIо. АхIмадида ургъел чIвана: «Щибниги кканадай Сергеевасе? Хал гьабизейищха унарев?» абун пикрабазда вукIана гьев. АхIмадие жиндиего бокьараб ккезе бегьулареблъи кIоченабуна гьеб ургъалица.

Сергеевин абуни заставалъул халгьабулев вукIана гьеб заманаялъ. Рохьил талалъиялда гьесда бихьана цо кIудияб ва чанго гьитIинаб чадир. Щибалда аскIоб цIа бугоан ва цIетIа гьан батилеблъи лъалеб букIана махIалдасан. Доре-гьанирехун унел, хьвада-чIвадулел муридал рихьулел рукIинчIо ва Сергеевасда бичIчIулеб букIана, взводгун тIаде кIанцIун гурони, гьаниса асир щолаевлъи. Гьев багIарармейцазда хадув тIадвуссинехъин вукIана. КIудияб чадиралда жаниб ихтилат-кепалъул сас бугоан, рагIулеб букIана гьенисан цо-цо кочIол бакъанги. «Гьекъолдулел руго офицерзаби, – абун хIисаб гьабуна Сергеевас. – КIиго-лъабго багIарармеецгун жаниве кIанцIизе лъикIан гьанже» абун ракIалде ккана гьесда. Гьеб лахIзаталъ чадиралдаса къватIиве вачIана цояв. Цо дагьаб мехалъ вахъун чIана, цIа гIолеб машинаялъ цIаги рекIинабун, хъалиян цIана ва Сергеевасул рахъалдехун валагьун вилълъана. Офицер битIун Сергеевасде тIаде щолев вукIана ва Сергеевас гьев цеве виччазе цояб рахъалдехун цо-кIиго гали тIамуна. Сергеев цевеса нахъе вилълъун лъугIараб мехалда гъажабазде рехараб шинельгун офицер цевесан ана. ЛъикIаб сорталъул танхьил махIалъ Сергеевасул магIарзукъалал рукаризаруна. «ЛъикIал папиросал цIалел руго хIарамзадаца. ГьитIибикъинаб варани батиларо гьаб, – абун ракIалде ккана Сергеевасда. – Кивеха гьав унев вугев? Щиб гьасие гъоба гъоркь хIажатаб?»

Сергеевасда бихьана муридазул хъазица хъалиян гIодобе рехулеб ва кватIичIого лъелъ чапи бахьана гьесул. «Щиб гьав гIабдалас гьабулеб? Чверделевги ватиларин. Гьекъолеб жоялъ цIа речIчIарав чи лъехъе вачIун ватизе ккола. Гьебха диеги хIажат букIараб, хехлъи гьабизе ккола». Сергеев вилълъана лъел гьаркьихъе. «БихьинхIутI! Ордек гIадин чвердолев вуго. Лъадарараб морж батила гьаб, кинандай дица гьав восила», – ян ургъулев вукIана Сергеев битIун офицерасда тIадеги унаго. Сергеев цо хъегIана ва хIинкъичIого ана чвердолесда тIаде.

– Щив гьав? – абун цIехана гьес кительги тIад ретIунаго.

– «Нилъералго» – ян жаваб кьуна Сергеевас ва къуватаб кьабиялъ офицер цIан витIун гIодов лъуна. Кителада рукIана капитанасулал пагонал. «Пугь! Мунха дие къваригIун вукIарав, берзул канлъи!» – ян абуна Сергеевас тIаса гъоркьехунги вуусинавун, капитанасул квералги рухьулаго. Капитан гъулгъудилев, сванххелев вукIана. Сергеевас гьесул кIалдиб чIорто къазабуна. Гунгуди гIодоцана. Квералги хIатIалги рухьун, таманчаги батIа гьабун, лайкадул кисаги, цо киналали кагъталги нахъе росун, жиндаго тIад гьесул шинельги ретIун, мугъалда гьевги ваччун, Сергеев АхIмадихъе вилълъана. Офицерасул букIана бакIаб къаркъала, тIадежоялъеги гъоркьан тIаде ваччизе кколев вукIана гьев. Сергеевас офицерги гIодов лъун, гьештIана.

АхIмадица алхинчIого жаваб кьуна. АхIмад аскIове вачIана ва Сергеевасда цIехолдизе лъугьана. Сергеевас гьесухъе баччизе капитанасул шинельги кьун, сихIкъотIун вилълъаян абуна. Унел рукIана нух гьечIеб бакIалдасан, рохьосан, магIардаса гъоркье. Кин букIаниги, Сергеев гIемерав лъалхъизе кколев вукIана. ТIухьидул биун тIурабгIан бакIаб букIана офицерасул къаркъала.

Офицер лъавуде вачIиндал, Сергеевас гьесда бичIчIизабуна гьев багIаразухъе асирлъуде ккун вугеблъи ва данде чIечIони, жиндиего лъикI букIине бугеблъи. ХIатIалги ричун, мугъзаде шинельги рехун, живго вилълъине виччана.

Офицер тIоцеве гъулгъудилев, бетIер хьвагIулев вукIана, гьебмехалъ Сергеевас гьесул магIарзукъалазда цебе, гIарадаялъул гулла гIанасеб, жиндирго зар ккуна ва, мукIурлъулев гьечIони, данде кколел тадбирал гьаризе ругилан лъазабуна. ХIоцоса Нажмудинил капитан вуцIцIун чIана ва гьел кватIичIого багIарармейцал тун рукIараб бакIалде тIаде щвана. Гьенир капитанасул кверал ричана, кIалдиса жо нахъе бахъана, тIуризе къасд гьабуни, гьебсагIаталъго чIвазе вугиланги лъазабуна.

Сергеевас киназего буюрана кIалъачIого чIезе ва кIванагIан хехго заставаялъул зонаялдаса рикIкIалъизе.

АхIмадида капитан лъана. Гьев дунял гIоларого рази вукIана. АскIове щваравго живго къвалакье вачарав Шумилинида, кIалъагейилан кьварун лъазабун букIаниги, АхIмадица бицана гьев нагIанабатад вугин жив инжитго вухарав чийилан.

СихIкъотIун рилълъана гьел ва рогьалил канлъи рехулеб мехалда Сергеевасул къукъа тушманасул зонаялдаса рорчIана. Цо кIудияб ганчIида цере гIодор чIана. капитан, къан бетIерги ккун, гIодове, ракьде алагьун чIун вукIана. Шумилин гьесда аскIов кваранаб рахъалда вахъун чIана. ахIмад, хIатIикилщазда вачIун, капитанасда цеве дандвитIун вахъун чIана. Сергеев АхIмадихъ валагьана ва гьев вачине тIаде ворхун вачIунаго, багIарав рахведчикас магIарул мацIалда абуна:

– Гьалмагъ капитан, бугеб ахIвал-хIалалъул доклад гьабе! – ян. Капитанас бетIер борхана. Гьесда беркIутIарабго лъана АхIмад. Гьесулъ гьведулаб ццин пирхун бачIана. КIиябго кверги борхун, хехго тIадеги вахъун, гьев АхIмадиде гьутIизехъин вукIана. Циндаго Шумилинил пири гIадаб хехаб зар гьесул гъванщилъ щвана. Капитан гIодов речIчIана

– Шумилин! – ан ахIдана Сергеев ва хехго капитан тIаде вахъинавуна.

– Агьа, нужер разведчикищ гьав вукIарав? Квеш ккана дица доб мехалдаго чIчIинтIизабичIого дур бетIер!

АхIмад вахъун чIаралъуса кьуричIо. Капитанасда гьесул ракI гурхIунцин бачIун букIана, жиндирго гIайиб бичIчIун букIана гьесда. Хадуб, гьесул рагIаби рагIидал, гьесулги Шумилиница гIайиб гьабулел рукIарал цогидазулги ццим гьалаглъана капитанасде. Сергеевасда ракIалда букIана, щай капитанасда кIалъазе АхIмад виччаравилан Шумилиниде семизе. Амма гьесулъги гьалаглъана революциялъул тушбабазул цояв, ХIоцоса Нажмудинил зулмучиясде ццин.

– Капитан, гьав гьеб тIигьаялъин мун гIадав мун асир гьавурав, чи хIакъир гьавизе махщел бихьула дур. Амма къуват гуроха, гьеб буго хъарцинлъи, – ян абуна гьес. Тушман сихIкъотIун чIана.

Хадуб хIукму гьабуна Шумилинги санитар Гурамишвилиги ритIизе Прокофьевасда хадур.

– Цоги чи витIизе ккелищ цадахъ, Александр Ануфриевич? – ан цIехана гьесда Сергеевас.

– КватIичIого нилъер полкги тIаде щвеларищха, – ян жаваб кьуна Шумилиница. АхIмадил картаялдасан Сергеевасда лъалеб букIана Прокофьев вахчун вугеб бакI. Шумилинил группа нохъода чIезе кколаан, багIарал тIаде щвезегIан.

Унаго нухда АхIмадида ракIалде ккана цо пикру: «ХIоцосезул армиялда ругел хьаргабисезда дун лъил¸щивали лъан батани? Масала, гьадав нолъ дихъе вачIарав кIигоясул цоясда? Щибдай ккела дир яцалъулги кIодоэбелалъулги? РасбагIаргун хьаргабисел цолъани? Нагагь гьел жакъаго Хьаргибире ани? Шумилинидаги Гурамишвилидаги бицине ккола гьеб хехго…»

ГьалмагъзабикIваркьун гIенеккана АхIмадихъ.

– БитIараб буго, нилъ цин, кIванагIан хехго нужер рокъоре рилълъине ккола, яцги кIодоги рахчизе. Метер Хьаргабир магIарулал рукIине руго. Цинги гьениса гъоркье Хважалмахьисан метер гьужум байбихьула. ХIоцосезул кверщалие ахир лъела ва дцр инсул росулъ Советияб власть гIуцIила. Гьеб мехалъ кIодоги Зайнабги рокъоре тIадруссина.

– БитIараб буго, кIацо, – ян абуна хабар дагьав гуржияс.

ЧIезе ккана дунял бецIлъизегIан. МоцIрол канлъи букIинчIо. Яц Зайнабги кIодоэбелги ругеб рукъалъул гIуж бихьулеб букIана. АхIмад лъалхъана. ГIенеккана. РикIкIадасан чвахулеб гIурул сас гуреб жо рагIулеб букIинчIо.

– Доле дир рукъ. Дова щивго гьечIо, – ян щурана АхIмадица Шумилинида ва хехлъи гьабун цебехун гали босана. Шумилиница гьев ккуна.

– Дова мун вачIиналъухъ балагьун чIарав дур «гьудул» расбагIар ватани щиб гьабилеб, АхIмад? – ан абуна гьес. Васасда кинабго бичIчIана. АхIмадил ракI хIинкъана. Васасул хIал бичIчIарав Шумилиница щурана гьесул гIинзунибе:

– Сабру гьабе. ГьабсагIат нилъеца разведка гьабила.

АхIмадида ракIалде щвана Санкур. Гьес хIисаб гьабуна: «Санкур азбаралда батани, сунданиги хIинкъизе кколаро». Гьалмагъзабазул изнуялдалъун, тIаса бахъун Ибрагьимил тIагъурги къвалакь ккун, АхIмад цевехун ана. РагIун-рагIичIого гьиштIана АхIмадица. Цоги нухалъ гьиштIана. Санкурил цIи-цIи бахъана. Гьалмагъзабазда бихьана АхIмадги хIамагIанасеб гьвеги, къвалалги ран. АхIмадица рокъобе нуцIа рагьана, амма гьенив щивго вукIинчIо. АхIмад ваккичIеб бакI течIо. Васасда гIодизе бачIана. Гьесул гьанже ракIчIана гьел расбагIарица асир гьарун рачун ун ратилилан. «Щиб гьанже гьабилеб? Киредай рачун ана? Зайнабица гьезда бицанадай Осипович вугеб бакI» – абун рахIатхварал пикрабаз цIуна васасул керен. АхIмад гьалмагъзабазухъе гIедегIана.

Шумилиница вас гIодовиччазавуна:

– Щибго букIине гьечIо Зайнабиеги кIодоэбелалъеги, АхIмад, нилъеца къасиго ралагьила гьел. АхIмад рахъ-рахьалде гIинтIамизе лъугьана. Гьев гьабизе жо тIагIун вукIана. Гьесда цере чIолел рукIана гьой-расбагIарги, гьес гIазаб кьолел Зайнабги кIодоэбелги. «ТалихI, дова капитангIаги гьечIолъи… Амма довги хъамун, ццидаххарал гьез…» АхIмадил ракI букIкIана.

Гьал гьениса нахъе рилълъана. Бадибе пулеб цIорораб гьурияльул лъицаниги агъаз гьабулеб букIинчIо. Амма цебе гIадинаб цIодорлъи АхIмадил рилълъадулъ букIинчIо. Гьесда кIочон тана цин цебе нохъодул кIалтIе Прокофьевасул пароль – чIимих рехизеги.

Лъабалго цо-цоккун нохъоде жанире тIерхьингун, гьезда хадувго цун, нохъода цеве щвана кIигоявги. Гьезие канлъи гьабулеб гIадин, дандбитIараб ТIуркъи магIарда нахъасан моцIрол нилъ баккун бачIана. Хадув вукIарав цояс, кин букIаниги, чвантиниб лъолеб фонарь нахъе лъечIо.

– Петр Осипович, мун кив вугев? – ан цIехана Шумилиница. ГьебсагIат хадур рачIаразул цояс, нохъода цеве вахъунги чIун, туманкIги битIизабун, абуна:

– Кверал рорхе хехго! ТункIал гIодоре рехе! Кьурани, чIумал гIадин рорлъизе руго!

Шумилинги Гурамишвилиги нохъоялъул кIалтIаса жанирегIанго ун рукIинчIо. АхIмад Петр Осиповичасул «кроваталда» аскIове щолев вукIана. ТIоцевесев кIигоясда гьоркьосан араб фонаралъул канлъиялъ гвангъизавун вукIана гьев.

– ТIаде бахъа, таращ, кверал рорхе дуцаги! – ян буюрана борхьил гIадаб хьир-хьирараб гьаракьалдалъун расбагIарица. Гьесда цадахъ вукIарав хьаргабисес абуна:

– ЧIвазе рачIа, щиб нилъеца гьазда гьабилеб? – ан.

– Гьал чIвазе ккола гьазул рекIелавгун цадахъ. КIиявго цIвадулавги вихьуларищ гьав къватIулъажояс эсухъе рачун ругел, – ан жаваб кьуна расбагIарица.

«ВахI, ахиралда ккараб жо бихьуларищ? Прокофьев кивха вугев? Агьа. Дов къватIив вахчунха… У, у. Дун пароль кьечIого вачIунаго цо нухальги къватIив вахчун ватанагури дида гьев, – ан пикру гьабулев АхIмадида рагIана къватIисан хирияв гьудуласул гьаракь.

– Кверал рорхе! Ярагъ жанибе рехе. Хехго! «Ракьцоял!» – ан абуна, ахираб рагIуда гьаракьги борхизабун, цо лъаларев чияс. Шумилинги Гурамишвилиги рахъ-рахъалде кIанцIун, гIодор регана. Тушбабаз тункIал чвархъиялда нохъода жанир речIчIана.

– Александр Ануфриевич, раче нужерго асирал! – ан ахIана Прокофьевасги. Гьев хIикмалъун ва гIорхъи гьечIого вохун вукIана нохъода жаниб гьудуласул гьаракь рагIун.

Шумилиницаги Гурамишвилицаги, хехго тIадеги рахъун, кIиявго мурид, горбода хьаталги кьабун, цин лъавудаса инаруна, цинги нохъода жаниреги рехъерхъун, кверaлги нахъехун рухьун, гIодоре рехана. Гьеб лахIазаталда, чвахулаго гIетIгун, къадада кверaлги чIвалаго, Прокофьев жаниве ваккана. Гьев кIиябго рахъалъ ккун вугоан Зайнабицаги ва дов Прокофьевасухъе кагъат босун багIарармейцазухъе инехьин вукIарав Хьаргабиса ГIумарчиев МухIамадицаги. Хадуйго яккана кIодоэбелги.

ТалихIаб дандчIвай, къвалал рай, магIу, рохел, цIехолди. Прокофьевасда къвалги бан, нахъе-нахъе тIадвуссун, убачал гьарулев вукIана Шумилин. КIодоца квенчIелалда лъураб АхIмадил бетIералда хIеренго кверал рахъулел рукIана. Зайнаб, цебе лъезе, квен хIадурулей йикIана. Прокофьевас гьудуласе бицун лъугIулеб букIинчIо лъикIаб хъизамалъул хIакъалъулъ хабар.

– Зайнаб ячIана къаде нахъе йортун гьание. Цо хьаргабисев вачIанила рокъове, гьес абунила АхIмад асир гьавун вукIанин ва радалалде цоги муридгун цадахъ тIурун ун ватанин. Гьес магIарзукъалазулъ зар щвезабурав цо рас багIарав муридги цогидав квешав хьаргабисевги нуж кквезе рачIине ругилан абунила. Щибила жидеца гьабилеб? Дицаги абунаха нохъоде тIуре, гьанир рахчилаян. Прокофьевасда ругънал унти кIочон букIанин ккола. – Рачун гьелгун вачIана нилъерго цIияв гьудул, Хьаргабиса ГIумарчил МухIамад. БагIаразде данде вагъичIогоян чанго нухалъ гIакIа къотIун буго гьесда.

Лъавуде рачIиндал асираз бицана заставаялдаса кIиявго балъго рилълъанин АхIмадил рукъ балагьизеян ва батIияв чиясда гьесул рукъалда хадуб хъаравуллъи ккун рукIараблъиги лъаларилан. Гьоркьоб лъуна суал: кIодоги Зайнабги рокъоре щвезарун лъикI гурищан. Шумилиница абуна:

– Жакъа хIоцосесулазда лъазабун батизе буго кверде рачIаян. Гьез жидеего бокьун ярагъ гIодоб лъечIони, гIарада тIаде бан хадуб, росу гьужумалъ бахъине буго. Гьеб тарихияб иш ккола метер. Щай гьел рокъоре щвезарун, бокьараб ккезе бегьулелъул…

Бакъбаккул кIиябго магIардасан гIарада базе байбихьана. Росдада тIад речIчIулел рогьалил бакъул чIоралги лъабго рахъалдасан тIаде гьужум гьабулезул мугIрузда багъараб «Гьурраян» ахIулеб гьаракьги цадахъ ккана…

…Гьеб букIана 1921-абилеб соналъул 27-абилеб январь.

Муридазул цо бутIа КIикIунибехун балагьун, цогидаб бутIа «Хъубазул кIкIал» абулеб къварилъухъе тIурун ана. Нохъода букIана лъикIаб рагъулаб къуват. ХIукму ккана къварилъухъехун тIурун унел хъачагъазда цIа бакизе. Гьел риххун ккун, бата-батаралъур рахчун, цере ккаралъуре тIурулел рукIана. ГьебсагIат багIараб Армиялъул цо взвод Прокофьевасул нохъодаса рикIкIад гьечIеб бакIалде, хьархъазде тIаде кIанцIун бачIана. Хъачагъаз кверал рорхана ва къокъа-къокъаккун цере къотIун асир гьарун рачун унел рукIана гьел. Кьвагьи хьадарлъана ва росдадаса рикIкIалъана. Хьаргаби росу багIаразухъе ккана.

Росу бакьулъан эхеде багIарармейцазул рекIаразул къокъа бачIана. Баккана багIарал партизаназул къокъаги. Гьезул командир Лапин вукIана хъахIаб айгъиралда цеве-цеве. Гьев ракълилал хьергебдерида лъалев чи вукIана. Халкъалъ багIарармейцазде ва багIарал партизаназде кверал, тIагърал, багIарал чIартал хьвагIулел рукIана. РукIана, узухъда, гордал-нуцIби къан, рокъор жанирги чIун, яги тIурун ун нохъабазда, багIаразде балагь биччайилан, Аллагьасде гьардолелги.

Хадурго цун лъелазул кьералги ана хехаб галиялдалъун росдада нахъе, бакътIерхьуде ралагьун.

КIинусгогIанасев асир гьоркьов вугеб колоннаги баккана. Гьел цIунулел рукIана кIиябго рахъалъан багIарармиялъул рекIараз. ГIемерисел асирал рукIана гьоркьохъел соназул, свакан хIал лъугIарал магIарулал. Гьезда тIад рукIана басриял, тIутIурал хъабарчаби, тIимгъал. Рес ккун гьечIоан гьезул мугжул кIкIвазеги.

Цояв нухде тIаде бачIараб рагъиялъул чIалуялъухъ валагьана. Гьесги цогидасги гьеб чIалда ван гъанкъана кIвар бугеб кагъатги босун унев Лапинил отрядалдаса партизан Маргъалулав. Дибирасул буюрухъ тIубазабиялдаса муридасул гьанже квешго ракI бухIун букIана.

Конвоялъул кIудияс команда кьуна асиразе лъалхъизе ва гIодор чIезе. Асирал, цоял эхетаралъурго чIана, цоял цебе ккаралъур, битIахъе чIарбида

парахалъана. Кваналаго асирал дагъал чIаголъана ва гара-чIваризе журана. БатIи-батIиял мацIал рагIулел рукIана гьенир: бежтIадерил, гIандадерил, цIунтIадерил, балъхъадерил. Бищунго нич букIана хьергебдерие. Гьел, бутIрулги гIодоре далун, щурун гаргадулел рукIана.

Солдатазул кухниялъул кванил махI, кIалдиб лъимги ккезабулаго, ХIоцоса Нажмудиница хъарсун рехарал рукьбузул гохI гIадаб росдада тIад тIибитIун унеб букIана. Росдал гIадамал рукIана къватIазде, рагъабазде рахъун, ралагьун чIун. ГIемерисезул бадиб букIана магIу.

Цо заманалдасан къватIалъул аххаде руссана киназулго бутIрул. Гьенисан раккана, нахъехун кверал рухьарал, кIиго асирги, цеве къотIун вачIунев АхIмад ХIажиев. Гьесул бетIералда букIана Прокофьевасулгун хисараб багIарармейцасул, щугIаркьелаб цIва кенчIолеб тIагъур, квераз къан ккун асиразул мугъалде балагьизабун букIана туманкI. Гали тIамулеб букIана гьес бихьинчияс гIадин. Гьесул букIана ракI тIаде цIалеб, кIвар бугеб гьумер, лъабго-ункъо галул манзилалда гьесдаса хадур, ургъунго гъажалде рехун тункIалгун, Шумилинги, Гурамишвилиги, ГIумарчиев МухIамадги, гьезда гьоркьов, гьотIол гIаракьалабазул гIедегIалихъе гьарурал гIунсбиги гIунтIун, Прокофьевги рачIунел рукIана. Гьел, гьурмазда гьимигун, гара-чIварулел ругоан. Конвоязул бетIералда чIарав офицерасда цеве щведал, жиндирго асиразе АхIмадица команда кьуна:

– Стой! – абун. Цинги, чесги ккун, гьитIинаб маххул магI гIадин, гьесдехун вуссун кIалъана:

– Гьалмагъ, конвоялъул командир, дир инсул росулъ, Хьаргаби, Советияб власть гIуцIизе теларилан лъугьарал, дир эмен гIадин дунги чIвазеян дида хадур чIарал, гьал дир асиралги къабул гьаре! ТIубачIо гьазул мурад, советияб хIукуматалъул тIолалго тушбабазул тIубачIеб гIадин!

– ХIалчIахъад, АхIмад! БагIараб Армиялъул, багIарал партизаназул ва жакъа даималъего Советияб власть жаниб ккoлеб бугеб Хьаргаби росдал жамагIаталъул рахъалъ баркала дуе! – ян абуна, чесги ккун, командирас. КъватIго кодобе босараб хъат чIвалеб ва гьураялъул гьаракь бахъана.

– Дуца эв хIалихьат толаревлъи, бихьинчи, дуца эсул магIарзукъалал багIар гьаруpаб мехальго лъалеб букIана! – ян ахIана гIодор чIун рукIарал асирзабазда гьоркьосан цояс.

Гьев вукIана асирлъуде ккараб доб капитанасул заставаялдаса мурид. Конвоялъул командир чодаса рещтIана. Гьес АхIмадил кверги бачун, абуна:

– Дуде ва дур гьудулзабазде саламги битIун, Сергеевас абуна, нуж рихьани, жив аскарги бачун, росдада нахъе анилан абеян. Дол дора оборона ккун чIезе руго, – ян.

ГIадамазда гьоркьосан васасул васасухъ ялагьарай кIодоэбелалъул бадиб магIу ххулун букIана. Гьелъие АхIмадил гьурмада рукIарал вухиялъ хъахIиллъарал гIужалцин гьедигIан захIмат рукIинчIо гьанже. «КIи вичIарав эмен вуго, – ян щурана гьелъ. – Пайда щибха, дир вас. Жакъа мун дурго васасухъ валагьизе чIаго гьечIого. Вай, дир эбелги эменги гьечIев бесдалав. Дица бесдал теларо мун дун чIаго йигебгIан мехалъ. Эбелалда релълъарай лебалай яцги йиго дур. ЦIияб хIукуматалъги рехун теларел нуж», – херай, цIодорай магIарулалъ чIегIераб кIазил рагIалалъ бераздаса магIу бацIцIана.

– ГIодуге, кIодоэбел. Жакъа гIадаб къоялъ гIодизейищ кколей? ГIадамазухъ ялагье, разиго ругеб куц бихьизе, – ян гьелда къвал бана аскIой йикIарай берцинай, чIурканай, йорхатай Зайнабица.

## ШАГIИРАСУЛ РАКI БУГЕБ КЪАЛАМАЛЪ ХЪВАРАБ КЪИСА

*(МахIмуд-Апанди МухIамадовасул «ТIаса лъугьа, дир вас» къисаялъул хIакъалъулъ пикраби)*

ШагIирас, шагIирлъи рекIелъ бугев хъвадарухъанас батIаго берцинго хъвала хабарияб жанралъул асар. Гьелъулъ букIуна шигIрияб гугьарги, гьуинаб мацIги, накъищаб пикруги.

МахIмуд-Апанди МухIамадовги магIарулазда лъала бигьаго ургьибе унеб, халкъияб кочIол щакъиялъулъ къалам ччун хъвараб, гьединлъидал ракIалдаги чIолеб, живго авторасул рекIел тIиналдаса тIирщун рачIиналъги, гьесул пагьмуялъул бегIерлъиялъги чвахун жинцаго рекIехъе цIалулеб шигIру хъвазе гьунар БетIергьанас кьурав шагIир хIисабалда.

Гьединго гьев лъала рухIияб пикру басмаялда бахъизе рес щварал тIоцересел соназдасаго нахъе гьес къватIире риччарал «УнкъбокIонал чIимхал», «ЦIияб мавлид», «Муридги шайихги», «ХIежги, дугIабиги, суал–жавабги», «Азаралда цо жаваб», «ХIадисазул квацIи», «ШигIриял вагIзаби» ва цогидалги тIахьаздасан. Гьелъги букIинарищха, МахIмуд-Апанди нилъер халкъалда лъала рухIияв шагIир хIисабалда. Гьелъги букIинарищха, гьесул къалмида гуребги, пикруялда гуребги, гьес халкъалъухъе кьураб щибаб цIияб тIехьалдаги баракат лъураб.

ШагIир хIисабалда нилъеда лъикI лъалев вукIиналъги, шигIриял гьесул тIахьазе ЧIикIаса СагIид-афандиясги (къ.с.), АхIмадхIажи-афандиясги, ХIасмухIамад-хIажиясги, мунагьал чураяв советияб заманаялъулго гIалимчи МухIамадрасул МухIумаевасги, Сиражудин ХIайбулаевасги, Шамил МухIидиновасги, МухIамад АхIмадовасги цогидалги рухIиябги советиябги шигIруялъул гъварилъиги борхалъиги бичIчIулел гIалимзабазги хъвадарухъабазги жиндир шигIрияб хъвадариялъе кьураб къимат данде гьабураб гьитIинабго тIехьгицин гIун бугев, жакъа миллаталдаги гIезегIан лъикI лъалев МахIмуд-Апанди МухIамадовасул, жеги дида бихьун букIинчIеб, шигIрияб асар гурелъул, цониги гьесул тIехьалдаги гьечIеб «ТIаса лъугьа, дир вас» абураб цIаралда гъоркь, авторасда ракIалдаго гьечIого гьулчун рачIарал пикрабаз рахъулел рукIарал суратазул альбом гIадаб, араб мехалъул къиса.

Байбихьудаго абила: къиса цIалун бахъинегIан цеве чIун вукIана живго автор. Бихьулеб буго къисаялъул аслияв герой живго вукIин. Гьеб букIун батана доб ракIалдаго гьечIого шагIир хабарияб асар хъвазе тIамиялъе гIиллаги, шигIрияб къагIидаялъ хъван бажаруларeб, аскIов гIодов чIун жинцаго бицунеб гIадаб жиндирго гIумруялъул къиса бигьаго хъвазе кколеблъи бичIчIиги.

Къиса буго эпистолярияб жанралда хъвараб, ай гьес эбелалъухъе хъвалеб кагъат нилъецаги цIалулеб къисалъун лъугьараб.

Къиса байбихьулеб буго бигьаго, эркенго эбелалъухъе гьаб кагъат хъвазе жив лъугьин – гIумруялъго рекIелъ бахчараб, чияеги жийго эбелалъеги рагьичIеб балъголъилъун лъугьараб, эбел чIаго йигониги, кигIан гьелъухъ урхъаниги, эбел гьечIого араб жиндирго лъимерлъиялъги хадусеб гIумруялъги ругънал лъурал жиндирго пикраби, кватIун бугониги, нилъее рагьизе бокьиялдалъун, нилъеде рикьизе ракIалде ккеялдалъун букIин.

Гьале байбихьи:

«Дида лъай лъаралдаса, дагьа-макъабниги гIакълу бижаралдаса дун кидаго ватулаан, эбел, нилъер кIиязулго хиялазда, жеги мухIканго абуни, нилъер кIиязулго гьоркьорлъабазул пикрабазда. Гьеб дица гьалщинал соназ рекIелъ бахчун буго, рагьизе хIинкъараб, бицине бажарулареб балъголъилъун. Унгоха, эбел, гьелъул бакIлъиги захIмалъиги бицун бажаруларо. Гьеб, цо лахIзаталъцин хIалхьи толарого, къасиги къадги дир рекIеда, тIалу гIадин, бегун буго. Гьелъ жеги гIолохъанго хъахIлъизабуна дир бетIер. ЦохIо дир суал букIарабани, цебего дица ракI рагьилаан гIага-божаразе, гьудул-гьалмагъзабазе. Гьелдалъун дие бигьалъиги лъугьинаан. Амма гьеб цохIо дир балъголъи гурелъулха. Гьедин батани, бугищха дир ихтияр нилъее кIиязего гIахьалаб жоялда тIад кверщел гьабизе? Амма хIинкъун вуго, тIаса рехичIони, дун гьалъ чIчIинтIизавилин. Гьеб киналъулго хIисаб гьабидал, ургъидал¸ пикру гьабуна, заман щванин дирго бугеб хIалалъул гIадамазе бицине, къалмикьеги босун цIалдолезе рагьизе».

Гьанибго авторас рагьулеб буго, эбелалдаги жиндаги гьоркьосеб балъголъи нилъеде бикьиялъ лъие букIаниги пайда кьезе букIиналда жиндир хьул букIиналъ лъугьанин жив гьаб хъвазегиян: «Щиб лъалеб, гьаб цIалидал, дица ракI рагьун бицунеб дирго балъголъи лъайдал, гьелъул захIмалъи бичIчIидал, гьезиеги цоцазухъе нух батизе бигьалъизе бегьула. Ургъел бикьизе чи щвейги – ургъел тIаса боси гIадаб жойилан гурищ абулеб». Гьеле къиса хъваялдалъун авторасул мурад – цIалдолезе гьелдалъун жиндасан дагьабгIаги пайда щвезе бокьи.

Гьелдаса хадуб байбихьулеб буго авторас, я тIаде жубачIого, я тIаса бахъичIого, гьитIинаб къоялдаса нахъе жиндирго гIумруялъул хIакъикъат. Анлъго сон бараб мехалда лъалеб буго авторасда жив, жиндирго эбелалда аскIов гурев, бесдал эбелалда аскIов вукIин. Гьеб заманалде гьесул руго жиндаса гIисинал вацал-яцалги. КIудияв вац хIисабалда гьезул тIалаб-агъаз гьабиги, гIисиназул кини кIикIиги, эбел хIалтIи-пиша гьабизеги тун, жиндаса гьитIиназ гьелъие квалквал гьабичIого букIине, гьелгун васандулев, рокъоре-къватIире рачунев, гьел хьихьулев вукIиналдаса гьев чIухIулевцин вукIана. Гьел кIудиял гIунагIан байбихьана эбелалъ гьасдехун бербалагьи хисизе, гьав гьечIевго гIадин тезеги, къватIиса рокъове ахIизеги, кваназе гIодов чIезавизеги. КигIан кватIун гьав рокъове вачIаниги, семулароан. Гьасдаги кколаан жив кIудияв гIурав бихьинчи вугелъулхаян.

БачIана къо, маркIачIуда рокъове щварав гьас, вакъарав чияс, вортун чедги хIанги босун, гьеб кваназе лъугьиндал, циндаго йортун ячIун, эбелалъ гьасул квералдаги кьабун, чедги хIанги чIарбиде бортараб…

«Эбел! Дуца кверал рухизегIанасеб жо щиб дица гьабураб?!» – илан гIажаиблъараб гьасул суалалъе гьелъ жаваб кьолеб буго:

– Дун дур эбел гуро. Мун гьавурай эбелалъ мун рехун тана, гьелъ дудаса инкар гьабуна… ЛъугIана. ГIела. Гьанжеялдаса мун кванaзе вуго кванда нахъе дица ахIараб мехалъ.

– Дир вацал церего кванана гури…

– Гьел руго дуе, кIартида данде ккун, тагьи гIадал вацал…»

Гьале авторас нилъее къиса хъваялъе, гьеб хъвазе живго лъугьиналъе гIилла байбихьулеб бакI.

Авторасда бесдал эбелалъул гьел рагIабаз ракIалде щвезарулел руго, цере гьас кIвар кьечIого тарал, гьелъ ретIел-хьиталъулъги тIалаб-агъазалъулъги вацазда данде жиндир ургъелго гьабулеб букIинчIолъиялъул, жиндаго лъачIого жиндехун гьелъул рокьукълъиялъул, боцIи-панзалъул тIалабги, хуриса рак бакIариги гьасда тIадкъалеб букIаниги, жиндираздаго цIияб ретIелги ретIун, гьасда басрияб, тIутIу-хъухъураб ретIунеб букIараблъи, квенгицин гьасие кьолеб, гьорлъе гьанал кесек биччачIеб букIараблъи.

«Дир эбел гьей гуреблъи лъаралдаса жужахIалъул цIаялде сверана дир гIумру. Эмен рокъов гьечIеб заманалда щибаб къоялъ гIазаб чIамизабулаан гьелъ дида». Гьелъин абуни, инсуда бицунаан гьас, кванай гурони, щибниги хIалтIиги гьабуларин, вацал-яцазе гIазабги кьолин. Эмен гьелда божулаан ва щибаб нухалъ гьав вухулаан.

Гьеб заманалдаса нахъе байбихьулеб буго васас эбелалъул пикраби гьаризе, гьеб мехалъ бичIчIулеб буго гьесда живго гьавурай эбелалъухъ жив гIащикълъун вукIин, гьелъул рокьиялъухъ кутакалда урхъун вукIин. Гьенибго ургъулеб буго чохьол эбелалъ жив рехун теялъе гIилла: «ХIалица ратIа гьарун ратила нилъ цоцадаса. Дирго гIадин, дурги ракIщун батила дихъ… Цодагьавги кIудияв гIуравго, лъазабила дица дир хирияй эбел йигеб бакI. Гьеб мехалъ ина дун долъухъе».

Гьаниб абичIого гIоларо: жив рехун тун ватанигицин васас эбелалда гIайиб чIвангутIиялъ цIалдолесе рагьулеб бугеб эбел-тIинчIалъул бухьеналъул. Эбелалъул рекIелги чорхолги кесек – лъимералъулъ Аллагьас лъун бугеб, тIезабизе рес гьечIеб гIорхъи гьечIеб рокьи сундаго бащалъуларо. ГIажаиблъи, чехьалъул эбелалъ вуханиги, гьелда рекIун чIола лъимер. Чияр гIаданалъ кигIан каранде къан беэданиги, бабахъе цIцIадарула лъимер!

«Рокъоб ахIвал-хIал къо бахъанагIан хIалуцунеб букIана. Цо къоялъ бесдал эбел тIуянго гIорхъолъа ана». Цо гьадриниса хинкIал кидаго берцинго кваналаан лъималаз. Гьеб къоялъ, киналго рекъараб гIадин, гьасда цереса росулел рукIана киназго. «Гьеб мехалда, яхIго гьабизе кIвечIого, дица абуна:

– Щивас жинда цебе бугеб кваназе ккола…

– Вай, вай, вай. Балагьун бихье цо гьав хунчIукасухъ, дир лъималазда кин кванaзе кколебали малъулев. Дур иш гуреб бакIалде бетIер бегьуге, гьвел тIинчI. Мун гьезда кIалъаге, къватIул таращ гIадин дица вачахъизе бокьун батичIони», – ян ахIана бесдал эбелалъ.

«Дун вуцIцIухIун чIун кваналев вукIана, гIодичIого чIезе хIаракатги бахъулаго».

ГьитIинав вац Мирзаца гьасда кодоса хинкI бахъидал, гьас зинкIкIана гьесда. «Эбел!» – ан чIчIичIидана гьев.

– Дида гьас зинкIкIана. Вай… вай… вай! – илан гIодана Мирза.

«Дуца гьабулеб жо щиб, хIама! Дица зинкIкIила дуда тIокIалъ вагъаризе

кIолареб хIалалъ». Дун кIанцIун тIадеги вахъун, къватIиве тIурана. Гьей дида хадуй гъуна… Рухулел рукIана гъуждул, кверал, мугъ… Бихьулеб букIана дун чIвазецин гьей нахъе къазе гьечIейлъи. Гьелъ кьабун бачIараб гъецI дир гIиналда щвана, чвахун бачIана би. Дун, бетIерги сверун, гIодов ккана. Дицаго гьабулеб жо лъалареб хIалалде ккарав дица, цебе батараб бакI речIчIун балагьизабуна гьелда. Бесдал эбел, къотIун рехараб гъветI гIадин, тIирщун гIодой ккана.

– Вай, вай, вай! ЧIвалей йиго! ЧIвалей йиго! – илан чIчIичIидана гьей.

– ТIокIалъ дида квер хъвани, чIвала дица! – ян ахIана дица».

Гьеб ахIи-хIуралъухъе тIаде щолел руго мадугьалзабиги, гьазулгун мина кIийиде бикьун, цояб рахъалда йигей дахIабабаги.

«Гьей йихьарайго бесдал эбел дагьайги цIакъ ахIдезе лъугьана:

– Балагье гьав тушманасухъ! Дица кваназеги ретIинеги кьураб гьаб гьвел тIанчIица дунги дир лъималги чIвазе дагьалъ хутIана…»

ГIодобе бакIги рехун, гьав, жиндие чиярлъараб гьеб рокъоса къватIиве уна. Йигелъуй бесдал эбелги тун, дахIабаба гьасда хадуй уна, ботIрода кверги бахъун, жидерго рокъове вачуна ва абула:

– ГIела. Кинабго бичIчIана. Гьанжеялдаса мун нижеда цадахъ вукIине вуго, дир бурутI, – ан.

ВачIуна рокъове дахIададаги. Вас хIинкъун вуго гьев жинде вагъилилан. Амма дахIададаца, бетIер кIибикIун гурони, щибго абулеб гьечIо.

«Къаси дун дахIабабадасаги дахIадададасаги балъго гIемерав гIодана… Эбел, хирияй эбел, гIагарай эбел, мун аскIой йикIарайани, бида вецIцIуледухъ дун вухизе лъиданиги кIвелароан…» – гьедин, нахъойги вуссунев вуго вас эбелалъул пикрабазде, гьелъухъе пикрабалъ хъвалеб кагътиде.

Гьелдаса хадуб бачIунеб буго гьесул гIумруялъул хадусеб бутIа, бесдал эбел гъорлъ гьечIеб, кутакалда жиндие хирияль дахIабабадаги дахIадададаги аскIор унел талихIал къоязул, соназул бутIа. Гьебги кинабго бицунеб буго васас эбелалъухъе хъвалеб кагъат-къисаялда. Бесдал эбелалдаса хIинкъиги ун, рекIеда кваналел суалазул цIад базабулеб буго васас дахIабабаде.

– Щай дун эбелалъ рехун тарав? Щай дой дида хадуй ячIунарей? Кида нилъ долъухъе рилълъунел?

Гьелъ, калам добе-гьанибехун сверизабун, кIудияб гIураб мехалъ дудаго бичIчIилин, гIумруялда бокьараб жо ккезе рес бугоян калам къокъ гьабулеб буго.

Васасул хьул буго дахIадададе, гьесда лъидасаго лъикI жив вичIчIулевлъи лъалеб букIиналъ. Нахъойги, эбелалде вуссун, хъвалеб буго васас: «Кванхи росулъ мун йикIин лъараб мехалъ, мун йихьизе бугеб хьулалъ дир анищазул гъотIода цIидасан тIегь бана. Гьанже суалал дица дахIададае кьолел рукIана:

– Кида нилъ Квнхире рилълъинел?

– Дир эниб Кванхиб хутIараб щиб бугеб? – илан щибго биIчIулареб ххвел гьабулаан гьес.

– Цадахъ рилълъине бокьун букIанаха.

– ГIенеккея дихъ, – илан, дагьаб хьачIго гIадин, абуна дахIададаца дида. – ТIокIалъ цIар бахъуге гьелъул. Эбелалъе къваригIун ватани, гьелъ мун жинцаго валагьила».

Микьго класс лъугIун хадуб, жиндирго жаваб кьезе бажарулев бихьинчилъун гIун вугелъул, васасда ракIалде ккола эбел ялагьизе ине.

РекIее хириял дахIададаеги дахIабабаеги гьереси бицине жиндир ихтияр гьечIолъиги лъан, гьас кагъат хъван тола гьезухъе. ГIезегIан гIакъубаги бихьун, гIемерисеб лъелгоги вилълъун, Агъвалиб базаралда ратарал эбелалъул росуцоялгун кIиго къойидаса щола гьев Кванхиве.

Эбелги колотIе ун ятун, вас жиндихъего вачунев вуго гьелъул яцалъ. Гьелъул рокъоб сордо балеб буго гьес.

Кутакалда дир рекIее асар гьабуна гьениб васасда бихьараб макьуялъ. Эбел жинда йихьулеб лахIзат гIагар гьабеян, рогьел хехго рещтIинабеян Аллагьасда гьарделаго, кьижун ккарав васасда макьилъ йихьулей йиго жеги киданиги йихьун йикIинчIей эбел.

«Мун ячIана ракIалдаго гьечIого. Вихиялъ дида рагIи абизецин бажаричIо. Дур гьумер букIана жибго ращалъараб моцI гIадин гвангъун. Гьелъие тIадеги берцинлъи кьолеб букIана нуралъул анкьабго кьер гъорлъ бессараб, дур ботIрода букIараб кIазалъ. Гурдейин абуни дур букIана гьаб ракьалда цохIониги чIужугIаданалъул гьечIеб гIадаб гьайбатаб, бакъул чIораз гугьар базабураб. Цо гIажаибаб хинлъигун, рокьигун, хIасратгун данде йортунги ячIун, тIад хурхана мун дида.

– Ма-хIа-ч!

Дуде бугеб хIасратаб рокьиялъул гьеб лахIзаталъ дун хвезецин хIадур вукIана. Дуца дун къвалакье вачана, къочардана, ракI-ракIалъ гIодана…»

Гьале доб унго-унгояб эбел-лъималазул рокьи! Жив рехун тун ватанигицин лъимералъе эбелалъул гвангъи, лъидасаго гьелъул берцинлъи, хIеренлъи, тIокIлъи! Авторас макьилъан бихьизабулеб буго васасе щвечIеб гьеб рокьи! Цойги: къисаялда тIоцебе рагIулеб буго нилъеда васасда цIар. Бесдал эбелалъ ахIулел рукIарал «таращ», «къватIул гьой» гIадал ццидалги рокьукълъиялъулги цIурал тIокIцIаразул бакIалда гьесда тIоцебе рагIулеб буго эбелалъулъ хIеренлъиялъулъ буцараб, гьелъ ахIулаго батIаго хIайранго ахIулеб жиндирго цIар…

Гьеб бакIалдаго макьилъ гуреб, лъадгоги ахIана гьесда:

– МахIач ва МахIач, вахъа, дир месед, тIаде. Цебего рогьун дунялги буго, дур эбелги ячIун ятила, – ян Написат-ункъачоца.

КигIан гьелъ гьараниги, квандаса инкарги гьабун, векерулев вуго вас эбелалъухъе…

Эбелалъ абуни, МахIачихъе кверцин кьечIо. Гьелъул цIоро-гъорорал суалазулги васасул жавабазулги нилъеца бицинаро. Амма лъабго къоялдаса цо сихIирай чIужугIаданалъул суалалъе гьес кьураб жаваб рехсела:

«–ВахI, МахIач, унго гьав мунищ?

– Дун вуго.

– Дида ккун букIана мун нахъвуссун ун ватилилан.

– Дун цевего инехъин вукIана, эбелалъ кинго виччалев гьечIо, – йилан кIалдиб гьунаребгIанги кIудияб гьереси бицана дица. – Дун духъ цIакъ чIалгIун йикIанилан абуна эбелалъ. Цодагьабги мехалъ жинда аскIов чIайилан гьарулеб буго гьелъ дида. ДахIабабадаги дахIадададаги жинца абилила дуда семугейилан». ГIажаиблъи, вас живгоги божизе лъугьунев вуго жинцаго бицунебщиналда.

Гьей гIаданалъул хабар бокьулел гIадамазе квешезеги МахIачица бицунеб гьереси ритIухъ гьабизе буго цIалдолез, щай гурелъул гьеб буго гьитIинав гIолиласул гIакъиллъи.

Къиса хъван буго, тӀадехун абухъе, эркенго, цӀалулеб гуреб, бицунелъухъ гӀенеккараб хӀисаб лъугьунедухъ. Гьединлъидал, гьоркьо–гьоркьоб нахъойги ратула бесдал эбелалъулги, васасулги, дахӀабабалги, дахӀададалги хӀакъалъулъ МахӀач гьитӀинав чи вугеб мехалъул ракӀалдещвеял. ДахӀададаца хисулев вуго васасул васасе кидаго школалдаго вукӀунев учитель – эменги, гӀакълучиги, тарбиячиги, гьеб киналдаго тӀаде дахӀададаца, жиндие Аллагьас кьураб гьунар-махщел – тохтурлъи гьабиялъ. ХӀалакълъиялъги, бесдал эбелалъ кьечӀеб кӀваралъги, язихълъиялъги, щуго лъагӀел баниги, галаби раларев МахӀач дахӀададаца, жинцаго ургъараб къагӀидаги хӀалтӀизабун, сах гьавулев вуго.

Гьеб кинабгоги бицунеб буго васас эбелалъухъе хъвалеб кагътида-къисаялда, хӀикмалъиги гьабулеб буго щиб хӀалалдадай жиндир лъимер бугеб, бесдал эбелалда цебе киндай гьеб гӀолеб бугебин ургъел гьабуларей чехьалъул эбелалда.

ХӀеренай, гьасде гурхӀел бугей инсул яц ПатӀимат-ункъачол хиралъиялъ васасда ракӀалде кколеб буго: «Дие ихтияр кьуни, дица гьелда эбелилан абилаанин».

Кутакалда асар гьабуледухъ, живго цевечӀезавуледухъ рагьун буго авторас дахӀададал образ. ГӀакъилал умумузул вакил – гьединав дахӀадада нилъерго вугеваниян ккезабула гьес васасе кьолеб тарбия бихьараб мехалъги, васасеги гьесул кӀодолъи бихьараб мехалъ. Бихьинчияс къохӀехьезе кколеблъиги, сологӀучӀ бекун вас вугониги, гӀодизе бегьунгутӀиги, лъимерлъудасаго захӀмалъи–къварилъи бихьун, гьеб баччизе, гьеб къезабизе бажарулев чи гурони бихьинчи вахъунарин абиги – дарсал руго живго МахӀачие гурелги, гьесул гӀелалъул васазе хӀажатал, гьел лъадариялъе мумпагӀатал. Школалъул дарсазда цадахъго гьес васасе кьолел руго гӀараб мацӀалъул дарсалги, жеги лъабабилеб класс лъугӀилалде васас цӀалулеб буго Къуръанги.

Инхелов учительлъун хӀалтӀулев инсуца цо нухалъ абуна: МахӀач квеш цӀалулев вугиланги, гьесул гӀадлу-низам лъикӀаб гьечӀиланги рагӀулеб бугин жиндайин, жинца жиндего аскӀов, Инхелов школалда цӀализе вачинехъин вугин гьевин. Гьенибги цӀакъ берцинаб, гӀакъилаб калам гьабуна дахӀададаца: «Дуда тӀадаб налъи буго гьеб. Васасе хӀакъикъаталдаги хӀажат буго инсул рекӀел хинлъиги инсул кьучӀаб рагӀиги. Гьелъул гьесие пайдаги букӀина», – ян.

Амма инсуе бокьулареб жо букӀана васас Къуръан цӀали, доб заманалда гьеб рекъечӀеб жолъун бихьулев инсуе, балагьараб мехалъ, васасул ургъалидасаги жиндирго ургъел цӀикӀкӀун букӀана. ЛъикӀ цӀаличӀони, жинца мун гӀурулъе рехизе вугоян абидал, кьижун макьу щолеб букӀинчӀин бицунеб буго васас эбелалъе, жинда кколаанин, жив кьижун ккаравго инсуца, къандалъоялъувги лъун, гӀурулъе рехилин. Гьеле МахӀачил рекӀелъ инсуца тараб лъалкӀ, гьасул гӀумруялъулъ гӀахьаллъичӀев гьесул хӀакъалъулъ васасулъ хутӀарал пикраби. «ЦӀалде!» – йилан гурони, тарбия кьечӀев инсудаса кидаго хӀинкъун вукӀинегӀан, хекко гӀурулъегӀаги рехулевани гьес живилан васасда ккей – гьеле инсуе цӀалдолезги кьезе бугеб къимат.

Жив инсуда аскӀове тӀокӀав витӀугеян гьардана ахирги МахӀач дахӀададада.

Нахъойги гьесул тарбиялде ккейгӀан кӀудияб талихӀ васасе букӀинчӀо. ЦӀакъ гьираялда цӀалула нилъеца кӀудадаца росдал хӀоринив лъедезе

МахIачие яхI кьолеб, гьев захIмалъаби къезаризе ругьун гьавулев, гьесул щибаб бергьенлъиялъухъ гьесда «бихьинчи» – ян абун, вас вохизавулеб тарбиялъул лахIзатал. ДахIададал дарсазда лъадари щварав МахIач кваритIа гьунарал гьаризе, кьурдизегицин ругьунлъана. Гьеб жиндаса бахчун батидал гьесулги васасулги диалог цIалдолез цIализе ккола. ДахIадада нилъеда цевечIезавун, гьесухъ гIенеккидал, нахъойги МахIачида бахиллъизе бачIунеб, цо гьуинаб, хIеренаб гьесул кIалъаялдаса хадуб, гьес кьолеб буго васасе цойги дарс: «КваритIа вилълъанхъизе мун ругьунлъана – гьеб дуе гIела. Аслияб жо – дуца хIинкъиялъул асар къезабуна, черхалъе лъадариги щвана. Амма тIокIалъ мун кваритIе вахинарев. Гьеб бихьинчиясул иш гуро. Бихьинчияс гьаризе ккола бихьиназда рекъарал ишал: хур бекьи, цIулал устарлъи, къадахъанлъи… Амма, гIадамазе рекIелгъей гьабизелъун, гарцI гIадин, кваритIа кIанцIезе бегьуларо. Гьесул букIунаро чIараб бакI, хъизан, росабалъа росабалъе хьвадун, гIадлу гьечIеб гIумру букIуна гьесул…»

Гьединаб, цо рагIи абичIонигицин, цоцада ричIчIулеб гьоркьоблъиялъги, унго–унгояб бихьинчиясулаб тарбия дахIададаца кьеялъги лъугьинавуна МахIачил гьитIинго кIудияв гIурав, гIумруялъул нухда захIмалъи къезабизе гIодосаго гьес ругьун гьавурав, гIаданлъи куцаялъ гIадамазда гъорлъ адабалъе мустахIикъав магIарулав. Гьелдаго тIаде дахIабабал реэдиги, рокьиги, малъа-хъвайги лъугьана гьесие чIужугIаданалъул хIурмат гьабизеги, гьелъ ккураб гъанситоялъул къадруги, кIварги, хъизан–рукъ хъалалъун лъугьинабизе гьелъул бажариги адабалъе мустахIикъаб букIин бичIчIиялъеги аслулъун.

МахIач вуго ракIалде ккараб жо рагIалде бахъинабичIого, анищ тIубазабичIого чIолареб гIамалалъул гьитIинав бахIарчи: цебе рехсон букIараб палугьанлъиги, гьоболасда лъачIого, киданиги рулалда нахъа кIусичIев чияс гьесул машина бачинги ва гь.ц. чанкIкIарал жал гIемер гьарулев вас гьитIинаб къоялдасаго вукIиналъ, дахIададал дарсаз лъадарарав, «бихьинчи» – йин абураб рагIул къадруялде вахине бокьиялъ МахIач лъугьана гIумруялъ цере лъезе ругел масъалабазе гьитIинго хIадуравлъун, ракIалда бугеб анищ тIубазабизе сундасаго нахъе къаларевлъун.

Гьедин, армиялда вукIарав чи МахIачида лъалеб буго жиндиеги йокьулей живги рекIелъ восарай Манаршал ригьиналъе къо цIцIан букIин. Мисалияв вукIиналъ гьесие командирас къоял кьолел руго рокъове ине.

Гьаниб халат гьабиялдаса, цIакъ гьираялда, гIажаибго гIадатияб прозаялъе кутакалда рекъараб, унго-унгоги халкъалъул мацIалъ хъвараб цIалдолес цIализе тела.

Аслияб: МахIачица гIалам бакIарараб бакIалдаса хъамулей йиго, кIиязулго рекIел асараз гьасие хIалал гьаюрай Манарша. Автор живго дида лъараб мехалъ, гьесие кьолеб къимат гIадин, дидаго тIоцебе рагIараб гьесул таваккаллъиги бахIарчилъиги букIана гьеб иш. Цеве чIун вукIана, гъажалде йокьулейги «рехун», хаган росуцоялги хутIизарун, гьудуласул машинаялъул рагьараб нуцIихъе векерунги ун, армиялда вугев гьев гьаниве киндай ккаравин рихха–хочун гьелги тун, тIерхьун унев МахIмуд-Апанди.

ЛъикIав шагIир вукIин гуревги, махщел бугев хъвадарухъанлъунги ватарав МахIмуд-Апандица, хъизан гьабилалда цебеселъул хIакъалъулъ хъвай байбихьулеб буго цIалдолесеги гIакълу щолеб, гъалатI ккелалде

гьев кантIизавулеб, кидаялиго жиндаго рагIун букIараб цо биценалдасан. Гьеб гIезегIан халатаб бицен буго. Къокълъизабун тани, гьадинаб сурат буго гьелъул: цо бечедав чиясул лъугьинчIев васас инсул гIарацги хIарун, хьихьулеб буго гьудул-гьалмагълъи. Цо къоялъ инсуца гьев кантIулеб хабар бицунеб буго, нагагь мун мискинлъани, гьез рехун толаха мунилан, заман щванин инсул гIакълуялъухъги гIенеккун, хъизанги гьабун, дурго рукъалъул ургъалиде вуссине. Васас гьудулзабазул рахъ ккведал инсуца абулеб буго: «Дида лъикI лъаларого ратизе бегьула дур гьудулзаби, амма дида лъикI лъала гIумру, гIемерал рукIана дирги гьединал гьудулзаби… Амма дуца нилъер тухумалъул къадру цIунизе ккола. Гьелъул къадру рехизегIан – хва мун».

ЗахIматго унтарав инсул ракI бакъван буго живго хвелалде васас хъизан-рукъ гIуцIичIольиялъ. Хьул къотIарав инсуца бицунеб буго гьесда жиндирго балъголъи: «ИнжитлъизегIан хунго лъикI, дир вас. Гьединлъидал, бицунеб буго дуда балъголъи – нахъа рокъоб дица мокърукь бугеб чIалуялда бан буго гъанцIа. Гьабизесеб жо тIагIараб хIалалде ккани, дурго къадруги цIунун, хва.

– Дур рахIатвхей гIададисеб жо буго, дада. Дун гьеб хIалалде киданиги ккезе гьечIо.

– Гьеб, Аллагьасда гурони лъаларо, дир вас. Амма дуда дир рагIаби кIочон тоге…»

Эмен хванила.

… Гьасул гIарац лъугIанагIан гьав веццун цере свакалел рукIинчIел гьудулзабаз гIарац къанагIатлъанагIан, гьав рехун танила.

Ахирги, цо малъкъосараб къоялъ, вас нахъарокъове анила, инсуца бицун букIараб гъанцIидаги бухьун, кварида ванила. ГъанцIагун цадахъ гIодов речIчIидал, гьенон бачIанила тIаде месед-гIарацги, гьелдаго цадахъ батанила инсул кагъатги: «ГьанжегIаги гIакълуялде вачIа, дир вас» – илан жиндирго рагIабиги гIумруялъ кьурал дарсалги васасда ракIалде щвезарун… Гьелдаса нахъе лъимал–хъизаналъ сверун ккун, талихIаб гIумруялда вукIанила гьев чи.

«КигIан гIемераб жоха лъазе кколеб букIун бугеб, эбел, хъизан гьабилелде цебе, – йин хъвалеб буго васас эбелалухъе кагъат-къисаялда. – Лъицаха дида гьеб кинабго малъараб? ДахIадада вукIинчIевани, щиб дица гьабизе букIарабали лъаларо».

Хадубго авторас рагьулеб буго жиндирго хадусеб гIумруялъул тIамач. Гьеб рагьилалде абулеб буго: «БитIараб бицани, эбел, дир гIумруялъул хIакъалъулъ хъвазе бугони, кигIан кIудиябги тIехьалъ гьеб кинабго жанибе бачинаро. ГIемераб жо щибго гуреб жолъун бихьулеб буго дида. ХIакъикъаталдайин абуни, гIумруялда щибго гуреб жо букIунаро… Гьедин гIемераб жо ана дида хьолбохъан, дица санги гьабичIого…». Гьале авторас цIалдолезе кьолеб цойги дарс – гIумруялъул щибаб лахIзат кIвар бугеб букIин, гьединал лахIзатаз гIуцIулеб жо гIумруги букIин, гьелъул щибаб лахIзаталъул къиматги гьабизе кколин, гIумруялъул дарсал гьоркьор тани, гьелъул гIелмуги щвалде щун лъаларин.

Авторасе заман щвана эбелалъе жиндир гIумруялъул аслияб бутIаялъул – хъизан гьабиялъул бицине: школалда вукIаго ккараб рокьулги, гьелъие

ритIухълъиялъулги, гьорол чу гIадин вукIинчIого, цо нухалъ ккараб, унго-унгояб рокьуе хисунгутIиялъулги, дахIададаца лъадарараб гIамал – бихьинчияс жиндиего кьураб рагIи кквезе кколеблъиялъ живго вачараб гIумруялъулго талихIалъулги, къисаялда жаниб рокьул къисалъун лъугьараб гIумруялъул тIехьалъул хадусеб гьумерги гьелъие рагьизе. Гьелда гьорлъе уна школалъул гIумруги, гIамал берцинав директорги, учительзабиги, армиялда хъулухъги, гьайгьай, гьесул гIумруялъул гьудуллъун лъугьарай гьесул хирияй Манаршаги.

МахIачил гIамал-хасият, гьесул таваккаллъи, дахIададаца кьурал дарсазе ритIухълъи бихьула тIубараб къиса цIалун бахъинегIан. Гьесул гьеб гIамалалъ асир гьарула гьалмагъзаби армиялда командирасде аскIове вачIун гьес, жиндир йокьулей цойгидасе кьолей рагIулин, жив, дуца виччачIониги, росулъе ине кколин гьес абидал… Мун гIадаллъунищ, гьеб мехалъ дезертир лъугьуневлъи лъаларогонищ абулев командирцин хIайран гьавулев вуго гьесул таваккаллъиялъ. Мисалияв солдат вукIиналъ изнуги кьолеб буго росулъе ине.

Ургъунго сардилъ кколеб хIалалда росулъеги щун, гьудул Шамилихъ сордоги бан, ракIалда бугеб гьесдеги бикьун, свакан кьижун ккарав гьав радал Шамилица ворчIизавулев вуго, гьабсагIат жиндир Загьраца гьание Манарша ячун ячIине кколин, хекко тIаде вахъайин.

Гьанибго цIалдолесе рагьулеб буго унго-унгояб, бихьиназул гьудуллъи, гьудуласе хIажалъани, гьесул талихIалъе гIоло гуревги, гьесие щвезе рес бугеб тамихIалъе гIологи хьолбохъ вукIине хIадурав гьудуласул ритIухълъи.

МахIачица Манаршалгун ккараб, жиндие боржел кьураб гара-чIвариялъул бицун хадуб кIиявго гьудуласда ургъел чIвала МахIач росулъ къватIиве вахъиналъул, йокьулей хъамизегIаги ине ккололъул. Шамилица абуна жинца харбал риччалин мун МахIачхъалаялда лъидаялиго вихьун вугин, къасиялде росулъе щолев рагIулин.

Шамилилгунго гIадаб божа-рокьи бугев вацгIалас чияр абурай тейин, дуе йокьарай цойги яс ячинин абидалги МахIачица жаваб кьолеб буго: «Дие кумек гьабизе дуе бокьун батичIони, квалквалниги гьабугеян. РакIалда бугеб тIубазабичIого чIолев чи гьав гуреблъи лъайдал:

– Аллагьас квербакъилеб дуе. Дуда лъараб куцалъ, дудаго берцин бихьухъе гьабе, – йин квер хьвагIана вацгIалас».

Рокьул хъалаялъуб гьуинаб хъизан гIуцIизе ругел пикрабазда вугев МахIачица – авторас, цIалдолев чIамучIлъичIого вукIине, бакI батун, рицунел руго гIагараб ракьалъул тарихалдаса цо-цо биценал. Масала, ГIабасил МахIамадил «Саба-Меседо» трагедиялъе кьучIлъун лъугьараб бицен. Къисаялда ханасул ясги вехьги данделъулел руго.

Манарша хъамизе ине, машина бугев жиндирго гьудул ЖабрагIил рекъезавун вукIаниги, гьеб ишалъе нух батуларого вугев МахIачида цинтIаго дахIададаца бицуна клубалда армиялдаса рачIарал гIолохъабазда дандчIвай гьабиялъул данделъи бугин, мун ахIулев вукIинарищхайин, амма дуда лъайхайин дуца гьадай… дудаго лъалин… ворегиха кьурдизе яхъинайизе гурин дуцайин. Чияе абурай яс кIочон тейин, гIадамазе гаргаралъе нухги кьечIого, вукIине ккколин.

Эдин батани, жив эниве инчIого чIелин дахIададада абуниги, клубалде ине вукIиналда ракIчIарав МахIачида дахIададаца абула:

– ИнчIого рекъон гьечIо. ГIадамазда щибилан ккелеб? Амма гьенив мун вукIине ккола гIакълу-лъай цIубарав бихьинчи гIадин.

Гьале гьаниб тIоцебе гIинтIамуларо дахIададахъ МахIачица. Гьес тIадчIей кидаго гьабулеб букIараб «бихьинчи» абураб рагIиялда данде бахъана гьединабго рагIи, ай жиндие гурейги, живги вокьулей яс хъамизе гьесул гIураб таваккаллъи. РакIалде ккола МахIачил гьеб бихьинчилъи живго дахIададаца хадуб, рекIелъго бугониги, тасдикъ гьабун батилин.

МахIачил адаб гьудулзабаз гьабулеб куц бихьиялъ дагьабги ракI гIезе бачIуна гьесда, гьезул гьесда бугеб боржелалъги рокьиялъги пикру гьабизе тIамула гьелъиеги гьев живго мустахIикъавлъун вукIиналда, гьезие хIажалъидал гьавги вахъун чIезе вукIиналда гьезул щаклъи гьечIолъиялда…

Шамилилги, ЖабрагIилилги, хIатта Нупайсатилги кумекалдалъун, хъамун жиндирго талихIгун, бихьинчи гIадин тIерхьун уна, балагьун халкъгун МахIач…

Живго авторасги эбелалъухъе хъвалеб буго: «Аслияб жо – дица бихьинчияс гьабизе кколеб жо гьабуна. Гьанже дихъа гьей кигIан кIудияв къиралaсдаги яхъизе кIвезе гьечIо…»

Гьеб бутIаялъул ахиралдаги гьес хъвалеб буго: «Бесдал эбелалъулги, инсулги, дурги, дирги къисматал нилъер щивасе мустахIикъаб куцалда ккана. Ахир-къадги щивасе щола жинда-жинда рекъараб».

Хадусеб гIумруялъул бицунаго гьес, я мугъчIвазе чи гурев, я жанив чIезе мина-мирк гурев, кьварун вакъварав мискинчи – жиндие ячIарай Манаршаеги кьолеб буго гьелъие мустахIикъаб къимат: «Ургъун хIисаб гьабуни, гьеб букIана гIолохъанчIужуялъул – дир Манаршал унго-унгояб бахIарчилъи». ТIадвуссун армиялде гьавги ун, жийго хутIидалги, гьелъ яхI бахъана гьасда куркьбал гъезеги кIиязулго рокьул гьотIол къадру цIунизеги, росасул ракI разияй лъадилъун йикIинеги.

Армиялдаса вуссун хадув МахIач лъугьунев вуго хъизан-рукъ эхетизеги, йокьулей жинцаго бищараб къисматалдаса талихIайлъун гьайизеги жиндиего хасиятаб таваккалгун.

ДахIададал гIакълуялдалъун гьев унев вуго ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалде хIалтIизе. Нух битIулаго цадахъ босизе гьес кьураб дарс гIумруялъего гIуна МахIачие: «Кибго гIаданлъи цIуне. КIочон тоге, мун гьениве, цо чи гIадин, МахIач гIадин гурев, тухумалъул вакил гIадин унев вукIин. Дур лъикIаб ишалъул цIар букIине буго нижедаги.

РекъечIеб жо дуца гьабуни, рогьо букIине буго, дуе гуребги, тIолабго тухум-кьибилалъего».

КигIанха бокьилеб букIараб МахIачие дахIададаца гIумруялъ кьурал дарсалги гIакълуги инсудасан щвезе. Эбел-эмен чIаго рукIаго бесдаллъараб лъимер вукIаниги, дахIададаца гIумруялъего нух битIана МахIачие. Гьесул дугIаялъ ккун ватилин ккола МахIач гьев цевеса ун хадувги…

Къисаялъул героязул къисмат, живго МахIачица абухъе, щивасе мустахIикъаб къотIана Аллагьас.

Амма бесдал эбелалъул хIакъалъулъ ракI лъикIав, иман бугев, дахIададаца тарбия кьун гIурав МахIачица, цIалдолев тIадрекъолареб хIалалъцин бицунеб буго. Гьединав вукIинчIевани, гьесие гIумруялъулъ битIги ккелароан.

Хадуб, кӀудиявги гӀураб, лъимал-хъизанги гьабураб мехалда гьес бесдал эбелалда гьикъулеб буго:

– Щай дуе дун гьадаб хӀалалъ рихарав вукӀарав? Киноялде ине къого капек кьезецин барахщана мун?

– Дидагоцин лъаларо. Дида кидаго кколаан мун нижее лазатбахъиялъе вижарав чи вугин…

«Аллагьас кида-къадги гьелъие бецӀилин пикру гьабуниги, бесдал эбелалъе квешлъи бокьарав чи дун вукӀинчӀо. Гьелъул гӀаксалда, дир гьелда ракӀ гурхӀулаан. Инсудаса йорхатайги, гӀамал чӀурканайги гӀадан йикӀана гьей. Амма жиндие бокьухъе къисмат ккечӀолъи захӀмалъун букӀана гьелъие. ТӀадбалагьун гӀезегӀан сах-саламатай, къвакӀарай гӀадан йикӀаниги, гьей хехго унтана ва собон, бусаде ккана».

Росдал гӀадамал гӀажаиблъун рукӀана МахӀачида, гьес бесдал эбел больницаялда егизайизе МахӀачхъалаялде ячиндалги, гьесги Манаршацаги гьелъул гьабулеб тӀалаб-агъаз бихьидалги. Жеги лъабго соналъ хутӀана гьей. Йоххулаан МахӀач вачӀиндал, амма цониги нухалъ абичӀо жий гьесдаса намуслъун йигилан…

Гьей хун хадубги «инсул къварилъи бигьа гьабизе гӀезегӀан яхӀ бахъана МахӀачица». Ахирги инсуца абуна:

– Дида ракӀалдецин ккун букӀинчӀо, МахӀач, дуца дир ургъел бигьалъиялъе гьебгощинаб жо гьабилилан. Дир унго-унголъунги бичӀчӀиги, гӀакълуги, гӀаданлъиги бугев вас вукӀиналдаса дун чӀухӀаравги вохаравги вуго…»

Гьале доб, гьитӀинаб къоялдаса гӀумруялъ лъадарарав, къо бихьарав, гьеб хӀехьарав чиясулъ букӀунеб гӀаданлъи, иман щулияв дахӀададал тарбиялъ кверчӀван, щвараб иманалъ чиясе кьолеб бугеб берцинлъи, гьеб киналъухъго Аллагьас гьесие шапакъатлъун кьолеб бугеб талихӀ.

Инсул бадиб хулараб баркалаялъулги разилъиялъулги магӀуялъги, гӀумруялда жаниб тӀоцебесеб нухалъ гьедин ракӀ-ракӀалъ кӀалъаялъги кӀоченабуна МахӀачида цебеккун арабщинабги инсудаса ракӀхвейги…

Жибго къисаялъул ахиралда бачӀуна байбихьудасанго нилъер рахӀатхвезабулеб суалалъе жаваб, МахӀачил эбелалъ вас рехун теялъеги, жиндихъ гӀащикълъун вачӀарав, жий ялагьизе, йихьизе гьитӀинаб къоялдасаго анищ букӀарав васасда цӀорораб дандчӀвай гьабиялъеги жаваб.

Гьенире щвезегӀан авторас нилъ рачуна, жиндаго аскӀор гӀодор чӀун свакалареб, щивав геройгицин цевечӀезавун, махщел камилал актераз хӀалеб драмаялъухъ балагьарал гӀадин, гьелъул ахир лъачӀого тӀаде рахъине ракӀалдецин ккolareб хӀалалъ. Гьеб киналъего аслулъун буго цӀакъ гъираялда чваххун бачӀунеб мацӀ. Гьеб кинабго буго хабарияб асаралъ асар гьабизе бищун хӀажатаб рахъги.

«Эбел» – ин абураб рагӀудецин рагӀад рехизе бегьулареблъи, гьеб букӀунеб жоцин гуреблъи лъалеб буго нилъеда, къиса цӀалун бахъинегӀан гьелда щцин бахъичӀого рорчӀичӀониги…

Къисаялъул ахирисеб бутӀа нилъее бицунаго байбихьулеб буго живго авторасулги цӀалдолесулги ракӀал гӀодоре риччазе. ТӀолабго гӀумруялъ рекӀеда гьирлъун букӀараб эбелалъ рехунтеялъе гӀилла нилъеда бицун, ракӀ гӀодобе биччалеб буго авторасулги, гьесда ракӀ гурхӀун, кинго нилъ божизе кӀолареб, эбелалъул ракӀ согӀлъиялъе гьей жийго гӀайибияй ятизе рес гьечӀин жанирго пикрабазда рукӀарал нилъерги.

…МахIачхъалаялдаса вачIарав гIагарав чияс бицун, лъалеб буго МахIачида жиндир эбел МахIачхъалаялда больницалда егизаюн йигин. Байбихьуда рекIелъего биччачIеб гьеб хабаралъ МахIачил рахIат хола. РакIалде ккола гьелъухъе щвезе ине.

Манаршаде ургъел бикьидал гьелъул гIакъиллъиялъ дагьабги жиндирго хIукмуялда ракIчIана гьесул. «БатIайиса букIине ресги гьечIо, МахIач. Эбел гьедин йигеб мехалъ гьелъул ургъел гьабичIого тарабани, битIараб бицани, дие мун гIодовегIанлъилаан», – ин гьелъ абидал лъимер гIадин вохана гьев. Лъималги жийги – хъизанго рилълъинин эбелалъухъейин гьелъ абидал дагьабги бичIчIана МахIачида жиндирго Манаршал тIокIлъи.

Гьале МахIачги хъизан-лъималги палатаялъуре лъугьунел… Эбел лъачIо гьесда, гьей, тIуянго якъван, азун, гьитIинлъун йигоан. Щиб абилебали лъаларого хутIун МахIач вукIаго тIоцее кIалъазе таваккал гIуна Манаршал.

«Дур беразулъ бихьулеб букIана киналго ниж къвалакье рачине бугеб хIасрат, – ин хъвалеб буго авторас. – …Дуца гIодоеги къулун, дур квер къараб дир кверaлда баана. Беразулъин абуни, магIил гарал кенчIелел рукIана…». Гьел магIил гараз бицуна нилъее къисаялда лъураб цIаралъул магIна…

РакI тIеренлъула гьелдаса хадуб эбелалъулги васасулги гьоркьоблъиги, цIидасан бижараб хинлъиги, сундаго бащалъулареб эбел–лъимадул рокьиги, гьоркьобе рикIкIалъиялъги заманаялъги гьогьен рехиялъ, гIисинккун гьелегьунеб цIаялъ гIадин цIороpал ракIал цоцахъе цIалеб куцги бихьун.

Нилъеда жаваб лъазе бокьараб суал эбелалъе МахIачица кьолеб лахIзаталъухъ хIухькъотIун балагьун чIун букIана гьесул лъимерлъиги, гIолохъанлъиги, балугълъиги – эбел чIагого бихьараб бестIаллъиялъул гIумру.

«– Дуца хIалбихьицин гьабичIо бесдал эбелалда аскIоса дун нахъе вачине.

– ГIемер цIакъ хIалбихьана, МахIач, амма гьелъул щибниги хIасил ккечIо.

– Кин хIалбихьараб?.. Бицеха мухIканго, гьаб жакъаги дие гьеб суалалъ гIазаб кьолеб буго…».

Бицунеб буго эбелалъ кинабго: «Дун дур инсуе ана жеги гьитIинай яс, анкьабилеб классалъул цIалдохъан. Гьесул доб мехалда анцIила микьго сон букIана. Рукъалъул ишазеги, хур-хералъеги, гIака бечIчIизегицин дун гIун йикIинчIо. Херехьдерица нахъасан бицунеб букIана щайдила МухIамадие къватIиса гьадигIан гьитIинай гIадан ячин букIараб, росулъ ясал дагьалищила рукIарал. Байбихьуда дахIабабаца гьезие жаваб кьолаан: «Нижерго нусалъул иш нижецаго тIубала, гIедегIараб бакI щибго гьечIо…», – ян.

МахIачил инсуца дарсал кьолел рукIун руго эбелалъул росулъ. Гьедин лъанги руго цоцада… МахIач гьавун анкьго моцI индал, эмен каникулал лъугIун хIалтIуде тIадвуссине кколелъул, гьенире ине къачIалаго, дахIабабаца виччан гьечIо вас цадахъ вачине гьезие захIмат букIинин гьитIинаб лъимергун…

ТIокIав эбелалда МахIач вихьизе виччан гьечIо.

«Гьедин, сихIирго дихъа мун вахъизегIан, дир рекIелъ нус къазабун букIарабани. Сардал магIу тIолаго унаан дир. Дунялго гIадин, рихун вукIана дур эменги. Гьев жиндирго эбел-инсуда тIадрекъечIевани, мун

дунгун вукIинаан. Цо къоялъ инсуца абуна жив Агъваливе харж босизе унев вугилан, дун цадахъ йилълъиналъе хIажалъи гьечIилан. Хадуб… Я харж бачIинчIо, я живго вачIинчIо… Эбел-инсуца жидехъего вакIарана.

– Дудаго кIолеб букIинчIищ гьесухъе ячIине?

– Щай ячIун, гьесие дун хIажат гьечIеб мехалъ. Дирги букIана дирго чIухIи…».

Гьадин лъугIулеб буго къиса. Кинаб пайдаха гьелъ цIалдолесе кьураб? Щибха гьеб хъваялдалъун авторасе абизе бокьун батараб? Нилъ ругьунлъун руго шагIирасулги хъвадарухъанасулги асаразулъ тIаде гIолеб гIелалъе гIакълу-насихIат букIине кколин абураб пикруялде.

МахIмуд-Апандил къиса дарслъун лъугьана, лъималазе гуреб, эбел-инсуе, хъизан биххизе квербакъулеб чIахIияб гIелалъе, эбел-эменги ратIалъун, гьел чIаго рукIаго бесдалги хутIун, эбелги эменги цадахъ ругел талихIал лъималаздаги бахиллъун талихIкъосараллъун ккезарулел лъималазда гурхIуларел гьезул къисмат бигъинабулел умумузе.

«ТIаса лъугьа, дир вас» – ин кватIун абизегIанго кантIизе малъулеб гьаб къиса цIализе ккола жакъаго. Жиндиего бокьун гурелъул лъимер дунялалъул рокъобе бачIунеб. Гьелъул жаваб кьезе ккола гьелда жиндаго цебеги Аллагьасда цебеги!

Умумузе тарбия кьей гуребги, хъизан-рукъ гьабизе гIурал лъималаздаги жидерго жавабчилъи лъазе, бичIчIизе кIудияб квербакъилъун лъугьине бугеб къисаялъухъ гьелдалъун дурго гIумруялъул рохел дагьаб бутIа бикьаралъухъги, нилъер адабияталъеги гьелъул цIалдолесеги гьелъ кьезе бугеб баракаталъухъги баркала, МахIмуд-Апанди!

Аллагь разилъаги дудаса!

***ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.***

# Хaрбaл

## ЖУЖАХI

1973 абилеб соналъ Америкаялъул космонавтаз Чарлз Конрад, Пол Вейц ва Джозеф Кервин космичеСкияб гамида «Скайвэб-2» гьабуле букIун буго хал бакъалъул хIалтIиялъул ва бакъул хиса-басиялъул. Космическияб гамитIа букIанила аппарат спектрогемограф, бакъул хиса–баси борцине жиндир рес бугеб. Цо заманалдасан бакъалда жанисан къватIибе кIанцIанила гелиялъул цIадулаб хIуби¸ карачел. Гьелъул борхалъи букIанила 800-1000 километрагIанасеб. Гьеб бакъул гIадатияб иш кколеб буго. Гьеб газалъул хIубиялъ гьабунила лъалхъи. Гьеб гелий-газалъул хIубиялда гъорлъ космонавтазда рихьанила гIадамазул аза-азар гьурмал, жал цIадул бухIиялъ хисизарурал. Космонавтазда рихьулел рукIанила гьеб цIадулъ батIи-батIиял гьурмал. Космонавтазда бихьун буго жанир гIадамал режулел, рухIулел, жужахI. Гьеле гьеб жужахIалъухъ балагьун руго цо минуталъги анцIго секундалъги. Гьеб гIураб заман буго жидеда цебе бугеб сурат бичIчIизе ва лъазе. Гьеб кинабго гьез ракьалде битIун буго ва сураталги рахъун руго. Цебе гьединаб бихьараб-лъараб жо балъго толеб букIун буго. Гьединал харбал хъвалел руго цоги-цоги журналаздаги, амма гьел жидеда рихьарал космонавтаз абулеб буго малаикзаби абун. Малаикзаби жужахIалъур рукIине рес гьечIолъи гьезда бичIчIулеб гьечIо.

Дун цIакъго гьитIинав чи вугеб мехалъ, дир эмен Нахъаколоса ручIчIухъан абун гIадамазда абулев ва гьев лъалев вукIарав чияс, хасало хъвейхъари гьабулеб мехалъ кванaзе ахIулаан сверухъ ругел росабазул дибирзаби. Гьез бицунаан алжан-жужахIалъул ва гIадамасул рухI бахъулеб куцалъул. Дида гьеб жеги кIочон гьечIо.

Цо дибирас абуна гьадин: «ГIадамасул рухI бахъула нилъеца тIаса гурде бахъулеб гIадин. Квешаб кьурал рухIал ритIула цо пуланаб бакIалде, лъикIаб кьураб рукIуна жиде-жидер хабалъ Къиямасеб къо чIезегIан ва хIисаб-суал гьабизегIан. Гьев дибирас хадубги абуна: «Квешаб кьураб рухI чахъдадаса тIом гIадин, цIоко гIадин бахъула ва рукъ бакьулъ гIодоб речIчIула, рукъалъул чIабар бидул цIола. Гьесул гIагарлъиялъ хIетIе чIаралъуб бидул лъалкIги букIуна».

Балагьаб мехалъ, квешал кьурал рухIал щибго хIисаб-суал гьабичIого жужахIалъуре унел руго. ЖужахIги щибаб къоялъ нилъеда бихьулеб бакъ буго.

Америкаялъул космонавтазда бихьизабун буго жужахI, кино гIадинан, совет хIукуматалъул космонавтазда рихьизе гьарун руго малаикзаби. 1985 абилеб соналъ «Сокол-7» ругел космонавтазул гама жаниб цIун буго багIаргьинаб канлъиялъ. Космонавтазда ракIалде ккун буго гамил къватIисеб рахъалда цIа рекIун бугин. Рортун ун, ралагьун руго гордухъан. Гьезда рихьун руго малаикзаби, борхатаб черхалъул. Абулеб буго анкьго-

анцIго метраялъул борхалъиялъул черхалъул, рихьун руго мугъзада нахъа куркьби. Гьел роржунел рукIанила гамил гIадаб хехлъиялда, гама сверараб хIалалъ сверулелги рукIанила. Гьезул гьурмазда гьими, релъи букIанила, амма кIалъалел рукIинчIила.

ТIоцевесев космонавт Ю.Гагариница бицун буго гьадин. Гамида жаниб жиндир гьумералда дандбитIун бижанила, лъугьанила гьумер. БетIер бихьулеб букIинчIила, бихьулеб букIун буго гIицIго гьумер. Гьеб бихьидал жинда кIолеб букIинчIила я квер, яги хIетIе, яги бетIер багъаризабизе, рекIелъ щибго хIинкъиги букIинчIила. Гьумер гьимулеб, белъулеб букIанила ва абунила: «Мун хIинкъуге, мун ракьалде тIадвуссине вуго».

Дица хъвана макъала: «Алжан», «Малакизаби», жакъа 2021-абилеб соналъул микьабилеб маялъ хъвалеб буго «ЖужахI» ва совет хIукуматалъул космонавтазда дандчIварал малаикзабиги.

ТIаде жубалеб буго: Алжанги бугеб, малаикзабиги ругел, жужахIги хIакълъун бугеб мехалъ, Къуръаналда божунгутIиялъе рес бугищ? Дица абуна, ва абулеб буго саллалагьу гIалайгьим МухIамад авараг хIакъав Аллагьасул лагъ ва гьес витIарав авараг вукIиналда щаклъизе бегьилищан.

## ГУРГУРГИ ТIАНЧIИГИ

1944-абилеб соналъул анцIила микьабилеб марталда нижер росу Нахъаколо гочинабуна. Гьеб букIана къалъудаса хадуб мех. Росулъа рахъун, сордо базе рещтIана «Лъалгъади» абулеб бакIалда. Бана гьениб сордо. КIиабилеб къоялъ радалго рахъана къватIире, щвана игьелдерил росда нахъа бугеб «Игьелдерил байдан» абулеб бакIалде. РещтIана гьенир. ТIаде щвана маркIачIул гIуж. ЯчIана цо гIадан нижеда аскIое, гьелъ абуна: «Зулайхат, Аллагьасе гIоло, цо хъат цIураб ханжу кье, бегьулеб батани, бухIараб жо гьабизе», – ян. Гьей гIаданалъул вукIана рос, кIиго вас, цо яс – хъизаналъул щуго чи. Дица бицунеб буго рагъул соназул хабар. Дир эбел йикIана цIакъ сахаватай гIадан. Дир эбелалъ гьелъул кIазил рагIалалде бана пахьул кIудияб гел цIураб ханжу.

РачIине лъугьана нижехъе, ханжу гьарун, цогидалги. Нижер гьакида аскIоб гIуна халатаб очередь. Дир эбелалъ киназего цо-цо пахьул гел цIун ханжу кьолеб букIана. Гьел нахъе ана. Халат гьабиларин хабар, телин гьоркьоб гIемераб хабар. Щвана Чачаналде. 1944-абилеб соналъ хуриб щибго жо бекьичIо. КIиабилеб, 1945-абилеб соналъ хур бекьизе рес букIинчIо. РукIинчIо оцал. БукIинчIо хуриб хьазе цIоросаролъ. Ракъуца унтун хвана гIемераб халкъ. Хур бекьараб хъизан букIана нижер хъизан. Щвана тIаде хасалихълъи. БакIарана бачIин. Нижер букIана бержен цIураб цIоросаролъ, анцIго къали багIаргьоло, бакъвараб гьоло, кьулаква. БукIана анцIила цо бечIчIулеб гIака. Хадур гIун рачIунел бачал, баси, гIачIрул, кIикъого бетIер. БукIана анкьго гIала-чу. БукIана лъабкъого найил тIала. Наял, боцIи – гьеб дир хIалтIи кколаан. Дир инсуца ячана эбелалде тIаде чIужу. Гьелда цIияйин абизе бегьила захIматго. Гьей гIадан инсуда лъалей йикIун йиго цеего. Гьей йикIана ХъахIабросулъа. Дир эмен гьелъухъе вачIиндал, гьелъ абун буго: «ХIажи, дида аскIой йиго херай гIадан, дир цеве вукIарав росасул эбел, дир вац хвана туснахъалъув. Дир вацасул хутIана васги ясги. Дир вуго дирго васги. КIвелищ дуда дун ячине?»

Дир эмен ун вукIана дир эбелалдаса квер бечедав чи, сахаватав чи. Дир инсуца абун буго: «Дица цадахъ рачина гьел киналго, мун разилъе». Гьей гIаданалъ абула: «Мун бищун сахаватав чи вугеблъи дида цебего лъалаан. Дуда лъала дие мун вокьулеблъиги, дун цеего разияй йикIинги».

Дир эмен вукIана жиндирго йокьулелда хадув рекIун гIалагун. ГIала букIана чарчараб. Жиндирго йокьулелъул цеве вукIарав росасул эбел рекIинаюла гьеб гIалаялда. Рачун цадахъ цогидалгун вачIуна Чачаналде.

Гьей гIадан нижер росулъе щвейгун, гьелдаго хадур рачIана гьей гIаданалъул яцгIалги гьелъул кIиго васги. ЯчIана цогиги гIадан, Хунзахъ районалъул ГIочIлоса. Нижер росулъа цойги гIаданги ячIана. Гьелъ, рокъоеги ячIун, абуна: «ХIажи, Аллагьасе гIоло, дун къватIие гъоге, гьечIо дир тухумалъул дие гъуд цIураб чурпа тIолев чи». ЯчIана цоги гIадан. Гьей гIадан радалги къасиги нижгун кваналаан, цадахъ рокъобеги босулаан.

Гьединан, нижер хозяйствоялда гIуна анцIго чияр гIадамал. Нижергоги рукIана кIиго васги, кIиго ясги, эбел-эменги – киналниги анцIила анлъго чи вукIана. Гьеб букIана 1945-абилеб сон. ТIаде рачIун чIараз бокьал рахъулаан, азбар лъухьулаан, нижер киназулго  хьитал хIарщудаса рацIцIунаан, гьабзазе чури тIолаан, хур бекьулаан. Амма гьеб хIалтIи нижедаго гьабунги бажарулаан.

Гьеб букIана рагъ лъугIараб сон.

Киса-кибего ракъи, тIад чIарал анцIго чияр чагIи, нужеда ракIалде ккела гьел нижеда тIад рукIанин цо-кIиго-лъабго къоялъ, гьел нижеда тIад рукIана 1945, 1946, 1947-абилел соназ. Гьенир рукIана 1944 абилеб соналъ рачIаралги.

Ана гьоркьоб заман. 1957-абилеб соналъ руссана тIадмагIарухъе, цере нижго рукIараб росулъе.

Гьезда гьоркьоса цо гIадан нижер мадугьал кколаан. Институталда цIалулев вукIарав дун щвана рокъове. РукIана рокъор дунги ва дир хъизанги. Дир чIужуялъ абуна: «Цо квешаб гьаракь бахъана къватIиб гургуралъул», – илан.

Дун къватIиве векерана.

Гургур бугоан бихха-хочун. Гьелъул тIанчIи ругоан сеткаялда хурхун. Гьеб букIана гьоцIу, жаниб бекьун букIун буго дой гIаданалъ картошка. Гьенибе лъугьун буго  нижер гургурги гьелъул тIанчIиги… Лъабго соналъ нижер рокъоб квен кванарай, лъабго соналъ нижер рокъоса риди босарай гIаданалъ, картошка бекьараб хурире рахун ратарал гургурги тIанчIиги гIонсоца рухун руго. Гургуралъул рукIана анцIила щуго тIинчI, гьезул ункъояб¸ гIанса щварал, хвана, лъабго тIинчIалъул, тIад хIетIеги чIун, бакьал къватIире кIанцIизарун ратана. Къокъго абуни, анцIила щуго тIинчIалъул микьго чIаго хутIун бугоан.

Дица гьеб бицунеб буго, иманги ничги чорхолъ гьечIел гIадамал нилъеда сверухъ гIемер ругеблъи нилъеда лъан букIине. Дица туйчIо гьелъул гьурмаде. Дица гьелда цебе гьелъул букIараб гIумру ракIалде щвезабичIо.

Гьей гIадан хвана. Дун гьелда тIаса лъугьана.

***МахIачхъала шагьар.***<br>
***Тохтур ХIайдар ХIАЖИЕВ.***

## МАЦIАЛЪ ЦIУНУЛА ХАЛКЪАЛЪУЛ РУХIИЯБ БЕЧЕЛЪИ

Гьаб ахираб заманаялда, кидаго букIинчIеб гIадин, кIвар бугеблъун лъугьун буго Дагъистаналъул миллиял мацIал цIуниялъул масъала. Тарихалдасан баянлъулеб буго рахьдал мацIазде тIаса-масагояб бербалагьи гьабиялъ миллияб маданияталъул нур ссвине гьабизе квербакъулеб бугеблъи, гIолилазулъ миллияб хаслъи лъугIун унеб бугеблъи. Гьединлъидал чара гьечIого хIажатаблъун лъугьун буго гIун бачIунеб гIелалъул рекIелъе гIагараб рахьдал мацIалде рокьи бижизабизе.

Лъим гьечIелъуб ччугIа гIезабизе бажарулarelъул, лъималазул рекIелъги рахьдал мацIалде рокьи гьечIони, жидер миллаталдаса чIухIи гьезулъ бижуларо. Гьединлъидал миллияб мацIалде гьел ракI-ракIалъго ругьунлъизаризе ккола гьитIинго жидерго хъизаналдаги школалдаги. Рахьдал мацI буго инсанасе бищунго аслияб къиматаб хазина ва рекIелъе рохел лъугьунеб сайигъат. Гьелъ жанибе бачуна тIолабго халкъалъул гIумру ва тарих. Гьединлъидалин кинаб улкаялда вижарав вукIананиги, щивав инсанасулъ щулалъизабизе ккола жиндир эбелалъул каранзул рахьдада цадахъ жиндие насиблъараб ва жиндир гIумруялъго хIажатаблъун лъугьунеб мацI. ГIицIго миллияб мацIалъ цолъизабула халкъ, гьелъул жакъасеб къоги цересел умумузул гIумруги.

Рахьдал мацIалъул рагIиялъин лъимер жиндирго халкъалъул васлъун лъугьинавулев. Щивав чиясда лъазе ккола жиндирго рахьдал мацI, гьеб буго гIумруялъулги тIабигIаталъулги къанун.

НекIсияб заманалдаса нахъего гIакъилзабаз, хъвадарухъабаз, мугIалимзабаз абураб рагIи буго инсан унго-уголъун гьеб халкъалъул вакилъун лъугьиналъе рахьдал мацIалъ квербакъулилан.

ГIадада гуро абулеб «эбелалъул мацIилан». Эбелалъ рахьдал мацIалда кинидахъ ахIараб кочIол рагIаби лъимада кIочон толаро тIолабго гIумруялъ. Кинида вугеб заманалдаго ругьунлъула лъимер рахьдал мацIалъул гьаркьазде, гьездасан рагIаби гIуцIизе. Лъимадулъ лъикIаб гIамал-хасият лъугьиналъеги квербакъула эбелалъул кинидахъ кучIдуз, халкъиял маргьабаз. Гьезул щибаб рагIи букIуна гIумруялъего гIакълу кьолеблъун, гIадамазда гьоркьор хьвада-чIвадизе малъулеблъун.

МацI цо гIелалъ хадусеб гIелалъе ирсалъе кьола, гьединлъидал миллияб мацI цIуниялъул аслияб жавабчилъи тIаде ккола хъизаналде ва эбелалде. Хъизамалда жанир рокъор рахьдал мацIалда эбелги эменги кIалъалел рукIиналъул кIудияб кIвар буго. ГIакълу-лъай бижаралдаса лъимаца мисал босула эбел-инсудаса. Гьединлъидал жиндирго халкъалде, миллияб, рухIияб маданияталде лъимадул рекIелъ рокьи бижула жиндица бицунеб мацIалдалъун. Рахьдал мацIалдалъидалха эбелалъ кучIдул ахIулел, махсаро-хочIалъул рагIаби абулел, бегьулеб-бегьулареб батIа бахъизе малъулеб. Гьедин бижун бачIуна хъизаналда жаниб чIахIиязулги гIисиназулги гIаммаб, хасаб рухIияб хурхен.

Лъимадул гIамал-хасият куцаялъулъ, нилъер умумуз абухъего, жидер рижи гIаданлъун лъугьинавиялъеги, гьай-гьай, квербакъула хъизаналда жаниб гьесул ботIролъги рекIелъги щулаго бессун бугеб рахьдал мацIалъ. Цоцазулгун хурхен-бухьеналъе аслияб алатлъун бугеб мацIалдалъун лъималазул лъай-хъвай лъугьуна жидер заманаялъул гIадамазул хьвада-чIвадаялъулгун, кумек гьабула сверухъ лъугьунеб бугелъул магIна бичIчIизе, гIумруялъулъ жиндирго нух батизе.

Гьелдаго цадахъ эбел-инсуда тIадаб буго лъимадул калам камиллъизабизе, бичIчIуледухъ жиндир мацI бицине куцазе. Якъинаб жо буго мацI цIуниялъул тIалаб тIаде кколел чагIи эбел-эмен ругеблъи. Гьездасан тIоцере щола лъималазе рахьдал мацIалъул дарсал, эбелалъул рахьдада цадахъ гьезие ирслъун лъугьунеб миллияб мацIалде рокьиги лъугьуна гьезул рекIелъе.

ГьитIинаб мехалдасаго лъимал гIагарлъизаризе ккола халкъияб кIалзул гьунаралъул асаразде, нилъер шагIирзабаз лъималазе хъварал кучIдузде, гьединго кочIохъабаз ахIулездеги. Гьеб рехсарабщиналъ рекIелъ бессула гьединазул асаразулъ лъун бугеб рахьдал мацIалъул пасихIлъи, гьайбатлъи ва гьуинлъийин абуниги мекъи ккеларо.

Гьанже бицинин рахьдал мацI лъаялъе, гIумруялъго лъималазе гIагараблъун лъугьиналъе квекIен гьабулел цо-цо рахъазул. Росабалъ кIудабазда аскIор ругел лъималазда лъикIго лъала рахьдал мацI. Амма гьел лъималазул яслиялде ритIаралдаса гьел бигьаго рачIунел руго гIурус мацIалъ кIалъаялде, цIиялде рекIел цIай букIиналъги батизе бегьула.

Амма суал бачIунеб буго рокъоб лъималазда ва лъималазул лъималазда рахьдал мацIалда кIалъаялъе сунца квалквал гьабулеб бугебилан.

Эбел-эменги кIудабиги руго лъималаз аслияб къагIидаялъ мисал босулел бищунго гIагарал ва хириял гIадамал. Рокъоб кинаб ахIвал-хIал бугониги, киданиги лъималаздехун рахьдал мацIалда кIалъазе намуслъизе бегьуларо эбел-эмен ва кIудаби. Гьел намуслулел рукIин загьирлъани, лъималаздаги бичIчIула гьезги рахьдал мацIалъул къимат гьабулеб гьечIеблъи. Лъималазда бичIчIизабизеги бихьизабизеги ккола гьезул рахьдал мацI цогидаздаса къадруябги, къиматабги, тIадегIанабги, хIатта берцинабги бугеблъи. Гьелдехун цодагьабниги къадру хвеялъул асар цIикIкIаразул рахъалдасан гьезда бихьулеб бугони, лъималазул гьелдехун бугеб рокьи бикьа-биххун уна, гьезие гьеб лъугьуна цо кинабалиго балъголъи гьорлъ бугеб, бицинчIониги гIолеб мацIлъун. Амма хъизаналда жанир киналго рахьдал мацIалда кIалъалел ругони, лъимадул рекIелъ гьелде рокьи цIикIкIуна, дидаги лъик1го лъалеб бугин «эбелалул мацIилан» рекIелъ чIухIигун, ихдалхIинчI разиго чIирчI-чIидулеб гIадин, хIасратго гаргадизе лъугьуна. Рокъосезги рецц-бакъалдалъун гьелъухъ реэдани, лъимал разилъула, хадур жидерго лъималаздаги рахьдал мацIалда гурони кIалъаларин абураб, жалго гьитIинал рукIаниги, кIудияб пикруги бижула.

Школалда нилъеца цIалдохъабазулъ рокьи бижизабизе ккола жидер миллияб мацIалдехун гуребги, цогидал халкъазул мацIаздеги. Цогидал мацIал лъазари нилъер заманалда беццизе ккараблъун лъугьун буго. Гьедин жиндирго рахьдал мацIалда цадахъ цогидалги мацIал лъалел ругони, цIалдохъанасе бигьалъула батIи-батIиял халкъазул гIумруялъулгун лъай-хъвай гьабизе гуребги, жиндирго гIагараб халкъалъул маданият гъваридго лъаялъеги. «Чан батIияб мацI дуда лъалеб батаниги – гьебгощинаб нухалъ чи лъугьун вуго дур», – ан абун буго некIсиял гIакъилзабаз. ХIакъикъаталдаги жиндирго рахьдал мацI гъваридго, дурусго, мухIканго лъалеб букIун, цогидал мацIал лъазариялъ квербакъула инсанасул пагьму-гьунар цIикIкIиналъе, пикру камиллъиялъе, жинда лъалел рагIабазул къадар гIемерго цIикIкIиналъе.

Гьаб заманаялъул жамгIияталъе хIажат руго жидер миллияб мацIалдаго цадахъ гIурус, ингилис мацIал лъалел гIадамал. Амма дагъистанияз, цогидал халкъазул гIадамазго гIадин, кIванагIан лъикIго лъазабизе ккола тIоцебесеб иргаялда рахьдал мацI, цоцаздехун эркенго кIалъазе ккола рокъор гьеб мацIалда. Рахьдал мацI лъай буго аслияб шартI, инсан кинаб мацIалъул, кинаб халкъалъул чи вугевали лъаялъе. Гьелдаго цадахъ гIадамазул гIумруялъулъ чара гьечIого хIажалъула жидерго миллаталъул мданияталдехун рекIел цIайи, гьелдехун рокьи. Хасго гьеб гьечIого гIоларо лъугIун иналъул хIинкъи бугел гIисинал миллатазе.

КигIан бокьичIониги, гьаб ахираб заманаялда загьирлъулеб буго жиндирго рахьдал мацIалдаса бигьаго, хехго ва мухь кьун лъазабулеб бугеблъи лъималаз ингилис мацI. Гьеб буго кIвар буссинабизе ккараб масъала.

Дагъистаналда гьаб нилъер заманаялда миллиял мацIал лъазариялде кIолеб кIвар соналдаса соналде лъаледухъ загIиплъулеб буго. Масала, МахIачхъалаялъул школазул гIемерисел цIалдохъабаз абулеб буго жидеда рахьдал мацIалда бицунеб жо бичIчIуларила ва кIалъазеги, бицинеги захIмалъулила, гьединлъидал рокъобги гIурус мацIалъ гаргадулила. Гьелъие гIиллалъун лъугьун бугин ккола гьезда сверухъ ругезги рахьдал мацI бицунеб гьечIолъи, жидер гIагараб мацIалъул калам гьезул гIундузда къанагIат гурони рагIулеб гьечIолъи. Цоцазда гьоркьоб гIадамазул

хурхен-бухьеналъул аслияб аллатлъун кколелъулха мацI. Гьеб суалалда хурхун цIехрехалъ чIезабун буго лъимал цоцаздехун жидерго гIагараб, «эбелалъулаб» мацIалда кIалъалел гьечIолъи. ГIумруялъул ахIвал-хIалалъ хIалакинарун, жидерго хIалтIиишалде машгъуллъизарун ругел эбел-инсуцаги гьеб суал тIаса-масагояблъун, кIвар кьезе кколареблъун толеб буго. Гьелъ бижизабулеб буго гIисиназул рекIелъ лъугьунеб нилъеца рахьдал мацI гIодобегIанлъизабулеб букIиналъул гIемерго заралияб пикру.

Рахьдал мацI лъикIго лъалеб гьечIони, захIмалъула Дагъистаналъул гIемермиллатазулал школазул хIаракатчилъиялъулъ аслияблъун кколеб миллияб маданияталдехун лъималазул рекIелъе адабги хIурматги лъугьинабизе. Жиндир рахьдал мацIги лъаларев, миллияб маданияталъул бечелъиги бичIчIуларев чиясул ихтияр гьечIо жив пуланаб халкъалъул вас вугилан рикIкIине.

Рахьдал мацI цIуниялъулъ, миллияб маданияталъул ирсилаллъун лъимал куцаялъулъ, Дагъистаналда гIумру гьабулел халкъазул рухIияб бечелъиялъулгун лъай-хъвай бугеллъун лъугьинариялъулъ кIудияб кIвар буго гьезие жидерго хъизамалда кьолеб тарбиялъул. Амма цо-цо мехалда нилъ разилъуларeб масъалалъун лъугьун буго гьеб хъизаналда рахьдал мацIалдехун бугеб гьоркьоблъи. ГьитIинаб мехалдасаго росабалъ гIурал лъимал гIенеккула кIодоца яги кIудадаца рицунел маргъабазухъ, харбазухъ, биценазухъ. Гьездасан лъала лъималазда гIагарал мугIрузул, кIкIалазул, гIоразул, гIодорлъабазул берцинлъиялъул хIакъалъулъ. Амма, кигIанго бокьичIониги, нилъер заманаялъул ахIвал-хIалалда школалъ загIиплъизабуна кIодояз ва кIудадабаз жидерго гъанситухъ лъималазул лъималазе кьолеб тарбиялъул кIвар. Масала, жакъа шагьаралда гIумру гьабулел нилъер лъималазул кIодоязда жидедагоги лъаларо рахьдал мацI, жидер заманалда гьел цIалидал шагьаразул школазда. Гьедин гьезул лъималазе ирсалъе щвечIо умумузул рахьдал мацI. Жакъагицин дандчIвалел руго цIалдохъанасул эбел-эмен, щайин заманги гIадада хвезабун, лъималаз рахьдал мацI лъазабизе кколеб, цIалул идарабазде лъугьунаго гьеб хIажалъуларелъул, цIалун рахъун, хъулухъалъулъ эхеде рахиналъеги гьелъул щибго кумек букIунарелъул. Цо-цоязин абуни, школазул директорзабазда гьарулеб буго рахьдал мацIалъул дарсаздаса жидер лъимал эркен гьарейилан, гьеб лъазабизе гьел регIун гьечIин гIиллаги рехсолеб буго. Гьел ракIчIун цере рахъунел руго, жидер лъималазе гIун бугин гIурус мацI ва цогидалги ЕГЭ кьезе кколел дарсал лъазари. Бихьурарищ цо-цо эбел-инсул пикруялъул мукъсанлъи, загIиплъи, инжитлъи.

Жакъа къваригIун буго лъималазда рахьдал мацI лъазабиялъул тIалабчилъиги жавабчилъиги, цебего гIадин, эбел-инсуде, хъизамалде тIаде кколеблъиялъе тадбирал ургъизе. ТIоцебесеб иргаялда, гьай-гьай, гьел тадбирал цIигьариялъул хIаракатчилъи цIикIкIинабизе ккола гьеб иш жидеда тIаде кколел пачалихъиял идарабазги.

Гьел тадбираздалъун тIуразе кколеб кIигониги масъала лъугьинабулеб буго жакъасеб ахIвал-хIалалъ.

ТIоцебесеб – магIарулазда чан проценталда жакъа жидерго рахьдал мацI лъалеб бугеб? КIиабилебги – кинаб даражаялда гьезулъ каламалъулаб рацIцIалъи бугеб?

Жакъа бугеб ахIвал-хIалалдасан бихьулеб буго миллияб мацI лъалезул ва гьеб мацIалда кIалъалезул къадар цIикIкIунеб гьечIеблъи, гьелъул гIаксалда, соналдасасоналде дагьлъулеб букIин. Гьанибго абизе ккола гIемерисел дагъистаниял гьаб заманаялда кIиго мацIалда кIалъалелллъун лъугьун ругилан. Гьелъул бицани, гIурус мацIалъ кIалъалезул къадар цIиккIунеб буго, рахьдал мацIалда кIалъалезул – дагьлъулеб буго.

Шагьаралда ва росдада гьоркьоб бугеб рукIа-рахьиналъул батIалъиялъ рачунел руго шагьаралъулазги росабалъ гIуразги рахьдал мацI жидер каламалъулъ хIалтIизабиялъулъги цIикIкIараб батIалъи лъугьунеб букIиналде. Амма дагьабниги

рекIелъе рохел лъугьинабула росабалъ миллияб мацI цIуниялъул иш гIезегIанго щулалъун хутIун бихьидал.

Цогиги гьаб заманаялъе хасиятаблъун лъугьун буго батIи-батIиял миллатазул гIадамал жидерго хIалтIуда, жамгIиял бакIазда, транспорталда рекIараб мехалда гIурус мацIалда кIалъазе кколел рукIин. Жидерго рокъор гьезул цо-цоял рахьдал мацIалда кIалъалел рукIиналъги рекIелъе рохел лъугьинабулеб буго, мацI тIубанго тIагIиналъул хIинкъиги дагьлъулеб буго. Амма гьанжесеб гIелалъул васалги ясалги, гьединго лъималги жидерго рокъор гIурус мацI бицине ругьунлъун руго, гьезие гьеб гIадатияблъун, бигьаяблъун лъугьун букIиналъ рекIел рахIат хвезабичIого хутIулеб гьечIо.

Шагьаразулал школазда цIалулел лъималазда рахьдал мацI къадарго гурони лъалеб гьечIолъиялъе ункъо батIияб гIилла буго.

ТIоцебесеб – рокъоб гьеб бицунеб гьечIолъи.

КIиабилеб – жидер миллаталдехун рокьи, гьелдаса чIухIи рекIелъ гьечIолъи.

Лъабабилеб – миллияб мацI малъиялъул даража гIодобегIанаб букIин.

Ункъабилеб – рахьдал мацI малъиялъул методикаялъул лъикIал тIахьал гьечIолъи.

Гьел киналго гьанир рехсарал гIиллаби цоцазда хурхарал руго. Гьеб гьедин букIиналде рачунеб нухги цо буго. Рахьдал мацI малъи къваригIунеблъун рикIкIинчIого, гьелдехун тIаса-масагояб бербалагьи гьаби ва гьеб иш жидеда тIаде кколел гIадамазул жидедехунги цогидаздехунги тIалабчилъиги жавабчилъиги гьечIолъи.

Миллиял мацIал цIуниялде, цIалдохъабазда гьел малъиялде ва церетIезариялде тIадехун рехсараб бербалагьи букIиналъ дагъистаниязул мацIазда сверухъ лъугьунеб буго гIадамазул рекIел рахIат хвезабулеб ахIвал-хIал. ГIадада гуро жамгIиял бакIазда, транспорталда, шагьаразул къватIазда рахьдал мацIалда кIалъай къанагIанат гурони рагIулеб гьечIеб. Цоги гьелъул хIасил – шагьаразда гIумру гьабун ругел гIемерисел дагъистаниял, хасго гIолилал жидерго рокъорги рахьдал мацIалда кIалъалел гьечIо.

Россиялъул цогидал халкъазулго гIадин, дагъистаниязул гIумруялъулъги кIвар бугеблъун лъугьун буго гIурус мацI лъай. Дагъистаниязе ва Россиялъул Федерациялъул цогидал миллатазеги гIурус мацI буго гьеб цогояб ва цоцалъ гъункараб улка букIиналъе аслу-кьучIлъун. Гьелде тIадеги гIурус мацI лъугьун буго нилъер улкаялъул киналго халкъазул цоцаздехун хурхен-бухьеналъул мацIлъунги.

Гьаниб гьоркьоб биччазе бегьуларо гьадинаб пикру. Жиндирго рахьдал мацI лъазабиялдалъун лъимер кIудияб гIола жиндирго халкъалъул гIадатазул ва къанунazул къиматги къадруги цIунун. Гьединазда гъваридго ва мухIканго лъала жиндирго умумузул гIумру, гьезул бахIарчияб тарих, гьез нахъа тараб мисал босизе мустахIикъаб ирс. Гьелъул цIикIкIараб кIвар буго, щайин абуни, рахьдал мацI лъачIони, гIагараб халкъалдехун ва гьелъул цебеселдехунги гьанжеселдехунги ва букIинеселдехунги гIолилазул пикру буссунаро.

Жакъа Дагъистаналъул халкъазул аслиял масъалабазул цояблъун ккола рахьдал мацIал цIуни ва церетIезари, щай гурелъул рахьдал мацI бугелъул халкъалъул рухIияб культураялъул хазиналъун. Миллияб мацIги цIунани, гьеб мацIалда кIалъалел гIадамалги ругони – кигIан гьитIинаб букIаниги, гьеб миллат тIубанго тIагIине гьечIо.

Нилъеда ракIчIун лъазе ккола тIолабго инсаниятalъе кIвар бугеблъун букIин дуниялалъул анлъазарго мацIалда гьоркьоса цониги мацI тIагIинчIого хутIи. ГьитIинаб миллаталъул букIа, кIудияб халкъалъул букIа – жидерго миллаталъе яги халкъалъе гьеб буго бищунго бечедаблъун, бищунго берцинаблъун, гьай-гьай, бищунго хирияблъунги. Щибаб мацI рикIкIуна гьеб мацIалда кIалъалезул рухIияб бечелъи гIасрабаз цIунулеб бищунго гучаб алатлъун. Амма ЮНЕСКОялъул баяназда рекъон, дуниялалда бугеб анлъазарго мацIалда гьоркьоса гIага-шагарго лъабазарго мацIалда кIалъалел гIадамазул ахирисевги дуниялалдаса ине вуго гIагараб заманаялда. Щибаб мацI цIуниялде ва цебетIезабиялде тIамулел галабаз квербакъи гьабулеб буго тIолабго дуниялалъул гIадамазул маданияталъул ва мацIазул гIадататазулгун лъай-хъвай лъугьиналъе гуребги, гьел цоцазда ричIчIиялъе ва гьез

цоцазулгун ракълида гIумру гьабиялъеги. Гьединлъидал чара гьечIого хIажатаблъун лъугьун буго рахьдал мацIалде цIикIкIараб кIвар кьей. Щибаб мацI бечедаб буго жиндирго тарихалдалъун, маданияталдалъун ва хъвай-хъвагIаялдалъунги.

Халкъалъ унго-унголъун кIвар кьуни, хун бугин, тIагIун бугин рикIкIунеб букIараб мацI цIилъизабизе, цIидасан чIаголъизабизе кIолеб букIиналъе мисаллъун лъугьана жугьутIазул мацI иврит. ЖугьутIазул некIсияб мацI иврит кIиазарго соналъ гIадамазда гьоркьоб хIалтIизабичIого хутIун букIана. Амма гIалимзабазул хIаракаталдалъун гьеб цIунун хутIун букIана диниял тадбиразе рухIаниязул идарабазда. КIудияб ВатIанияб рагъдаса хадуб Израил пачалихъалъул жугьутIал цолъизариялъе квербакъи гьабуна гьелъ. 1948 соналда байбихьана Израил пачалихъалъул киналго школазда лъималазда иврит мацI малъизе. Гьеб мацIалда кIалъазе байбихьана Израилалде гочарал киналго жугьутIаз.

Рахьдал мацI лъай – гьеб кколаро гьелъул тIолалго рагIабиги, грамматикаги лъалеб букIин ва гьеб мацIалда кIалъазе бажариги. ГьитIинаб лъимералъ жиндирго рахьдал мацI лъазабулеб бугеб мехалъ дуниялалдехун гьелъул гьоркьоблъи лъугьуна гьеб мацIалъул рагIабазулъан, батIа бахъизе лъала щибаб рагIиялъул битIарабги хъвалсарабги магIна. Нилъеда сверухъ бугелъул бицин гуребги, мацIалъул рагIабазул кумекалдалъун пикрабазулъ сурат бахъула гьитIинго нилъеда лъарал рагIабазул, батIи-батIиял пасихIал калимабазул кумекалдалъун. Масала, гIолохъанав гIурусас жиндиего йокьулей ясалда абиларо мун жиндир мокъокъ (куропатка) йигилан. Рахьдал мацIги лъачIого хутIун, цогидаб мацI лъазабулеб мехалъ, захIмалъаби дандчIвала чияр мацIалъул рагIабаздалъун сверухъ бугелъул сурат бахъиялъулъ, хIатта гьеб бажаричIого хутIизецин бегьула.

Ахиралдаги цоги нухалъ рехселин, мацI цIуниги ва гьеб цебетIезабиги пачалихъияб кIвáралъул иш бугин тIолабго дуниялалъул даражаялда. Кинин абуни, щибаб мацI кIудияб халкъалъул букIа, гьитIинаб миллаталъул букIа – батIалъи гьечIого, гьелъул гIадамаз гIуцIараб гIемерго къиматаб хазина ккола. Рахьдал мацIалдаса инкар гьаби инсанасе ккола жиндир цебеселъул, гьанжеселъул, букIинеселъул цо бутIаялдаса жиндирго напс махIрум гьабилъун. Цогидаб мацIалде вачIин гьесие захIмалъула, цогидаб улкаялде гочиналдаса ва гьениб гIумру гьабизе лъугьиналдаса. Нилъеца рахьдал мацI цIунизе ккола, гьеб бугелъул цебехун арабги, гьединго хадусебги гIелалъул гIумруялдехун нилъ рухьараб рахсил цо гIекIлъун.

Цоги нухалъ такрар гьабуниги, нилъер мацI цIуничIони, цIунизе кIоларо гьеб халкъ тIубанго дуниялалдаса тIагIиналдаса. Гьеб масъала, гьай-гьай, бараб буго гьеб мацIалда кIалъалел гIадамазул гIагараб мацIалдехун бугеб бербалагьиялда. Жиндир мацIалдаса халкъалъ, миллаталъ инкар гьабулеб бугони, гьеб цIунизе кумек гьабуларо хIаракатчагIазул жигаралъ ва гьелда хурхараб къануналъ. Цоги рахъалъ босани, къватIисахун асаралдалъун, ахIвал-хIалалдалъун халкъалъухъа гьелъул мацI бахъизе бажаруларeблъиги якъинаб буго, гьеб мацIалда кIалъалеб халкъалъ ракIчIун абулеб бугони, жидее жидер рахьдал мацI хIажат бугин, гьелдаса инкар гьабизе ракIалдаги гьечIин.

Рахьдал мацIги гъваридго лъалеб бугони, гьелъул адабияталъулаб аслу-кьучIалдаса кьурулелги гьечIони – гьеб ккола дуниялалъулго маданияталъул цо бутIалъун. Гьединлъидал рахьдал мацI цIуниялъе гIоло кьеркьей ккола нилъер халкъалда, миллаталда цебе бугеб бищунго тIадегIанаб борч, щай гурелъул гIагараб халкъ яги миллат тIубанго тIагIиналдаса гьелъ цIунулеб бугелъул.

Ахиралдаги абила жив магIарулавлъун вижун вукIиналдаса чIухIиги рохелги рекIелъ бугев цониги чиясул напсалъе къабуллъиларо рахьдал мацIалдаса инкар гьабизе.

***МУХIАМАДОВ МухIамад Ибрагьимович,***
***филологиял гIелмабазул доктор, профессор***






ГАМЗАТ
ЦАДАСА
1877–1951

Индекс годовой - 63333
Индекс полугодовой - 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун кквe* ***«Гьудуллъи».***

